

**HUROGWA
HWEKUTUNGAMIRWA
KWEMASANGANO
AKRISTU HURI
MUMAGWARO**

**BY
JIM MASSEY**

**Published by
World Literature Publications
Winona, Mississippi**

© Copyright, 1985 - WORLD EVANGELISM PUBLICATIONS

Zvakatanga kuDhindwa, kuIndia

Art Work, India

Zvakadhindwa Kechipiri, kuU.S.A. 1985

Kechitatu rakadhindwa, U.S.A. 1989

Rakagadzirwa mashoko, naKaye Hayes

This printing, 5000 copies, 2022 - Shona

InDesign Layout For Shona Translation:
Shane Fisher

Rakazonyorwa mururimi rwechishona naTomson Mlawuzi

Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

(+263) 772941890

Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure:

(+263) 772625642

Manyame Park church of Christ

Box ZG 4

Zengeza

Chitungwiza

manyamepchurchofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

Printed by:

World Evangelism Publications

NHANGANYAYA

Tinokuchingamidza muchidzidzo cheHurongwa hweMasangano aKritsu. Ichi chidzidzo chakakosha. Bhaibheri rine kudzidzisa kwakawanda pamusoro pechidzidzo ichi.

Chidzidzo chega chega chine zvikamu zvitatu: 1. Pfupiso yezvidzidzo iyi ndiyo pfupiso duku, 2. Chikamu kana hurukuro yechidzidzo, uye, 3. mibvunzo mukupera kwechidzidzo.

Vadzidzisi vanofanirwa kushandisa “tsvakurudzo” semhando yekudzidzisa nayo. Ndimu duku dzepfupiso dzinofanirwa dzakatsanangurwa imwe neimwe. Izvi zvinogoneka kana chikamu chechidzidzo chakaverengwa nekunzwisiswa zvakanaka chidzidzo chisati chaitwa. Zvino mushure mekunge pfupiso dzakurukurwa zvakanaka, zvibodzwa zvepfupiso zvinofanirwa “kuongororwa” kana kudzokororwa kakawanda nevadzidzi vese kana kuti nenhengo dzese dzinene dziri muchidzidzo. Kuitwa kwakanaka kwepfupiso kunoita kuti iwe inorangarirwa.

Mibvunzo inovanikwa kwekuperedzesera inokwanisa kushandiswa nenzi dzakasiyana siyana: (1) Mudzidzi umwe neumwe anofanirwa kuzvipindurira pachake asati auya kuchidzidzo. (2) Mudzidzisi anofanira kuzoibvunza mushure mekunge vadzidzi vanzwisisa chidzidzo zvakanaka. Kana kuti (3) vadzidzi vanogona kuudzwa kuti vanyore mhinduro mushure mekukurukura chidzidzo. Vadzidzisi vanotarirwa kusarudza nzira yavanoda kana kuti zvinoenderana nemashandisirwo emibvunzo.

Vadzidzi vanofanirwa kushandisa maBhaibheri avo kuti vakwanise kunzwisisa ndima yoga yoga yapihwa. Rangarira kuti Bhaibheri ndiro roga rine masimba mumakereke aKritsu. Bhuku redzidzo rinokwanisa kuva risina kukuniswa richitaura zvisiizvo, asi Shoko raMwari rinotaura chokwadhi. Bhuku iri ringoripo pakukutungamira iwe kuzvidzidzo zveBhaibheri pamusoro pechidzidzo chemasimba ekufambiswa kwekereke.

Bhuku iyi inokwaniswa kushandiswa muzvidzidzo kana mukuzviverengera vega mukudzidza. Rinokwanisa kushandiswa nesangano kana kunze kwesangano. Chikumbiro changu kuti vose vachaverenga nekushandisa dzidziso idzi vaite kubudikidza nemunyengerero kunaMwari kuti vapihwe huchenjeri. Jesu anoti: “Muchaziva zvokwadi, nezvokwadi ichakusunungurai” (Johane 8:32).

Munyori

ZIVISO

Ndakazivana naJim Massey kwemakore akawanda. Zvakare ainge ari mudzidzisi vangu verurimi rwechiGiriki apo ndaienda kundodzidza pachikoro cheAlabama Christian College muMontgomery, Alabama, muU. S. A. Kubva panguva iyoyo, akazova anonzwa kuda kuita basa rehumishinari muNigeria neTrinidad. Akadzidzisa zvakare muLubbock Christian College nepaSunset School of Preaching, Lubbock, Texas, muU. S. A, uye parizvino arikudzidzisa paInternational Bible College yemuFlorence, Alabama, mu U. S. A.

Kubudikidza nekushanda kwakasiyana siyana mubasa rechimishinari, uye nekusangana nekushaikwa kwezvinyorwa muzvidzidzo zvakasiyana siyana kuti adzidzise zvidzidzo zvaiddikanwa zvakanyanya, ndipo akasvika mukubatsira kubudikidza nekunyora zvinyorwa zvinechitsama. Nokudaro, zvinyorwa zvake zvakava neudzamu munzvimbo zhinji dzenyika dzakasiyana siyana, uko zvakauza budiro neshanduko muvanhu. Iri rinova bhuku rekutanga rakatsikiswa muIndia, vaMassey vari munyori, asi ndinechivimbo kuti vamwe vachatevera. Tinoratidza kukosha kwaari nokuda kwekuita basa iri rivepo kwatiri uye ticharitumira kune vamwe tiine chivimbo chekuti richaita basa rakakura.

Sezvo kereke ichiri duku muIndia, uye ichiri muhurongwa hwekukura nekuva inokura pamweya, nokudaro bhuku rino rinotarisirwa kuita mabasa makuru sezvo richisimbisa hama kuti dzicherechedze zvinyorwa mukubva muhurongwa hwemavambo ekereke. Kurudziro haisi pahurongwa hunogadzirwa nemaitiro avanhu, asi kubva kumaitiro anobva kunaIshe. Kutitave kereke yaKritsu tinofanirwa kuteedzera muenzaniso veZvinyorwa. Panguva imwechete bhuku iri rinova rakanakisa kushamwari dzedu dzezvitendero, nokuti mariri havaone bedzi hurongwa hwezvinyorwa zvekereke, asi rinovabatsira kuona kuti mamiriro etsika dzehutorwa mukati memamiriro edzidziso dzinovanikwa mumakereke avo neayo anodzidziswa neBhaibheri. Kana munhu achinge acherechedza musiyano uyo anokwanisa kuzvisarudzira nzira yakanaka yaIshe pane nzira dzavanhu.

Ndinokukurudzirai kuti uverenga nekudzidza zvikamu zvebhuku rino uine Bhaibheri rako parutivi. Zvirokwazvo, munyori arikuzama kukusvitsa chaipoipo panotaura shoko raMwari kuti ugone kuona kuti izvi ndizvo zvaiddziswa muchikamu ichi. Mibvunzo yakaiswa mukupera kwechikamu choga choga mukubatsira kupa kohomedzo kupfungwa dzakakosha. Zvakare zvinokwanisa kushanda sekosi inodzidzwa kubudikida nekunyorera matsamba munhu ari kumba kana chidzidzo chekubhukisa cheBhaibheri.

Naizvozvo ndinofara chaizvo nekusimbisa bhuku iri kwauri uye ndinonyengetera kuti richashandiswa pasirose. Kana zvirizvo rinenge raratidza kuva nezvibereko.

J. C. Choate
New Delhi
Kukadzi 29, 1986

ZIVISO YAKAPETWA YECHIPIRI

Takatsikisa Bhuku iri muIndia kuti rikwanise kusangana nezvinhu zvaidikanwa. Tinokurudzira kudzidzwa kwebhuku iri nedungamunhu, kuti rikwanise kuzoshandiswa muzvidzidzo, uye kushandiswa sezvidzidzo zvinotumirwa kune varikure kubudikidza nekunyorerana tsamba. Kereke yapaNew Delhi yakaona chidzidzo ichi chichivabatsira mukuita zvidzidzo zvavo zveBhaibheri zvemanheru muzvitatu. Zvakare tinozviturira kuvanhu vakapoteredza India.

Bhuku iri ipfungwa yebasa rekuparidza. Rinobata padanho rose rehurongwa hwekereke nekupa mhinduro mumibvunzo yose inorererera kudingindira. Rinoratidza zvinodikanwa naMwari kuti zviitwe nevanhu vake pabasa rekusanangura hutungamiri mukereke. Handioni munhu achikwanisa kuverenga bhuku iri, pamwechete neTestamente Itsva, asingakwanise kubuda nepfungwa dzinovanikwa muMagwaro maringe nehurongwa hwekereke yaIshe.

Nokuda kwekudikanwa kwezvinyorwa zvakadai munzvimbo dzakativandei, nokuda kwekupiwa bvumo kubva kuna vaMessey, Tirikutsikisa Bhuku iri kuno. Toita kuti rikwanisike kuwanikwa nemutengo vakaderera kuvanhu kwose kwose, kunyangwe kutumira mamwe mazhinji kubasa reivhangeri pasirose pasina muripo. Tinotarisiro kuti zvinobatsira vazhinji vakatendeka mukudzidza kuda kwaMwari pamusoro pekereke.

Tinokukokai kuti muverenge uye nekudzidza zvidzidzo izvi nekutibatsira kurishambadza kuvanhu vakawanda kana zvichibvira.

J. C. Choate
Winona, MS
January, 1985

ZVIRIMUKATI

Chidzidzo 1

Simba Redu Nderei Muhurongwa Hwekerekere?8

Chidzidzo 2

Sei Tichifanira Kudzidza Hurongwa Hwekerekere?.....10

Chidzidzo 3

Pfungwa Dzekutanga Pamusoro Pehurongwa Hwekerekere13

Chidzidzo 4

Chii Chinonzi Kerekere? 14

Chidzidzo 5

Chii chinonzi kerekere yakazara?.....17

Chidzidzo 6

Kerekere Yakazara Inehurongwa Hwakaitasei?18

Chidzidzo 7

Kerekere Ine Hurongwa Hwakadii Panyika?.....20

Chidzidzo 8

Ndevapi Vaive MaApostora NemaPorofita?23

Chidzidzo 9

Kerekere Dzemunharaunda Dzine Hurongwa Hwakaita Sei?25

Chidzidzo 10

Ko Kerekere Dzemunharaunda Dzinozvimiririra Sei?.....28

Chidzidzo 11

Sei Mwari Vachida Kuti Masangano Azvimiririre?.....30

Chidzidzo 12

Kerekere Ingaenzaniswa Sei Nehutongi Venyika?33

Chidzidzo 13

Sei Vanhu Vachitevera Vatungamiri?.....35

Chidzidzo 14

Sei Kumira Semuenzaniso Kwakakosha Mukerekere?37

Chidzidzo 15

Ndiani Mukerekere Vangava Muenzaniso?39

Chidzidzo 16

Ndeapi Mabasa Nenzvimbo Dzavo Mukerekere?42

Chidzidzo 17

Ndeapi Mazita Anopihwa Vatariri?45

Chidzidzo 18

Sei Vatariri Nedzimwe Nguva Vasinganzwisike?47

Chidzidzo 19

Masekete Anokanganisa Sei Hurongwa Hwekereke?49

Chidzidzo 20

Makereke aKritsu Anokwanisa Kukanganisa Sei Hurongwa Hwekereke?
.....52

Chidzidzo 21

Ndedzipi Mhando Dzemasangano Dzatingatarisa Zvinobatika
Pakurongeka?55

Chidzidzo 22

Zvinotarisirwa Kuvatariri (I)57

Chidzidzo 23

Zvinotarisirwa Kuvatariri (II)60

Chidzidzo 24

Zvinotarisirwa Kuvatariri (III)..... 63

Chidzidzo 25

Zvinotarisirwa Kuvatariri (IV)66

Chidzidzo 26

Zvinotarisirwa neMabasa Evabati69

Chidzidzo 27

Vatungamiri Vanorega kusarudzwa zvadii?.....72

Chidzidzo 28

Mweya Mutsvene Unosanangura Sei Vatariri?75

Chidzidzo 29

Mutongo VaMwari Kuvatariri78

Chidzidzo 30

Zviratidzo Zvenjodzi Muhurongwa Hwekereke82

Chidzidzo 31

Ko Huori Vakatangira Kupinda Sei Muhutungamiri Vekereke.....86

Chidzidzo 32

Tinofambisa Sei Musangano VeBhisimusi.....89

CHIDZIDZO 1

SIMBA REDU NDEREI

MUHURONGWA HWEKEREKE?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Kwete zvinoonekwa sokunge zvakanakisa.
2. Kwete zvinoitwa nevamwe.
3. Testamente Itsva Bedzi.

HURUKURO

1. *Kwete zvinoonekwa sokunge zvakanakisa.* Chidzidzo choga choga chinofanirwa kuve chichiratidza kunobva masimba acho. Mibvunzo yose inofanirwa kuva nehwaro kunovanikwa minduro. Kunofanirwa kuva masimba echokwadi ayo vanhu vose vanovimba navo kuva echokwadi. Sezvo chidzidzo chedu chiri chidzidzo chechitendero: “Simba redu nderipi mukudzidza hurongwa hwekereke?” Ndeipi hwaro ingashandiswa mukuzama kuwa nechokwadi kuti mibvunzo irikupihwa minduro dzechokwadi? Vamwe vanotaura kuti munhu vose anekodzero yekusarudza chero chaanofunga kuti chakamunakira muchitendero. Vanhu ava vanoti: “Chingoita chaunoona chakakunakira”. “Munhu vese anozvimirira. Tevedzera urongwa hunokuitira.” Asi mafungiro emunhu handiwo mafungiro aMwari mumabatiro ezvitendero. Bhaibheri rinoti: “munhu unofamba haagone kururamisa nhano dzake” (Jeremiya. 10:23). Munhu anoona nzira achiti seyakarurama; Asi kuguma kwayo inzira dzorufu (Zvirevo 14:12). Jesu anotaura kuti mitemo yevanhu inondinamata pasina (Mateo 15:9). Naizvozvo, munyaya yezvitendero mafungiro emunhu haana masimba. Muhurongwa hweKereke vanhu vazhinji vanovanzo kusimbisa kuti hurongwa hwavo hwakanaka. Vamwe ndiwo vanozvikudza kuti mafungiro avo ndivo akanakisa. Asi mafungiro evanhu haasi ekuvimba navo. Hatingazivi chokwadhi mukubvunza zvakatinakira mumaonero edu.

2. *Kwete zvinoitwa nevamwe.* Chinhu chechipiri pamusoro pemasimba ezvitendero ndezvinosanganisira zvinoitwa neruzhinji zvinofanirwa kunge zviri pachokwadi. Avo vanotenda mune hwaro yehutungamiri hwekereke vanokwanisa kutaura kuti vanhu vangani vanotevedzera hurongwa uyu kana kuti inguva yakareba sei hurongwa uyu hwakaitwa. Asi iyi ndeimwe yepfungwa isiyo yemasimba muchitendero. Pfungwa dzeruzhinji hadzisisina kuva dzakavimbika pane pfungwa yemunhu mumwechete. Jesu anotaura kuti vazhinji vanofunga kuti varimugwara, asi haavazivi (Mateo 7:22). Vazhinji ndivo vanotevera munzira dzinoenda mukuparadzwa, vashoma ndivo vanotevera nzi-

ra inoenda kuhupenyu chinova chokwadi (Mateo 7:13,14). VaIsraeri vaidamambo kuti vaite sedzimwe nyika dzainge dzakavapoterredza. Asi nokudakwekuzama kuteedzera vamwe vakasvika pakuramba hurongwa hwaMwari hwemutemo vake pamusoro pevanhu vake (I Sameri 8:5-7). Kereke haifanirwe kutarisa kuvanhu vakaipoteredza nekuzama kuzvishandura kuita saivo. Kereke iboka rakadanwa (II Vakorinte 6:17). Rudzi rwakasanangurwa (I Petro 2:9). Huori huzhinji hurikuuya muhurongwa hwekereke yaIshe nokudakwevatendi vanoda kuita muitiro unoitwa nemasekete akawapoterredza. Vanoshuwira kuita zvirongwa nenzira dzinoteverwa nekufadza neruzhinji. Asizvinhu zvinoitwa nevamwe hazvisi zvinodikanwa muzvokwadi yaMwari.

3. *Testamente Itsva bedzi.* Mupimo mumwechete unotiratidza masimba muchitendero iTestamente Itsva. Kwete katekizimo kanodanwa kuti bhuku reminamoto yakajairika. Jesu ane masimba ose kudenga nepanyika (Mateo 28:18). Akapa Mweya Mutsvene kuti uchengetedze vaapositora Vake muzvokwadi yose (Johane 16:13). Ndizvo, zvakanyorwa muZvinyorwa kuti zvakafuridzirwa naMwari uye zvakakwaniswa mubasa rose rakanaka reMaKritsu (II Timoti 3:16,17). Munhu haafanirwe kuvedzera kana kutapudza mubhuku raMwari (Zvakazarurwa 22:18,19). Munhu vese anofanirwa kugara mudzidziso dzaKritsu kwete kudarika padziri (II Johane 9,10). Vanhu havafanirwe kushandura kana kukanganisa Evangeri (VaGaratia 1:7-9). Zvinofanirwa kunzwisika zvakare kuti, Testamente Yekare haisi inemasimba eMaKritsu. Asi ingori muperekedzi vedu kusvika mukutenda munaKritsu kwasvika, asizvino vanhu havachiri pasi pemuperekedzi (VaGaratia 3:24,25). Mutemo vakabviswa pakatipedu vakaroverwa pamuchinjikwa (Vakorose 2:14). MaKritsu zvino awekurarama ari pasi pesungano itsva uye inopfuura nokunaka, inova Testamente Itsva yaIshe vedu Jesu Kritsu (VaHeberu 8:6-13). Chidzidzo ichi chehutungamiri wekereke unokudza Testamente Itsva kuwaiyo bedzi simba rakafuridzirwa kubva kuna Mwari. Zvinhu zvakanyorwa muchidzidzo ichi zvinofanirwa kutariswa kubva mubhaibheri kuti zvikwanise kuonekwa kana zvirizvo (Mabasa 17:11). Nzvera mudzidzisi vese uye dzidziso dzose nesimba rinobva kuShoko raMwari (I Johane 4:1). Nhasi uno hatikwanise kuvana simba raMwari muvanhu asi muZvinyorwa. Izvo bedzi zvakaraidzwa muBhuku raMwari zvakaraidzwa naMwari. Tinofanirwa kurwira kutenda kwakapihwa vatsvene kamwechete kamwe kunavose muBhaibheri (Judha 3). Tinofanirwa kutaura, saanenge: “ari mashoko aMwari arikutaura” (I Petro 4:11). Nokuti Mwari haazi Mwari wenyonganiso, asi worugare (I Vakorinte. 14:33). Avo vanoremekedza simba raMwari vanodzidzisa izvo Bhaibheri rinodzidzisa nekuramba kudzidzisa zvinhu zvisina kusimbiswa kana kupihwa mvumo

muzviZvinyorwa. Vanhu vaMwari vanofanirwa kutaura panotaurwa neBhaibheri nekunyarara parinenge rakanyarara. Vanofanitwa kuita zvinhu zverimaringe neBhaibheri mumaitire anoitwa muBhaibheri pamwe nekudadana zvinhu zvemuBhaibheri nemazita emuBhaibheri. Zvine kuremekedza Inzwi raMwari sechipimo chesimba muchitendero, unokumbirwa kudzidza zvinotevera pamusoro pehurongwa hwekereke. Ongorora chinyorwa chimwe nechimwe kubva MuBhaibheri rako, rinova Inzwi raMwari neInzwi reChokwadi (II Timoti 2:15).

MIBVUNZO

1. Pfungwa dzevanhu dzine masimba here michitendero? _____.
2. Ipa zvinhu zvitatu zvakanyorwa zvinoita kuti munhu afunge kuti zvaanofunga zvakarurama _____.
3. Mitemo yevanhu inoumba kunamata _____.
4. Zvido zveruzhinji zvakavimbika here? _____.
5. Nyora zvinyorwa zviviri zvinoratidza munhu anokanganisa _____.
6. VaIsraeri vaidamambo akaita se _____.
7. Ipa zvinyorwa zviviri zvinotaridza kuti kereke haina kubatana _____.
8. Simba raMwari rinowanikwa muvanhu here nhasi _____.
9. Nyora zvinyorwa zviviri zvinoratidza kuti tinofanirwa kupa humboo kubva muZvinyorwa _____.
10. Nyora zvinyorwa zvisere pamusoro pekukoshesa kwesimba muchitendero _____.

CHIDZIDZO 2

SEI TICHIFANIRA KUDZIDZA HURONGWA HWEKEREREKE?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Mavambo ekutanga kubuda mukutenda mumamasangano.
2. Kuzvikudza kwevanhu kunoodza hutungamiri.
3. Makungano anovanzo kuva akarurama kana kuipa kubudikidza nehutungamiri hunenge huripo.

HURUKURO

1. *Mavambo ekutanga kubuda mukutenda mumamasangano.* Bhaibheri rakafanotaura kutsauka kwaizoitwa kubva pakutenda (I Timoti 4:1). Vamwe vanonzi vach-

achinja nekukanganisa Evhangeri rezvokwadi (VaGaratia 1:6-9). Muapostora Paulo anopa chenjedzo kuvatariri vekereke kubva kuVaEfeso kuti vazvichenjerere pamwe neboka ravakaitwa vatariri (Mabasa 20:28). Anovaudza kuti vapezvokudya kuboka iri inova Kereke kana kudzidzisa nhengo dzaro nekuti dzidziso dzenhema dzichauya. Vadzidzisi venhema vachamuka pakati penyu vachatungamira vadzidzi vazhinji mukuvabudisa mukereke yaKritsu iyo akatenga neropa (Rake Mabasa 20:28-30).

Tinodzidza munhorondo yekereke kuti mushure memakore mashoma chiporofita ichi chakazadziswa. Vanhu vakatanga kutsauka kubva mukutenda. Vadzidzisi venhema vakatanga kutungamirira vatevedzeri mukutsauka. Vatumgami vemakerereke vakatanga kupa kutungamirira nekupa mitemo Mwari asina kumbobvira ataura. Vakatanga mhando dzemasangano akawanikwa muRoma kereke yeKatoriki uye nemasekete. Hutungamiriri hwekereke hwakatanga kuita kuora.

Chimwe chezvinhu chakaita kuti vanhu vasiye Bhaibheri inyaya yehurongwa hunechekuita nehukuru mukereke. Vatariri vakatanga kutonga masangano mazhinji. “Mabhishopi” akatanga kutonga vatariri. Varume vakaenderra mberi mukushandura hurongwa hweBhaibheri pamusoro pehutungamiri hwekereke kusvika pazosarudzwa Popu. MuBhaibheri hamuna Popu asi varume vakatsauka pakutenda.

Kwagara kuine njodzi kuti vanhu vanoisa mukuipa hurongwa hwechokwadi hwekereke. Pose panouya kutsauka, kazhinji kunotangira kuvatumgami. Ndosaka kudzidza pamusoro pehurongwa hwekereke kuchidikanwa. Kubudikidza nekunzwisisa kuti vamwe vakatsauka sei pakutenda zvinotibatsira kuzvenga zvikanganiso.

2. *Kuzvikudza kwevanhu kunoodza hutungamiri. Kuzvikudza chido chekuda kuzvirumbidza.* Uyu unova muedzo mukuru kune mutungamiri. Apo munhu anoita mupikisi, anoda chinzwimbo chikurusa. Kana mutungamiri aine masimba, anoda zvakare rimwe simba pamusoro pesimba. Ndosaka hutungamiri mukereke hurinyore kun’oreswa.

Varume vakafanana mumazera ose. Kuzvikudza injodzi kumunhu vese. Amai vevaapostora vaviri Jakobho naJohane vaidza kuti vanakomana vavo vagare kurutivi rwaJesu muUshu (Hwake Mateo 20:20-28). Varume vose vanoda masimba. Tinoda zvinzwimbo zvine mukurumbira. Masikirwo emunhu haashanduki.

Ndosaka njodzi yekutsautsa hurongwa hwaMwari hwekutonga kereke irinjodzi huru pakati pedu. Vazhinji vanopinda mukereke nhasi vaine chivimbo chekuzoitwa mutungamiri. Vazhinji vanova nhengo kana vachinge vavimbiswa

kuzopihwa chizvimbo. Varume kazhinji havafadzwe nekuwa varanda vanozvinipisa mukereke. Pachinzvimbo chekuzvinipisa varume vanotsvaka kuva nemasimba makuru aangakwanisa kuvana. Vanotsausa hurongwa hwaMwari kuti vakwanise kuzvigadzirira nzvimbo yakura pachezvavo. Kuzvikudza kwemunhu kurinyore kutsaura hutungamiri hwekereke.

3. *Makungano anovanzo kuwaakarurama kana kuipa kubudikidza nehutungamiri hunenge huripo.* Muapotsora Pauro akaona izvi apo aidana vatariri kubva kuEfeso kuti ataure navo Rake Mabasa 20:17-30 Aiziva kuti kereke zhinji dzaitevera vatungamiri vakarurama uye nekuva kereke dzakasimba kana kutevera vasinesimba kana kutevera vatungamiri vakaipa dzikava kereke dzakaipa. Ndosaka hurongwa hweMweya Mutsvene huri hwevatariri vakatendeka kana kuva vatariri mukereke imwe neimwe Mabasa 20:28. Vatungamiri vakasimba vanovaka kereke yakasimba.

Asi hutungamiri hwakanaka haungauye pasina kushanda nesimba. Hunowepo kubudikidza nekudzidzisa nekuita. Vatungamiri vevanhu vaMwari vanofanirwa kunge vakagadzirirwa nekuva vakadzidziswa zvemhando. Basa ravo ibasa rakakosha panyika.

Pauro anoraira Timotio kuti adzidzise pamusoro pezvinhu zvaainge akadzidza kuvarume vakarurama vanokwanisa kudzidzisavo vamwe (II Timoti 2:2). Kudzidzisa varume vanokwanisa kudzidzisa vamwe hurongwa hwaMwari hwehutungamiri. Nokuda kwezvikonzero izvi, kudzidzwa kwevidzidzo zvehurongwa hwekereke zvakakosha.

MIBVUNZO

1. I Timoti 4:1 yakafanotaura kuti vamwe _____ kubva pa_____
2. Garatia 1:7 inotaura kuti vamwe varipo _____ vachida _____ evhangeri _____.
3. Mabasa 20:17 inotaridza kuti Pauro akandodana va_____ ve _____.
4. Mabasa 20:28 inotaura kuti akavaudza kuti vazvichenjerere _____ kuti vafudze _____.
5. Mabasa 20:29 inotaura kuti _____ achapinda pakatipenyu asingaregi _____.
6. Bhaibheri rinotaura pamusoro paPopu kuva mukuru vekereke here? _____.
7. Muna Mateo 20:20 amai va_____ vakapa chikumbiro kuna Jesu.
8. Kuzvikudza kwemunhu nhasi kunenjodzi sezvazvaimbova munguva dze-pakutanga? _____.

9. II Timoti 2:2 inotaridza kuti avo vaidzidziswa vaikwanisa ku _____.
10. Vatungamiri vakanaka vanounza zvibereko _____ mukereke; vatungamiri vakashata vanounza vanounza zvibereko _____ mukereke.

CHIDZIDZO 3

PFUNGWA DZEKUTANGA PAMUSORO

PEHURONGWA HWEKEREKE

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevatungamiri.
2. Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevateveri.
3. Boka rimwe nerimwe rinofanirwa kuratidza kupa kubatana kunerimwe.

HURUKURO

1. *Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevatungamiri.* Jesu nguva nenguva ainzwira tsitsi pamusoro pechaunga chaivanzomutevera nokuti vaiita semakwai asina mufudzi (Mateo 9:36). Kunyangwe mapoka emhuka dzakaita semakwai anofanirwa kuwavo nevatungamiri. Zvimwechete zvinofanirwa kuvepo kumapoka evanhu. Mwari akaona kuti mhuri inodiwa mutungamiri, nokudaro akasika murume ari mutungamiri (VaEfeso 5:23). Nyika dzinofanirwa kuva nevatongi, uye Mwari akagadza kuti pawe nemadzimambo nemakurukota (I Petro 2:13,14). Boka revashandi rinoita basa rakanaka kana richinge riine hutungamiri wakanaka. Zvinhu izvi zvinotiratidza kuti hurongwa hwaMwari hwehutungamiri mukereke hurongwa hunonzwisika. Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nehutungamiri.

2. *Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevateveri.* Jesu anotaura kuti, guta rimwe nerimwe rinozvipesanisa haringamiri (Mateo 12:25), Kunyangwe kuvatungamiri wakanaka, boka rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevateveri vakanaka. Zvinotevera zvakanakosha mukubudirira kwesangano sekutungamirira. Pamwe pachu varume hawacherechedze vateveri sevanhu vakakosha zvakananyanya. Asi chii chakanakosha kuvatungamiri vasina vanhu vekutungamira? Vateveri vanoda kudzidziswa kuti vangatevera sei. Mwari anotaridzira avo vanotevera kuva vateveri vakanaka. Vanofanirwa kudzidziswa kuti vanotevera sei.

3. *Boka rimwe nerimwe rinofanirwa kupa mushandira pamwe kunerimwe.* Vatungamiri vakanaka nevateveri vakanaka vanoziva kuti vangashandidzana sei pamwechete. Vatungamiri vanofanirwa kuziva basa ravo zvakanaka pamwe nevateveri vavo. Umwe neumwe zvakanaka unofanirwa kunzwisika zvaano-

fanirwa kuita uye kuti ndezvipi zvinhu zvaasingafanirwe kuita. Vatungamiri vanofanirwa kuremekedza nzvimbo dzevateveri, uye vateveri voremekedza basa revatungamiri. Izvi zvinouyisa ukama hwakanaka pakati pevanhu vose. Bhaiberi rinofananidza hurongwa hwekereke nemuviri vemunhu. Muviri une mitezo mizhinj, asi mitezo yose yakakosha yakakosha kumuviri vose (VaKorinte 12:12). Tsoka haingazvione seisina kukosha nokuti haisi ruoko ndima ndima. Kana kuti ziso kutaura kuruoko kuti haridi ruoko. Kunyangwe mitezo mudukusa vakakosha pamuviri ndima yemukati 20-26. Zvino zvinhu izvi ichokwadi chakafanana nemuviri vaKritsu, inova kereke ndima yemukati 27. Hapafanirwe kuvepo neshanje pakati pevatungamiri nevateveri. Pano fanirwa kuva nekunzwisisa kwevatungamiri kuvateveri. Nhengo dzose dzinofanirwa kushanda pamwechete mukuita zvakanaka mumabasa ayo mumwe neumwe anokwanisa kuita. Bhuku iri richawa chidzidzo chekutungamira, kutevera, uye kuitwa kwemushandira pamwe.

MIBVUNZO

1. Mateo 9:36 inotaura kuti ruzhinji_____ uye vainge_____ mhiri kusina vasina mutungamiri.
2. VaEfeso 5:23 inotaura kuti murume musoro ve _____.
3. I Petro 2:13,14 inotaura kuti tizviise pasi pemurairo pe_____ uye_____.
4. Mateo 12:25 inotaura kuti imba yose_____ inozvipesanisa hainga_____.
5. I VaKorinte 12:12 zvakananana kuti nhengo dzekereke_____ ye_____.
6. Vashandi vanoda vatungamiti here? _____
7. Kutevera kwakakosha here mukereke? _____
8. Nderipi inzwi rinoreva kishanda zvakanaka?_____
9. Nhengo duku hadzina kukodha here mukereke? _____
10. Chii chinonzi muviri vemweya vaKritsu? 22_____

CHIDZIDZO 4 CHII CHINONZI KEREKE?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Kereke iri murenje.
2. Kereke yese kana kuti muviri vaKritsu.

3. Sangano yemunharaunda.
4. Gungano.

HURUKURO

1. *Kereke iri murenje.* Inzwi rekuti “kereke” rinoreva “bhoka revanhu vakadanwa.” Hazvirevi chivakwa. Sauro vekuTarsusi paaitambudza “kereke” kubudikidza nekushungurudza varume nevakadzi” (Mabasa 8:1-3). Nhengo dzesangano ndiyo kereke. Asi havasi vose varume nevakadzi vangava kereke, asi avo bedzi vanhu vakadanwa.” Apo Bhaibheri rinoshandisa inzwi “kereke” nguva dzose rinenge richitaura pamisoro pevanhu avo “vanenge vakadanwa.” Stefano aiparidza pamusoro pevaIsraeri vainge vakadanwa kubva muEgipita kuunzwa murenje. Vanhu ava vainge vakadanwa kubva muuranda nemuusungwa, saka aivadana kuti “kereke yemurenje” (Mabasa 7:38). Izvi zvinotibatsira kuva nechirevo chaicho chenzwi rekuti “kereke.” Ichokwadi, boka iri rainge rakadanwa munguva iyi harisi kereke yemuTestamente Itsva inova kereke yaKritsu. Asi kuti vainge vakabhabatidzwa muna Mosesi kubudikidza nekuyambuka Gungwa Dzvuku pasi pemakore (1 Vakorinte 10:1,2). Kereke iyo Jesu akawaka haina kuuya kusvikira mushure mekuuya Kwake panyika nekudzokera Kwake kudenga (Mateo 16:18). Chitendero cheTestamente Yekare chaiva chitendero chechiJudha (VaGaratia 1:13,14). Chainge chisiri ChiKritsu, asi kuti chaive mugadziri veChiKritsu (VaGaratia. 3:24, 25).

Uyezve, kereke inotaurwa neBhaibheri haasi masekete. Painge pasina masekete munguva yekereke yemuTestamente Itsva. Masekete ose akatangwa nevanhu kubva munguva iyo Jesu ainge atovaka kereke yake kare. Masekete kupesana kwakatangwa nevanhu kunosiyana nedzidziso dzemuBhaibheri dzinokurudzira humwechete (Johane 17:20,21). Kupesana uku kwakatangwa kusimuka apo vatendi vakatanga kutevera vadzidzisi vavo (nekuzvidana nemazita avo) pane kudanwa nezita raKritsu (I Vakorinte 1:10-13). MuBhaibheri, zvakanyatsonakanaka kereke nguvadzose iboka revanhu vakadanwa. Haizi chiwakwa kana sekete. Kereke yaiva murenje raive boka remaJudha ainge akadanwa.

2. *Kereke yese kana kuti muviri vaKritsu.* Kana tikaenda kuTestamente Itsva tinodzidza nezvekereke yaKritsu. Jesu akataura, “Ndichavaka kereke yangu” (Mateo 16:18). Bhaibheri rinobva rati, kereke iyi yakatengwa neropa raKritsu (Mabasa 20:28). Akaida akazvipa nokuda kwayo (VaEfeso 5:25). Munhu vese anenge aponeswa anovedzerwa (Mabasa 2:47). Inodanwa kuti muviri veMweya vaKritsu, uye Ndiye musoro vemuviri (Vakorose 1:18,24). Boka iri rinogadzirwa nemaKritsu ose, rinova boka rechokwadi “revakadanwa.”

Vanova vakabudiswa kubva murima kuunzwa muUshe hwaKritsu Vakorose 1:13. Vakabuda muzvinhu zvenyika nekuva vanhu vakazvitsaura (II Vakorinte 6:17). Boka iri revakadanwa Bhaibheri rinoridana kuti kereke kana kuti muviri vaKritsu.

3. *Sangano remunharaunda*. Imwe nzira inoshandiswa neTestamente Itsva inzwi rekuti “kereke” rinoratidza kuboka resangano revanhu vakadanwa mumusha kana muguta rimwechete. Tinoverenga “nezvekereke yaMwari yaive paKorinte” (I Vakorinte 1:2). Tinoona kuti “makereke manomwe aive kuAsia” aive masangano manomwe aive mumaguta manomwe ekuAsia, Zvakazarurwa 1:11. Pauro anotumira kukwazisa kubva kusangano remunharaunda apo anoti, “Kereke dzose dzaKristu ndinokukwazisai”, (VaRoma 16:16). Boka revatendi vakadanwa munechero nzvimbo ikereke yemunharaunda iyoyo.

4. *Gungano*. Inova nzira yechina Bhaibheri rinoshandisa inzwi rekuti “kereke” richitaura gungano. Apo vanhu vanodanwa kubva mudzimba kundopin-da kugungano, vanodanwa kuti Kereke. Rangarira nguvadzose kuti “kereke” zvinoreva “boka revanhu vakadanwa.” Pauro anotaura pamusoro pekereke” yainge ichiungana pamwechete muna I Vakorinte 14:23. Anotaura kuti vanhukadzi vanofanirwa kudzidza nokunyarara mukereke” (pagungano). Manyadzo kuti munhukadzi ataure “mukereke” (paungano). Ndimba dzemukati 34-35. Gungano iboka remaKritsu akadanwa anoungana pamwechete musangano.

Ndidzo nzira ina dzinoshandiswa inzwi rekuti “kereke” muBhaibheri. Nguvadzose “boka revanhu vakadanwa” rinogadzirwa. Chikumbiro ndechekuti murangarire zvinhu zvina izvi zvinoshandiswa patinodzidza hutungamiri hungaitwa mukuenderera mberi nekudzidza. Zvakare nguvadzose ngatirangarire kutaura panotaura Bhaibheri tonyarara parinonyarara. Kukanganisika kuzhinji kunokwanisa kudziviswa kana tikakwanisa kutaura kereke semataurirwo ainoitwa muBhaibheri. Ngatirasei mafungiro atinoita makereke ayo asingaonekwe muBhaibheri.

MIBVUNZO

1. “Kereke” zvinoreva _____.
2. Kereke yemurenje yainge yakadanirwei? _____
3. Kerekeyaivemurenjeyakafanana herenekerekeyaKritsu? _____
4. Masekete akatangwa naKritsu here? _____
5. Johane 17:21 anotaura kuti tive vamwe se _____ uye _____ vamwechete.
6. I Vakorinte 1:10 inotaura kuti kurege _____ pakati penyu.

7. II Vakorinte 6:17 inotaura “saka _____, ndizvo zvinotaura Ishe.”
8. I Vakorinte 1:2 inotaura pamusoro pekereke yaMwaripa _____.
9. Ndeipi kereke inofanirwa kunge ine vanhukadzi vanofanira kudzidza nekunyarara mukereke? _____
10. Kereke yose inodanwa kuti mu _____ vaKritsu.

CHIDZIDZO 5

CHII CHINONZI KEREKE YAKAZARA?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. MuKritsu vose ari pasipa Kritsu, anova musoro.
2. Nhengo dzose dzakaenzana pasi paKritsu.
3. Rudo, zvizereko, nekubatana kune vose.

HIRUKURO

1. MuKritsu vose ari pasipa Kritsu, anova musoro. Chidzidzo chekupedzira chinodzidzisa kuti kereke inoumbwa neMaKritsu arimunyika. Kereke muviri vemweya vaKritsu unoumbwa nenhengo dzemasangano ose Jesu Kritsu ariye musoro vemuviri mukuru uyu (Vakorose 1:18,24). Kritsu ndiye chete Musoro kana Mukuru vemuviri vake, sezvakaita muviri yedu vanhu ine musoro mumwechete. Mukritsu vose ari pasi paKritsu anova musoro, sezvinongoitwa nemitezo yemiviri yedu inoteerera musoro. Kritsu Jesu vakapihwa masimba ose kudenga nepanyika (Mateo 28:18). Unopa mirayiridzo kumuviri Vake kubudikidza neInzwi rake, rinova Bhaibheri (Mateo 28:19). MuKritsu vese vechokwadi pasirino ari pasi paKritsu, anova Musoro, uye mutezo vemiviri Vake vemweya, inova kereke.

2. Nhengo dzose dzakaenzana pasi paKritsu. Senhengo dzemuviri vaKritsu, MaKritsu ose akaenzana. Hakuna umwe musoro pakati pawo asi Kritsu. Havasi pasi pemamwe masimba asi Inzwi Rake. Hakuna nhengo ine masimba, simba, kana chinzvimbo chiripamusoro pedzimwe nhengo mukereke. Hakuna nhengo kana boka redzimwe nhengo rinofanirwa kuva nemasimba pamusoro pedzimwe nhengo. Vose vakafanana pasi pemusoro kana hutungamiri hwaKritsu. Pane kugona kwakasiyana kunopihwa, asi kwete ukuru, (I Vakorinte 12:4-6). Kune mabasa akasiyana anoenderana nekugona kana kubata kwemunhu, asi hakuna nhengo inofanirwa kunge yakakwiridzirwa kudarika dzimwe nhengo (I Vakorinte 12:12-24). Nhengo imwe neimwe mumuviri vaKritsu dzakafanana dziri pasi paKritsu, anova musoro mumwechete.

3. Rudo, zvizbereko, nekubatana kune vose. MaKritsu ose anerudo kunemamwe maKritsu ose achitorana sehama. Vose vari mumhuri yaMwari (I Johane 3:1). Nhengo dzose dzinofanirwa kuva dzinoshanda zvinekubatirana nedzimwe nhengo. Nokuti vose mitezo mumuviri umwechete (I Vakorinte 12:12,13). Marudzi ose akafanana mumuviri vaKritsu, uye vanhukadzi vanokosha pamberi paMwari sekukosha kwakaita varume (VaGaratia 3:26-28). Senhengo dzimwechete mumuviri vaKritsu, MaKritsu vanofanira kufarira nhengo dzose dzemasangano ose. Hapafanirwe kuva nekupesana pakati pemuviri vaKritsu (I Vakorinte 12:25). Nhengo dzose dzinofanirwa nekubatsirana muhumwechete. Kana imwe nhengo ichitambura, dzimwe nhengo dzose dzinofanira kubatirana nayo mukutambura kwayo. Kana imwe hama ikakudzwa, dzimwe nhengo dzinosvika pakufara pamwe (I Vakorinte 12:25, 26). Kana mutezo mumwe vemuviri vedu vakakuvadzwa, muviri vose unobatikana nokuda kwechironda chiripamitezo umwechete. Zvimwechete nemumuviri vaKritsu vemweya tiri nhengo pamuviri mumwechete. Tinofanirwa kuva nerudo, nezvizbereko, nemushandira pamwe mumuviri vose vaKritsu.

MIBVUNZO

1. Vakorose 1:18 inotaura kuti Kritsu musoro ve _____ kana _____
2. Mateo 28:18 inodzidzisa kuti Kritsu _____.
3. Misoro mingani iri pamuviri vaKritsu? _____
4. Nhengo dzose dzakafanana here mumuviri maKritsu _____.
5. I Vakorinte 12:5 inotaura kuti tose tine _____.
6. Nhengo yese yakakosha here mumuviri vaKritsu? _____
7. Rudzi rwemunhu rwunoita kuti ave mukuru here? **7** _____
8. Vanhukadzi vakakosha kunaKritsu sekukosha kwakaita varume here?

9. Nhengo dzemasangano akasiyana siyana vose vari mumuviri mumwechete here? _____
10. I Vakorinte 12:25 inotsura kuti hakuna _____ mumuviri.

CHIDZIDZO 6

KEREKE YAKAZARA YAKARONGEKA SEI?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Hakuna hutongi hwepanyika.
2. Hakuna hedhikota yepanyika.
3. Kuzama kuisa hurongwa pamusoro pehurongwa hwakaiswa naIshe muker-

eke chivi.

HURUKURO

1. *Hakuna hutongi hwepanyika. Kereke yaKritsu haina hukuru panyika. Ine mukuru ari kudenga uye masimba ekudenga* (Mateo 28:18). Mukuita uku ndokunoisiyani-sa nemakereke emasekete. Anehutungamiri hwepanyika vakaita semaPopu, kana maBhishopi. Masimba adzo masimba evanhu anovanikwa muka-kitizimo nemumabhuku anoverengwa minyengetero yakanyorwa navanhu vanovatonga. Asi Bhaibheri haridane munhu kuva mukuru kunze kwaKritsu (VaEfeso 1:21-23). Muviri vaKritsu hauna hutongi hwepanyika une hutungamiriri huri pamusoro penhengo dzose. Hauna matunhu kana adhimini kana kupesana, musangano unosarudza mabasa ayo. Zvose izvi kana zvoitika huori kana kuti shanduko dzinounzwa navanhu. Pachinzvimbo chekubatana nedzimwe nhengo panyika, maKritsu ose ane kubatana pamweya pamwechete uye naKritsu. MuKritsu umwe neumwe akazvimirira nekusununguka pasi paKritsu. Kereke kana muviri vaKritsu hauna hutongi kana hurongwa unogadzirwa nevanhu panyika.

2. *Hakuna hedhikota yepanyika. Kuhedikota ndiko kunogara mukuru.* Sezvo Kritsu ariye oga mukuru vekereke yake, kudenga ndiko kwega kune hedhikota yekereke (VaHeberu. 12:2). Makereke emasekete ane hedhikota yavanokoshesa yepanyika. Inogara Mukuru vavo anenge anemasimba mumasekete munzvimbo dzose. Izvi ndizvo zvezvimwe zvinoratidza musiyano pakati pekereke yaIshe nekereke dzakatangwa nevanhu. Hakuna kereke hombe kana chikoro chinova pakati peKereke yaIshe. Kereke yekutanha kusimwa munharaunda haina kukosha kudarika dzimwe dzakazosimwa kumashure. Hakuna kubhadharwa kwemuripo kunofanirwa kuitwa kuhedhikota yepanyika. Hakuna hedhikota inotumira vafundisi kana kuvachinja muzvimbo dzavanoparidzira. Hakuna nzvimbo uko nhengo dzesangano dzinounzana kuti vasvike mukuronga hutungamiriri kana hurongwa hwemakereke. Asikuti kudenga uko Kritsu ari mukuru ndiyo hedikota yekereke yaKritsu.

3. *Kuzama kuisa hurongwa pamusoro pehurongwa hwakaiswa naIshe mukereke chivi.* Varume nemasangano vanozama kupa ungoro hutongi hwemasekete. Kereke hombe inozama kutonga kereke duku munharaunda. Chido ichi chinovika pakuda kuzama kutungamira kereke yose panyika. Nokuti nhengo zhinji dzaimbove kumasekete, chinova chinhu chakaoma kwavari kuti vakanganwe hutongi vaishandiswa mumakereke evanhu. Vainofarira kuwanda kwevanhu. Varume vachifarira kutungamira makereke mazhinji. Vanoda kugara muhofisi nekuva vatungamiri sezvinoitwa nekereke dzemasekete dzakavapo-

teredza. Asi zvinhu izvi zvinokanganisa hurongwa hwekerekere yechokwadh. Vanosvika pakun'oresa hutungamiri wakachena unoonekwa muBhaibheri. Hatifanirwe kupfurikidza manzwi edzidziso dzaKritsu, (II Johane 9). Hatifanirwe kuchinja vhangeri, (VaGaratia 1:6-9), Hatifanirwe kuwedzera kana kutapudza hurongwa hweBhaibheri (Zvakazarurwa 22:18,19). Kuzama kupa hurongwa husimo muBhaibheri kukerekere ichivi.

MIBVUNZO

1. Mukuru vekerekere anogara kupi?_____
2. Kerekere yaKritsu yakapatsanurana here kuita matunhu? _____
3. VaEfeso 1:22 inotaura kuti Kritsu ndiye mukuru pamusoro_____.
4. VaHeberu 12:2 inotaura kuti Kritsu agere ku_____ kwechigaro chaMwari.
5. Masekete ane hedhikota yepasi pano here?_____
6. II Johane 9 inoti uyo_____ mudzidziso dzaKritsu haana_____
7. VaGaratia 1:7 inoti vamwe varipo_____ evhangeri yaKritsu.
8. Zvakazarurwa 22:18 inorambidza_____ mumashoko ebhuku raMwari.
9. Zvakazarurwa 22:19 inorambidza_____ kubva kumashoko emubhuku raMwari.
10. Muviri vaKritsu unehurongwa here panyika?_____

CHIDZIDZO 7

KEREKE INE HURONGWA HWAKADII PANYIKA?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Kerekere yemunharaunda ndiyo yoga ine hutugamiri panyika.
2. Dzidziso dzose dzinodzidziswa neBhaibheri pamusoro pehutungamiri hwekerekere panyika hunotaurwa pamusoro pekerekere dzemunharaunda bedzi.
3. Hakuna vatungamiri panyika kunze kwemumakerekere emunharaunda.

HURUKURO

1. *Kerekere yemunharaunda ndiyo yoga ine hutugamiri panyika.* Zvidzidzo zviviri zvekumashure zvinoratidza kuti kerekere yose haina zvachose hukuru hwepanyika unogarwa. Ungano dzemunharaunda ndidzo bedzi dzine vatungamiri nhasi. Muapotsora Pauro anodana kuti vatariri vekerekere yemunharaunda, yeEfeso

(Mabasa 20:17). Iye anotaura kuti vanofanirwa kuzvichenjerera iwo neboka kana kereke uko Mweya Mutsvene vakavaita vatariri, (Mabasa 20:28). Mweya mutsvene unogadza varume kuva vatariri veungano dzemunharaunda bedzi. Hapana panotaura Bhaibheri kuti vanofanirwa kuva vatariri vekereke dzose kana kuti kereke yaKritsu. Muna I Petro 5:2 vatariri vanorairwa kufudza boka raMwari raiva pakati pavo. Vainge vasina basa rekuva vatariri kunze kwemuungano dzavo dzemunharaunda umo vaitarira. Zvinyorwa izvi zvinoratidza kuti Mwari akapa hutungamiri kumaketeke emunharaunda bedzi. Nedzimwe nguva varume vanofunga kuti hurongwa hwavo vekutungamira kereke hwakanaka. Vazhinji vanoda kupa hurongwa kukereke yose nhasi. Asi vupenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuvura vanhu (I Vakorinte 1:25). Pane zvikonzero zvakawanda zvakanaka zvinotsanangura kuti sei kereke dziridzo dzinofanirwa kuva nehutungamiri. Vanhu vanofanirwa kuremekedza hurongwa hwaMwari nekukudza huchenjeri heaMwari nekutevera hurongwa hwaMwari. Kereke yemunharaunda bedzi ndiyo ine hutungamiri hwakataurwa hwepanyika. Kereke yose haina hutungamiri panyika.

2. *Dzidziso dzose dzinodzidziswa neBhaibheri pamusoro pehutungamiri hwekereke panyika hunotaurwa pamusoro pekereke dzemunharaunda bedzi.* Pose Zvinyorwa zvinotaura pamusoro pemahofisi nevatungamiri mukereke, kereke dzemunharaunda ndidzo dzinenge dzichitaurwa. Mukutanga kwekereke, mushure mekunge Zvinyorwa zvisati zvapera, kwaive nevatungamiri vainge vakakosha vepanyika venguva pfupi. Muna I Vakorinte 12:28 Bhaibheri rinoratidza kuti Mwari wakaisa vamwe pakereke “pakutanga vaapostora, rwechipiri vaporofita, rwechitatu vadzidzisi, tevere vaiti vamabasa esimba, tevere zvipo zvokuporesa, navabatsiri navabati, namarudzi mazhinji endimi.” Asi chipo cheMweya Mutsvene chaisazogara. I Vakorinte 13:8-10 inodzidzisa kuti kana zvakakwana zvezviratidzo zvaMwari, rinova Bhaibheri, zvasvika zvisakakwana zvicharegerwa. Nzvimbo yekereke iyo Mwari akaita hurongwa pairo kuti ienderere mberi hairarame pasi pemasimba ezvishamiso. Kana tikaverenga zvinodikanwa kuti munhu aite mutariri mukereke, simba rekuti aite zvishamiso harina kutaurwa. Varume vanokwanisa kuva vatariri vasina masimba ezvishamiso. Hutungamiri hwose hweugari muzvinzvimbo zvemukereke ndewekereke yemunharaunda. Chiporofita nechiapostora pamusoro pemuviri vose vaKritsu vakapera munguva pfupi dzakadarika. Asi vatariri vanogadzwa musanhano rimwe nerimwe (Mabasa 14:23). Tito akasara muCrete kuti agadze vatariri muguta rimwe nerimwe (Tito 1:5). Mundima iyi inoratidza kuti ndevemakereke emunharaunda bedzi uye kwete kumuviri vose vaKritsu. Vatariri vose vekuEfeso vaifanirwa kuzvichenjerera ivo, neboka rose ravainge

vakaitwa vatariri varo noMweya Mutsene (Mabasa 20:28). Boka iri raive un-gano yemunaraunda yemuEfeso (Mabasa 20:17). Vatariri vanorairwa kuti vafudze makwai aMwari pakati pavo I Petro 5:2. Havana simba pamuso-ro pekereke yose asi yemunharaunda yavo bedzi. Patirikuenderera mberi mukudzidza hurongwa hwehutungamiri vakagadzwa naIshe mukereke Yake, tinoona zvidzidzo zvehutungamiri vekereke dzemunharaunda bedzi. Zvin-yorwa zvese zvinotaurwa nezvehutungamiri unogadzwa muhukuru mukere-ke hunotaura nezvemahofisi epasangano remunharaunda.

3. *Hakuna vatungamiri panyika kunze kwemumakereke emunharaunda.* Jesu ndiye achiri mutungamiri vekereke anogara kudenga. Vaapostora vaIshe nevap-oro fita vachiri nebudiriro ine chekuita nekuti tichiri kutevera masimba eku-furidzirwa kwemashoko avo. Asi vatungamiri varipamusoro pekereke yose vari kudenga. Havana vamiriri kana vatsivi varipanyika. Vatungamiri vose vamakereke nhasi uno ndeavo vari mukereke yemunharaunda. Tinoziviswa izvi kubudikidza nokunyarara kweZvinyorwa. Bhaibheri rinopa chaizvo izvo nemazvo risingape muravo vekuva nevatungamiri pakatipedu kunze kweavo vanovanikwa mumakereke emunharaunda. Sezvo Bhaiberi richitiratidza mabasa akanaka, tinoziva kuti akagadzira kereke isina vatungamiri vano-tungamira masangano ose (II Timoti 3:16,17). Panotaura Bhaibheri, ndi-po tinotauravo; asi apo panonyarara Bhaibheri, tinofanirwa kunyararawo. Tinofanirwa kurambira mukudzidzisa kwedzidziso kwete kuvedzera munez-vakanyorwa (II John 9).

MIBVUNZO

1. Mabasa 20:17 inotaura kuti Pauro akadana vatariri veku_____
2. Mabasa 20:28 inotaura kuti vaifanirwa kuenda kundofudza boka iro raveinge vakaitwa_____.
3. I Petro 5:2 inotaura kuti fudzai boka_____.
4. Kereke yese inehutungamiri panyika here?_____
5. Vatungamiri vanogadzwa vanovanikwa bedzi mu_____ ker-eke.
6. Ndechipi chiratidzo chakakwana chakamisa zvishamiso?_____
7. Vatariri vanofanirwa kutanga vaita mabasa ezvishamiso kuti vakwanise kuita basa rehtariri?_____
8. Mabasa 14:23 inoti vatariri vanogadzwa muma_____.
9. Tito 1:5 anoti vatariri vanogadzwa mu_____.
10. Kune vatungamiri vepanyika mukereke nhasi here kunze kwemumakere-ke emunharaunda? _____

CHIDZIDZO 8

NDEVAPI VAIVE VAAPOSTORA NEMAPOROFITA?

PFUPISO YEMUKATI

1. Kune vatungamiri vakakosha muhwaro dzekereke.
2. Mabasa avo ekuita zvishamiso akapfuura.
3. Vainge vari vatungamiri venguva duku yainge yakatarwa.

HURUKURO

1. *Kune vatungamiri vakakosha muhwaro dzekereke. Zvinhu zvose zvepanyika zvakatanga nezvishamiso.* Munhu zvakatanga kubudikidza nezvishamiso. Asi muma-zuva anhasi munhu nenyika zvavakufambira mberi nehurongwa hwaMwari hwaakarongera nyika pasina zvishamiso. Nemutowo uyu, kereke yakatanga nezvishamiso. Asi kereke nhasi irikukura nekuenderera mberi nehurongwa hwaMwari pasina zvishamiso. Inzwi raMwari rakauya nezvishamiso pakutanga. Asi zvino tane Bhaibheri rinokwanisa kutidzidzisa pasina basa nekuona zvishamiso.

Vapostora vaive vatungamiri vaive vakakosha zvikuru vaiita mabasa ezvishamiso mukutanga kwekereke. Mwari akavapa simba rakakosha rekuzaririra Inzwi Rake kuti rishande muhwaro dzekereke Yake. Jesu akavimbisa kuti vaapostora vaizochengetedzwa neMweya Mutsvene “muchokwadi chose” (Johane 16:13). Vaapostora nevaporofita vainge vakakonzera kuva pakati pehwaro (VaEfeso 2:20). Bhaibheri rinoti varume vainge vakaita sevaapostora nemaporofita vakagadzwa naMwari pakutanga mukereke (I Vakorinte 12:28). Zvishamiso zvavo zvairatidza kuti vaive vaapostora (II Vakorinte 12:12). Zvishamiso zvavo zvaisimbisa kuti dzidziso dzavo dzaibva kuna Mwari, (VaHeberu 2:3,4). Mahofisi nevatungamiri ava ainge akakonzero mukutanga kwekereke asi zvinzvimbo nezvishamiso zvavo hazvina kukonzera nhasi.

2. *Mabasa avo ekuita zvishamiso akapfuura.* Tinoziva kuti hakuchisina vaapostora mukereke panyika nokuti masimba ose kuita zvishamiso akapera. Hwaihwe hurongwa hwaMwari kuti zvishamiso zvaizofanirwa kupera kana chinakwa chazvo chazadziswa. Kuporofita, kutaura nendimi, ruzivo rwekuita zvishamiso rwaizovika pakupera (I Vakorinte 13:8-10). Zvose izvi zvakapera mushure mekunge zviratidzo zvakakwana zvaMwari zvavepo rinova Bhaibheri. Mwari akapa zvipo izvi kusvikira kutenda kwazozadziswa, (VaEfeso 4:8, 11-13). Zvino Bhaibheri zvarakadziswa, tane ruzivo rwakakwana rwemwanakomana vaMwari. Kutenda kwakadai kupihwa kamwe kuvatsvene (Judha 3). Chok-

wadi chekuti Jesu Mwanakomana vaMwari kwakasimbiswa nezvishamiso (Johane 20:30,31). Kana chinhu chinge chasimbiswa hachidi chinenhe chichisina basa nekuramba chichidzokororwa kusimbiswa. Chokwadi cheshoko raMwari chakasimbiswa kamwechete kare zvakakwana. Kana chokwadi chikaerekana chasimbiswa chinenge chatosimbiswa zvachose. Nhasi Zvinyorwa zvinotipa mabasa ose akanaka (II Timotio 3:16,17). Mabasa emasimba ezvishamiso akaitwa nevaapostora akasvika pakupera nokuda kwekuti chinangwa chavo chainge chazadziswa. Sezvo simba revaapostora rakapera, zvoreva kuti hakuchisina vaapostora panyika zuva ranhasi.

3. *Vainge vari vatungamiri venguva duku yainge yakatarwa.* Zvipo zvezvishamiso zvainge zvakapihwa mukutanga kuti kereke itangwe muzvishamiso. Zvipo izvi zvakapa simba varume kuti vave vaapostora nevaporofita. Asi zvipo zvekuita zvishamiso zvakapera, uye chiporofita chakapera. Naizvozvo hakuchisina simba nhasi kuvapostora nekuvaporofita, uye hapachisina basa revaporofita nhasi kana vaapostora. Vatungamiri ava havana kuvapo nokusingaperi. Mwari haana kubvira aita hutungamiri vevaapostora nemaporofita kuti vazove nevatsivi. Zvinzvimbo zvavo zvainge zvakakosha mukuvambwa kwekereke, kwete mukukura kwayo. Nokuti tinotenda Bhaibheri, tinotenda kuti zvishamiso zvakaitwa munguva iyo yakararama vaporofita nevaapostora. Nokuda kwechikonzero chimwechete tinotenda kuti zvishamiso zvakapera uye kuti vaapostora nevaporofita havachisiko. Bhaibheri rinodzidzisa kuti zvishamiso zvakaitwa zvakare zvakasvika pakupera. Bhaibheri zvakare rinotaridza kuti vaapostora nemaporofita zvakapera. Bhaibheri rimwechete iro-ro rinodzidzisa zvole. Ndizvo saka tisina vaapostora nemaporofita mukereke nhasi uno. Zvoreva kuti hutungamiri uyu hwange huri venguva duku. Vose vanozviti vaporofita kana vaapostora nhasi uno varevi venhema (Zvakazarurwa 2:2). Kunyangwe kubva pakutanga kwainge kuine vaapostora venhema, (II Vakorinte 11:13). Vanhu nguva zhinji vanozviratidza nezvishamiso nezviratidzo (II VaTesaronika 2:8,9). Vazhinji vanozviita vaiti vezvishamiso nezviratidzo zvizhinji asi Jesu anotaura kuti aisavaziwa (Mateo 7:22,23). Vaapostora nevaporofita vainge vari venguva duku, kwete vatungamiri vemuhofisi dzinogara kusingaperi mukuvambwa kwekereke.

MIBVUNZO

1. Bhaibheri rinodzidzisa here kuti zvishamiso zvakaitwa kamwe? _____
2. Bhaibheri rinodzidzisa here kuti zvishamiso zvinoramba zvichienderera mberi? _____

3. Johane 16:13 inoti vaapostora vachatungamirirwa mu_____
4. VaEfeso 2:20 inoti vaapostora nemaporofita_____ dzekereke.
5. I Vakorinte 12:28 inoti Mwari akagadza vamwe mukereke,_____ vaapostora.
6. II Vakorinte 12:12 inoti vapostora vakaratidza_____ pamisoro pevaapostora.
7. VaHeberu 2:3,4 inoti Mwari achapupurirana navo_____ ne_____
8. Judha 3 inoti kutenda_____ kupihwa vatsvene.
9. Zvakazarurwa 2:2 inotaura mhando yevaapostora?_____ venhema
10. Vaapostora nevaporofita vane hutungamiri unogara nokusingaperi here?_____

CHIDZIDZO 9

KEREKE DZEMUNHARAUNDA DZINE HURONGWA HWAKAITA SEI?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Sangano rimwe nerimwe rinozvionera kana kuzvimirira.
2. Vatungamiri vanotonga mukereke yemunharaunda mavanopindira.
3. Masangano haabatanidzwe pamwechete.

HURUKURO

1. *Sangano rimwe nerimwe rinozvionera kana kuwa rakasununguka.* Kereke yaKritsu yakasununguka kubva kumitemo yemasekete. Inovavarira kufamba richinyatsotevedzera muhurogwa hwaMwari pamusoro pekereke, iri muBhaibheri. Vanoreverera mukuberekwa kwekereke sezvayainge yakaita muTestamente Itsva. Vanoshanda mukudzoreredza zvinhu zvose zvehurongwa vaIshe kukereke yake. Chimwe chezvinhu zvakakosha zvinoda kudzororwa Zvinyorwa zvehurongwa hwekereke zvemakereke emunharaunda. Kana tichinge tadzidza hutungamiri hwechokwadi muchimiro chehutongi mukereke yemuTestamente Itsva, ngatiteverei mhando yeutongi hwakadai nhasi. Chidzidzo chatabva kudzidza chatiratidza kuti vatungamiri vemuMagwaro mukereke vanovanikwa mumasangano emunharaunda nhasi. Zvakadzidzwa kuti hakuna vatungamiri vanorarama munyika kunze kwemasangano. Masangano aya haana bhodhi kana hutongi hwekomiti. Rimwe nerimwe

rinomirirwa nehutungamiri hwaro kubva musangano rayo. Hakuna umwe hukuru inofanirwa kubva kunze unotonga makereke.

Inzwi rekuti “kuzvimirira” rinoreva “kuzvitonga.” Kereke inozvimirira ikereke inozvimirira mukuita zvinhu zvayo. Haina mamwe masimba makuru anobva kunze pamusoro payo. Inosarudza vatungamiri vayo, inozvirongera muparidzi vayo, inozvitarisira mari dzayo, nekuranga nhengo dzayo mukut-sauka. Yakasununguka kubva muhutungamiri hwekunze. Iri pasi paKritsu bedzi. Bhuku rayo remasimba rinova Bhaibheri bedzi. Kubata kwayo kuita mabasa ekunamata, misangano yemabhisimisi, kana hurongwa vemabasa. Kereke imwe neimwe yemunharaunda inozvimirira kana kuva yakasununguka mukuita zvinhu zvayo kuti tikwanise kudzoreredza kereke yemuTestamente Itsva nhasi.

2. *Vatungamiri vanotonga mukereke yemunharaunda mavanopindira.* Chinhu chakatanganga kubuda kubva mukereke ine hutungamiri veMagwaro chakauya apo vatungamiri vakatanganga kutonga mumasangano anodarika rimwechete. Izvo zvinova zvakachinja kubva muhurongwa hweBhaibheri zvinova zvakashandura mukutungamira kugadzirwa kwevatungamiri vematunhu pamusoro pemakereke munzvimbo zhinji. Kuitwa uku mukufamba kwenguva kwakutungamira kugadzwa kwema Popu. Kutikwanise kudzoreredza hurongwa hwakataurwa neBhaibheri maererano nehutariri, vatungamiri havafanirwe kutungamira mumasangano anodarika rimwechete. Hurongwa hwaMwari kana ukatevedzerwa unodzivisa kurasika kwakakutungamira kuvambwa kwekereke yeRoma katoriki. Masekete mazhinji vatungamiri vanotungamiri makereke anodarika rimwe. Vane mazita mazhinji avanodanwa navo sekuti “vatumwa” kana “mabhishopu.” Basa ravo kutarisa mapoka akati vande emunharaunda. Vanofamba vachitarisa kereke imwe neimwe inenge iri mudunhu ravo kana nzvimbo. Asi vatungamiri vanotaurwa neMagwaro vanotungamira Kereke imwechete munharaunda. Makereke makuru aKritsu anonyengerwa mukuda kutonga makereke madiki neachangokura. Makereke emumaguta anozama kutungamirira makereke akapoterredza emumaruva kana nzvimbo dzakasara. Vanotumira vatariri vavo kundotonga makereke asina simba. Asi kuita uku ndekwehurongwa hwemasekete. Chinova zvakare chidano chinovitsa kuhuori hunoputsa hurongwa hwekereke. Kereke haingave yakasununguka kana ine hutungamiri hunobva kuneimwe kereke unenge uchizama kuitarira.

3. *Masangano haabatanidzwe pamwechete.* Nhengo zhinji dzekereke yaKritsu vanopedza nguva dzavo zhinji vari mumasekete. Kuita uku kwenguva refu kunovabvisa muruzivo rwekunzwisisa hurongwa hwechokwadi hwekereke

yaMwari. Vanoda kuti kereke yaKritsu ive nehurongwa hwakaita seweku-masekete kwavaimbopinda. Nokudaro, vanoda musangano vemakereke akasiyana siyana munzvimbo. Vanoda maboka anehurongwa hwevatungamiri nevabati vezvipo. Kazhinji vanoita mubatanidzwa vemabasa. Zvinova zvinopikisa kunamata kwekereke yemunharaunda. Asi hatina patakambonzwa masangano emuTestamente Itsva achinamata akabatana pamwechete nemasekete. Imwe neimwe inofanirwa kunge yakazvimirira muhurongwa hwayo. Kritsu anonyorera matsamba manomwe kukereke nomwe dzekuAsia (Zvakazarurwa 1:11). Kereke imwe neimwe yakatumirwa tsamba yakasiyana neimwe. Kunyangwe makereke ainge ari munharaunda imwechete, kwainge kusina hurongwa hwemakereke. Kwainge kusina boka rehutungamiri rwaitungamira makereke ose arimanomwe kudaro. Sangano rimwe nerimwe muguta raizvimirira. Apo hurongwa hwekereke yemuTestamente Itsva vakateedzerwa, muhutongi hwavo, masangano haafi akakaita hutungamiri humwechete.

MIBVUNZO

1. Inzwi rekuti “kuzvitonga” inzwi_____.
2. Bhaibheri rinotaura here nezve “vatumwa” nema “bhishopi?”_____
3. Zvakazarurwa 1:11 inoti tsamba dzakanyorwa kumakereke manomwe_____.
4. Kuitwa kwehunhu hwemasekete kunoita kuti hama dzide kusanganisa_____ pamwechete.
5. Akereke makuru akasimba anotungamira asinesimba here?_____
6. Bhaibheri rinotaura here pamusoro pehutongi hwekomiti?_____
7. Makereke ari muTestamente Itsva akabatana here?_____
8. Nderipi inzwi rinoshandiswa kudzoreredza chinhu pachaiinge chiri kubva pakutanga?_____
9. Vatungamiri vematunhu pakupedzisira vanotungamira muku_____.
10. II Johane 9 inoti kana_____ tikasimbira mudzidziso dzakritsu, hatina_____.

CHIDZIDZO 10

KO KEREKE DZEMUNHARAUNDA DZINOZVIMIRIRA SEI?

PFUPIKISO YEZVIRIMUKATI

1. Kuzvitonga.
2. Kuzvimiririra.
3. Kuva mezvibereko.

HURUKURO

1. *Kuzvitonga.* Nzira imwechete yakakosha inoratidza kuti masangano akasununguga kuzvimiririra kwaanoita pachavo. Izvi zvinova zvinoratidzwa mundima nomwe dzokupedzesera. Kushaikwa kwekuzvimiririra mukuita kwekereke kushaiva rusununguko rwayo. Kana kereke yakatadza kuzvimiririra mukufambiswa kwemabasa pasangano, pasina nguva inorasikirwa nezvikodzerwa zvayo zverusununguko. Kana vamwe varume vakauya kutizotora hutungamiri hwekereke, inenge yatorasikirwa nemasimba ekuzvitonga kwayo. Asi kuzvitungamirira pakereke yemunharaunda handizvo zvoga zvinoratidza rusununguko rwekereke. Makereke mazhinji anoita hurongwa hwavo asi vachiramba vachikotsverwa nerubatsiro rwemari kubva kumasangano ekunze nezvimwe zvinhu zvakasiyana siyana. Kuzvitonga kunofanira kusvitsa kereke mukuzvimiririra mumabasa ayo nekuva nerusununguko rwakakwana.

Pane chimwe chinhu chakakosha pakuzvimiririra chinofanirwa kunzwiswa. Sangano rikagamuchira hutungamiri hwekunze zvoreva kuti rinenge ratorasikirwa nemasimba ehutongi hwaro. Tinoziviswa izvi kubva muBhaibheri hamuna kana muenzaniso unopihwa sangano reTestamente Itsva raitungamirwa nehutongi kubva kuvatungamiri vekunze. Asi tinoverenga nezvemasangano anopihwa rukotsvero kubva kumasangano ekunze. Vatariri vekuJudhiya vaipihwa rukotsvero kubva kuAntioki (Mabasa 11:27-30). Pauro anopihwa mari nemamwe masangano kunyangwe zvake aiparidzira paKorinte (II Vakorinte 11:8). Kereke yepaFiripi yaitumira apo neapo mukotsvera pakushaiwa kwaPauro kubva kumakereke edzimwe nharaunda (Firi-po 4:15,16). Tine muenzaniso muBhaibheri yekotsvero yemari inobvakunze, asi hakuna muenzaniso vehutongi vekunze venguva duku kana kuenderera mberi.

2. *Kuzvimiririra.* Imwe nzira Mwari anoda kuti kereke ive yakasununguka mukuzvimiririra kwayo. Pauro anokurudzira kereke yepaFiripi nekuda kwemukotsvera kwayaiita nemari kunyangwe “kubva pakutanga kweEvhangeri”,

(VaFiripo 4:15). Sangano haringavi rakazvimirira sezvinoda Mwari kuti rive kusvikira kana richinge rave kukwanisa kuzvimirira munyaya dzemari. Kukotsverwa kwenguva duku kunova kwakakosha asi, kuzvimirira kunofanirwa kushandirwa kuti kuvepo. Pose panovanikwa rubatsiro kubva kunze zvinenjodzi kuti hutongi vekunze unosvika pakuitwa. Mamwe makereke vanozama kutendera amwe kuti avaitire sarudzo. Masangano anofanirwa kuzvimirira netsoka dzavo.

Vabereki vachidzidzisa vana vavo kufamba, zvinoda kuti azviitire nhano pachake. Kana Mwana akasazama kuzvifambira pachake, haafe akadzidza. Asi munenhanho yese yaanozviitira, anodzidza kuzvifambira pachake. Zvimwechete, nesangano rinofanirwa kuzvifambira pachezvaro kunyangwe kubva pakutanga. Asi kana paine vamwe vanotibatsira mukurikotsvera nemari kufamba kwaro kunonetsa. Asi kukanda kwaro nhano pachezvaro, ndiko kudzidza kwarinenge richitoita kuti rinokwanisa kuzvifambira pachezvaro. Kunova kudzidza mukuzviitira nekuvana neruzivo. Kunyangwe huku zvakare inotodzidzisa nhiyo dzayo kuzvimirira kubudikidza neruzivo. Ikangoramba ichitsvagira nhiyo dzay chikafu hadzive dzakava neruzivo rwekuzviparira dzoga. Asi kana dzikadzidziswa kuzviitira, muchinguva chiduku dzinenge dzave kukwanisa kuzviitira nekusimba mukuzvimirira. Kunyangwe dzimwe nhiyo dzichiramba kusvitsvakira chikafu pachezvadzo, dzinotandirwa kure kuti dzinozvitsvakira chikafu chadzo pachezvadzo. Muchinguva chiduku dzinodzidza kuti kuzviriritira chironywa chakanaka. Zvimwechetezvo, mamwe masangano anofanirwa kumanikidzwa kuzvimirira pachezvavo. Vamwe ndivo vanotoramba kuzvidzidzisa. Asi vakazama zvirokwazvo, vanotoona kuti vanokwanisa kuita zvakanaka kudarika zvavanenge vakadzidziswa. Vanosvika pakukura nekubudirira. Kuzvimirira kwakakwana kunosanganisira kuzviitira muhurongwa hwose.

3. *Kuva nezvibereko*. Inzwi iri rinoreva kuzvifambisira. Sangano rinezvibereko rinozvisimudzira pacharo nekufambisa Evhangeri rinosima mamwe makereke. Inzwi raMwari ndiro mbeu yehushe kana kereke (Ruka 8:11). Mbeu yakazvimirira inokwakwanisa kuunza chimwe chirimwa. Zvakare Bhaibheri rinesimba rakakosha kuumba nekusimudzira kereke. Kose kunogashirwa Inzwi rinotambirwa nemoyo vakanaka, masangano anova chitubu. Sangano haridi masangano ekunze nehurongwa hwekunze kuti rikure kana kukwanisa kusima rimwe sangano. Mukuita uku sangano rimwechete rakafanana nemuti vemubanana. Ukangoyerekana vasimwa unokwanisa kukura pasina rubatsiro rwekunze. Nechinguva chiduku unogadzira rimwe dzinde parutivi paro. Ndizvo zvinoreva kuva nezvibereko. Bhaibheri rinotaura kuti kereke imbiru

yechokwadi (I Timoti 3:15). Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kukotsvera nekufambisa chokwadi. Kuita sokudaro kunovhura mukana hwekusimwa kwemamwe makereke. Zvakare zvinokurudzira chokwadi munedzimwe nharaunda. Kereke yekuJerusarema yainge yapararira kuenda kwose kwose ichiparidza Shoko (Mabasa 8:4). Basa rekunze rekutumwa kwemamishinari ekunze kana muhurongwa hwemasangano vakakosha mukufambiswa kwekereke yaIshe. Masangano ekereke yaIshe akazvimirira mukuzvitonga, mukuzvimirira kuitwa kwemabasa nemukuva nezvibereko.

MIBVUNZO

1. Zvinotenderwa here Mumagwaro kuti kereke igamuchire hutongi vekunze kwechinguva chiduku? _____
2. Zvinotenderwa here kuti kereke igamichire rubatsiro rwekunze kwekanguva kaduku? _____
3. II Vakorinte 11:8 inoti Pauro akagamuchira _____ vemakereke.
4. VaFiripi 4:15,16 inoti Firipo akatumira _____ mukushaiva kwaPauro.
5. VaFiripi 4:15 inoti Firipi akatumira kuna Pauro kubva _____ yeEvhangeri.
6. Zvinhu zviviri zvinonyatso kutsanangura zvakanaka zvinoreva kuzvimirira zvinoti _____ uye _____.
7. Kuva nezvibereko zvinoreva _____.
8. Ruka 8:11 anoti Inzwi ndiro _____ ra _____.
9. I Timoti 3:15 inoti kereke _____ uye _____ yechokwadi.
10. Mabasa 8:4 inotaura kuti vatevedzeri vakaenda _____ va-chiparidza _____.

CHIDZIDZO 11

SEI MWARI VACHIDA KUTI MASANGANO AZVIMIRIRA?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kuvandudzwa kwevatungamiri nenhengo.
2. Zvinosimudzira kupa nekushanda.
3. Zvinodzimirira kuitika kwekutsauka pakutenda.

HURUKURO

1. *Kuvandudzwa kwevatungamiri nenhengo.* Kunyangwe tisinganzwisise kuti

sei Mwari achida kereke dzinozvimirira, tinofanirwa kuramba tichiteedzera masimba eBhaibheri. Asi tinoona zvikonzero zvizhinji zvakanaka kuti sei Mwari akaita hurongwa hwekuzvitonga kwakanakisa kumakereke. Chikonzero chimwechete chakakosha ndechekuti hunovandudza hutungamiri nenhengo mukereke yega yega. Pose panounzwa hutungamiri hwesanganano kubva kunze, vatungamiri vepasangano rinenge raunzirwa hutungamiri havakwanise kuzvivandudza pachezvavo. Pose panoitwa basa repakereke nevanhu vekunze, nhengo dzepasangano hadzikure nekukasika. Chikritsu chinofanirwa kubudisa kunaka nehuchenjeri huri mumunhu. Mwari akaita hurongwa hwekereke kuti hukwanise kuvandudza nhengo dzesanganano rimwe nerimwe zvedanho repamusoro. Kana varume vepasangano remunharaunda vakaziva kuti vatungamiri vavo vachatimirwa kwavari uye hurongwa hwavo uchagadzirwa kwavari, havazozame zvakanyanya kuita chikamu chavo. Kupindira kwemamwe masanganano kunodzikisira budiro yesanganano. Muna vaRoma 15:14 anoraira hama dzepaRoma kuti vazadzwe nekunaka uye neruzivo, nekukwanisa kurairana muhumwechete. Varume ava vakazvivandudza pachavo kuva kereke inozvimirira. Asi muna, vaHeberu 5:12-14, nhengo dzesanganano dzinotsiurwa nokushaikwa kwekuratidza kukura pakati pavo. Vanhu ava vakavepo mukereke kwenguva refu asi vainge vasati vave kukwanisa kudzidzisa vamwe. Vakarairwa kuti vanofanirwa kudzidzira kana kuva neruzivo mukudzidzisa. Tinodzidza kudzidzisa kubudikidza nekudzidzisa. Hutungamiri mukereke unoda ruzivo. Mwari anoda sangano kuti rive rinozvimirira pachezvaro muhutungamiri, pamwechete nekuumba vatungamiri vemhando yakanakisa nokukurumbidza.

2. *Zvinosimudzira kupa nekushanda.* Hurongwa unoitwa nemasangano hwemari uye nekufambirwa kwemari kuiti dzitumirwe kuhofisi hombe yemukuru. Asi mumakereke aKritsu akazvimirira haana hutungamiri hwakadaro panyika. Hurongwa hwemafambisirwo emari ndevekereke yoga yoga kuti izvishandisire zvipa zvayo zvayinenge yazviunganidzira kuti mari yacho ingashandiswa sei. Hapafanirwe kuva nevatarisi vevatungamiri kana hofisi yemukuru vemasanganano inokurudzira. Hurongwa uyu unokurudzira kuda kubudiswa kwerubetsero. Kana nhengo yakaziva kuti mari dzose yadziri kubetsera nayo irikushandiswa mukuvaka kereke yemunharaunda yainopindira inova nekunzwa kuda kuramba ichipa zvizhinji. Anoona kukosha kwezingabetsera mumusha make. Anoona kudikamwa kuripo kwemari yake kuti zvinhu zvifambe. Anonzwa kusundwa nekuda kuzadzisa kwezingadikanwa kubudikidza nokupa kwake. Chinhu chakakosha panyaya dzekupa inzira yekukurudzira nayo kupa, kuratidza chinodikanwa pamberi pemupi.

Hurongwa hwaMwari panhau dzekupa mukereke yemunharaunda zvinopa kusimbisa uku kumupi. Kurudziro yaMwari zvakare inokurudzira munhu vose anenge ane chinangwa mubasa rekereke. Munhu vose anenge achiona mafambisirwo ehurongwa hwehutungamiri uchiita basa rekereke kwaari. Iye pachake anoona kubata kwake. Kana basa richinge richiitwa anozviita. Izvi zvinoita kuti kereke itakure mutoro vayo mukereke yayo yemunharaunda kunze kwekuitirwa nemamwe maboka. Hurongwa hwaMwari hwekuzvimirira kwekereke hurongwa hwakanakisa hunosimudzira kupa nekuzvishandira.

3. *Zvinodzivirira kuitika kwekutsauka pakutenda.* Kana mazitombo akativandei akasungirirwa pamwechete patambo, anenge asina kuzvimirira asi kuti anenge akabatanidzwa pamwechete. Kana rimwe pakati pavo rikadonera muchikova, rinosvika pakudonedza nemamwe ese. Asi kana matombo aya asina kusungirirwa pamwechete, kana rimwe rikadona mamwe haaputsikeba. Ndicho chimwe chikonzero chekuva kereke yakazvimirira. Hutungamiri vemasekete hunosungirira kereke nekutora kuzvitungamira kwayo. Kana sangano rimwechete rikaputsika pakutenda rinodhonzera mwamwe pamwechete naro. Kana kuti vatarisi varo vakadzidzisa dzidziso dzenhema mamwe masangano ose anotevera nokuti ose anenge akabatanidzwa pamwechete. Hurongwa hwaMwari hwakakosha nokuti unodzivirira kupararira kwekutsauka pakutenda. Kunyangwe mamwe masangano anotanga kuita tsika dzisiri muZvinyorwa, mamwe makereke anoramba akatendeka nokuti anenge achizvitonga. Mwari anoda masangano anozvimirira nokuti hurongwa uyu unoumba vatungamiri nenhengo, nekusimudzira kupa nekudzivirira kupararira kwekutsauka pakutenda.

MIBVUNZO

1. VaRom 15:14 inoti nhengo dzinogonavo ku_____ pakati pavo.
2. VaHeberu 5:12 inoti kana tichitarira nguva_____.
3. Tinofanirwa kutevera hurongwa hwaMwari here ngunyangwe tisingazive kuti sei tichifanirwa kudaro? _____.
4. Chikritsu chinobudisa zvakanaka pamunhu_____.
5. Varume vanodzidza kudzidzisa ne_____.
6. Kutu zvakanaka mupi anofanirwa kuona_____.
7. Hakuna sangano rinoitira nhengo dzaro_____ kwaari.
8. Matombo anosungirwa pamwechete haasi_____.
9. Kereke imwechete mukurasika mukutenda haingatungari imwe mu_____.
10. Tinoona here pfungwa yakanakira kuzvimirira?_____

CHIDZIDZO 12

KEREKE INGAENZANISWA SEI NEHUTONGI VENYIKA?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Ndedzipi mhando dzehutungamiri wehurumende?
2. Ndeapi mapazi ehutungamiri wehurumende?
3. Sei Ushe vaKritsu uri hutongi wehumambo?

HURUKURO

1. *Ndedzipi mhando dzehutungamiri wehurumende?* Zvakanaka panguva ino kuti tidzidze mhando dzehutungamiri hwemunyika kuti tikwanise kuenzanisa nehutungamiri vemukereke. Pane mhando nhatu dzehutungamiri wehurumende yenyika. (a) kushaikwa kwehutungamiri, (b) hutungamiri hwegutsa ruzhinji, (c) hutungamiri hweumambo. Kuitwa kwenyonganyonga kunoratidza kuti “hapana mitemo.” Chinova chimiro chemazvake mazvake pasina anenge achitungamira. Panenge pasina hurumende kana kana munhu anenge anemasimba. Muchimiro chekushaikwa kwemutungamiri panova nekuparwa kwemhosva kwakanyanya nemhirizhonga yeruzhinji. Panenge pasina mapurisa kana masimba ekupa mutemo kana hurongwa. Zvirokwazvo kereke haisi muchimiro chakadai. Bhaibheri rinopa mhoswa avo “vanoshora hutungamiri” (II Petro 2:9, 10). Makritsu anobva pamasimba aKritsu neInzwi Rake. Zvirokwazvo kereke harizi boka risina mutungamiri. Hutungamiri hwegutsaru zhinji hutungamiri hunotungamirwa nevanhu. Hutungamiri hunosarudzwa nekugadzwa nevanenge vachitungamirirwa. Muhurumende yegutsa ruzhinji mune kuitwa kwesarudzo yakasununguka inoitwa pajekereke zvekuti chizvarwa chimwe nechimwe chinemukana vekutungamira kana kusarudza kuti ndeupi angatungamira. Asi kereke haisi hutungamiri vegutsa ruzhinji. Mukuru vekereke Kritsu hachinje. Hapana munhu aripanyika anekonzero yekumutsiva. Nhengo dzekereke hadzina bvumo kana kodzero dzekusarudza mumwe mambo. Hutungamiri vegutsaruzhinji imhando yehutungamiri hwakanaka hwehutungamiri vepanyika, asi kwete kukereke. Muviri vaKritsu ndeveumambo. Umambo hutungamiri une hutongi hwehumambo. Hutungamiri vemunhu mumwechete anenge aine simba rose. Mambo vezvokwadi anesimba muhushe hwake. Hapana anotarirwa kubvunza kodzero dzake kana kupikisa nzira dzake dzaanotonga nadzo. Jesu ane masimba ose kudenga nepanyika (Mateo 28:18). Ndiye Mambo vedu nemutongi (Johane 18:37). Tiri pasi pehushe hwake kana kuti kereke (Mateo 16:18,19). Kereke hutongi hweumambo Kritsu ariye mambo. Ane simba nemasimba ose.

2. *Ndeapi mapazi ehutungamiri wehurumende?* Mapazi ehutungamiri wehurumende anoti: (a) kugadzirwa kwemutemo, (b) dare remutemo, uye (c) mutungamiri kana mutariri. Boka rekugadzirwa kwemutemo rinogadzira mutemo yenyika. Kazhinji boka iri nderevanhu vanoungana kuronga mitemo. Boka rinogadzira mitemo yenyika. Rinonyora mitemo yenyika. Dare remitemo rinoongorora kana kududzira mitemo yenyika. Bazi rematare emutemo rinoumbwa nematare enzvimbo dzinotungamira vanhu vemunyika nemitemo yadzo. Bazi remutariri vehurumende anosimbisa mitemo. Anomirirwa nemutariri akaita samutungamiri. Munhu uyu anova mukuru vemauto nemapurisa. Anosimbisa nekutsigira nekutakura mitemo yenyika. Bazi revatariri ndiro Bazi renyika rinosimbisa mapazi ehurumende. Bazi rinoona nezvekugadzirwa kwemitemo, rinogadzira mitemo, bazi redare remitemo rinodudzira mitemo, uye bazi revatungamiri kana vatariri rinosimbisa mutemo yose yehurumende.

3. *Ushe vaKritsu ungave here hutongi hwehumambo?* Ushe vaKritsu unova utongi vehumambo nokuda kwezvikonzero zvitatu: (a) Akagadzira mitemo, akaratidza nekududzira mutemo, uye (c) akasimbisa mitemo. Jesu anobata zvizvimbo zvose mumabazi ekereke. Anodanwa kuti akaropafadzwa uyo Mambo mumwechete, Mambo vemadzimambo, naIshe vemadziShe (I Timoti 6:15). Ndiye muchinda vemadzimambo epanyika Zvakazarurwa 1:5. Hakuna boka revatungamiri vekereke vakanyora mutemo yake. Mweya Mutsvene vakaratidza pamwe nekududzira mitemo yake kubudikidza nekunyora kwavapostora (Johane 16:13). Dzidziso dzaKritsu dzichatonga vanhu muzuva rekupedzisira (Johane 12:48). Tose tichandomira pamberi pechigaro chekutonga (I Vakorinte 5:10). Jesu ndiye Mambo vedu, Ishe, Tenzi, uye Mutongi. Kereke yake ndiyo ushe umo maKritsu uko anoponeswa (Vakorose 1:13). Vose vanopinda mukati mehushe uyu ngavanzwisise mhando yeushe uyo vari mukati mavo. Hapana anofanirwa kuuya kukereke kuzoita mutungamiri. Hapana anofanirwa kupinda mukereke kuzogadzira mitemo. Vose vanovedzerwa naIshe mukereke vanova varanda vanozvinipisa uye varipasi paMambo Jesu.

MIBVUNZO

1. Nderipi inzwi kana manzwi anoreva kuti “hapana hutunhamiri”? _____
2. Nderipi inzwi rinoreva “kuzvitungamirira”? _____
3. Nderipi inzwi rinoreva “hutungamiri hweumambo”? _____
4. Nderipi bazi remuhurumende rinosimbisa mutemo? _____
5. Nderipi bazi rehurumende rinodudzira mitemo _____.

6. Ndeapi mapazi ehurumende anogadzira mitemo?_____.
7. I Timoti 6:15 anodana Jesu kuti_____ uye_____ na_____.
8. Muna Johane 12:48 Jesu anot _____ muzuva rekupedzisira.
9. Vakorose 1:13 vakatisunungura pa_____.
10. Ushe vaKritsu ndevegutsa ruzhinji here?_____

CHIDZIDZO 13

SEI VANHU VACHITEVERA VATUNGAMIRI?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Kutya masimba kana kumanikidzwa
2. Kuda kuwana mubayiro kana chioko muhomwe.
3. Kuteedzera mienzaniso (kuteedzera)

HURUKURO

1. *Kutya masimba kana kumanikidzwa.* Mumhando yose yehutungamiriri mune chikonzero chinoita kuti vanhu wade kutevera hutungamiri. Chimwe chingawa chikonzero kutya masimba. Kana mutungamiri ane masimba makuru mambo akadaro anobunyikidza vateveri vake kumuterera. Vatevere vakadaro vanenge vachitya mutongi uye vanenge vachitya kusamutevera. Chikritsu hachishandise simba kumbunyikidza nhengo dzayo kuti dzitevere mutungamiri vadzo. Mwari haana kubvira ambomanikidza vanhu kuti vamutevere. Kunya Jesu aive nemasimba haana kumanikidza kuteererwa. Vateveri vake vakamutevera nokuda kwekutenda kwavo. Ndizvo zvimwechete zvinova chokwadi muhutungamiri mukereke. Havana masimba ekumanikidza vateveri vavo kuteerera. Zvisinei kuti isimba rakadii munhu angava anaro, haafanirwi kumanikidza vanhu varimukereke kuti vamutevere. Hapana mutungamiri anofanirwa kuzama kutungamira nokuti anotyiiwa nevanhu. MaKritsu vanofanirwa kutya satani, asi vanofanirwa kusatya munhu. Jesu anoti musatya uyo anouraya muviri venyama (Mateo 10:28). Vatungamiri vehurumende vanokwanisa kutonga nechisimba, asi havasi vatongi muhushe vaKritsu. Bhaibheri rinoti hakuna kutya murudo, sezvo rudo ramazvirokwazvo rinodzinga kutya (I Johane 4:18). Ngapasawa nemurume anofunga kuti angave mutungamiri nokuti vamwe vanotyia simba rake.

2. *Kuda kuwana mubayiro (basa kana chioko muhomwe).* Chinhu chechipiri chinoita kuti varume vade kuva vatungamiri kuda kuwana mibairo. Ndi cho chikonzero munhu achitevedzera kuda kwemunhu akamupinza basa. Anenge achida mari yaanobhadharwa. Ndicho zvakare chikonzero munhu

anonyengerwa kubvisa chioko muhomwe kuti atendere imwe murayiro yemunhu. Vanenge vanechishuvo chekupihwa chioko muhomwe. Basa rakatendeka rinokudzwa. Hapana chakaipa mukubhadharwa kwemuripo webasa mubizimusi. Asi izvi handizvo zvikonzero zvekutevera vatungamiri muzvitendero. Vamwe vanotevera mafundisi sevanechokwadi kuri kutsvaka kupihwa Bhaibheri remahara kana zvimwe zvipo zvakangodaro. Varume vanoza kuita vatungamiri vezvitendero kuti vakwanise kuita mari. Asi kuita uku hakusi kuita kwakanaka kuMaKritsu. Vatariri vanorairwa kufudza makwai. Anoti: “Kwete nehunhu vakasviba vekuda mari, asi kuva nemufungo vakanaka” (I Petro 5:2). Nedzimwe dzenguva hama ine mari inofunga kuti inokwanisa kutonga kereke nekuti inemari. Inofunga kuti zvido zvayo zvinofanirwa kuteedzerwa nokuti anopa pakuru. Idzi handidzo tsika dzinopisa rukudzo mukereke. Aya anova mavambo ezvakaipa (I Timoti 6:10). Zvinopa huori kuhutungamiri uye kusvibisa vatendi. Zvinokonzera kuti varume vasi na kukodzera vazvitengere zvigaro zvehutungamiriri. Ngapasave nevarume vanotungamira kana kuteverwa mukereke nokuda kwemari.

3. *Kuteedzera muenzaniso (kuteedzera)*. Tsika dzakanaka mukereke kutevedzera muenzaniso. Vanhu vanoteera vatungamiri vavo musangano nokuti vanenge vachida kuva saivo. Chinova chinhu chakanaka chinokudzwa kudarika zvose. Kuitwa uku kwehutungamiri kunobudisa hutungamiri hwakasimba. Zvinoita kuti hutungamiri vevanhu humire hwakasimba une tsika dzakasimba kuvatendi. Zvirinyore kumunhu kuti atedzere muenzaniso vakanaka. Kuitwa kwemuendzaniso kwakakosha muhutungamiri vekereke. Tsika iyi inobata dzidziso dzose dzemuBhaibheri pamusoro pehutungamiri. Jesu anova muenzaniso mukuru usina kuzobvira vavanikwazve panyika. Bhaibheri rinotaura kuti Akatanga zvose zviri zviriviri kuita nekudzidzisa (Mabasa 1:1). Hatimankidzwe kuteedzera dzidziso Dzake. Haana kuvimbisa mubairo vepanyika ino kuvatendi vake. Jesu mutungamiri mukuru kumarudzi nekumazera ose. Vanhu vazhinji vanozvipira kwaari kudarika vamwe vatungamiri vose. Nokuda kwokuti anoita kuti vanhu vanzwe kuda kufanana naye. Anotiratidza simba remuenzaniso mukuita kwake. Kutedzera kwemuendzaniso chinhu chikuru uye chakanakisa chinofanirwa kuva chikonzero chevanhu mukuteedzera hutungamiri.

MIBVUNZO

1. Ko Kritsu anomanikidza here vanhu kumuteerera? _____
2. Mateo 10:28 inoti ityai uyo unogona ku_____.
3. I Johane 4:18 inoti_____ rudo runodzinga ku_____.

4. I Petro 5:2 musingazviitire nekufarira mari_____.
5. I Timoti 6:10 inoti ku_____ ndivo mudzi ve_____ zvose_____.
6. Nderipi inzwi rinoreva kuti tizame kuita semutungamiri?_____
7. Mabasa 1:1 inoti Jesu akatanga zvose ku_____ uye ku_____.
8. Ndiyani mutungamiri mukuru pasi rose?_____.
9. Kupihwa basa nokuda kwekuva vakavimbika kunoremekedzwa here kunze kwehutungamiri hwekereke?_____
10. Chii chinova chikonzero chikuru chekuteverera vatungamiri?_____

CHIDZIDZO 14

SEI KUMIRA SEMUENZANISO KWAKAKOSHA MUKEREKE?

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Nokuda kwechirevo chemuenzaniso.
2. Nokuti kwaidikanwa muenzaniso.
3. Nokuda kwesimba remuenzaniso.

HURUKURO

1. *Nokuda kwechirevo chemuenzaniso.* Muenzaniso mufananidzo kana kuti kuratidzira. Unoratidza pachinzvimbo chekutura. Hurongwa hunotaridzwa unoitira kuti vamwe vakwanise kuona zvakanaka nekukwanisa kuona nekuteedzera. Bhaibheri rinotsura kuti Kritisu akatisiira muenzaniso kuti vamwe vakwanise kuona nekutevedzera mafambiro Ake (I Petro 2:21). Jesu akafamba nzira yehupenyu kumberi kwedu kuti atiratidze nzira yekufamba nayo. Nzira yatinofambanayo irinyore kunzwisisa nokuti Vakatipa mufananidzo vakajeka. Ndizvo zvinova zvakaita muenzaniso. Inzwi rekuti “chiratidzo” nenzwi “kuratidza” (zvinoreva muenzaniso) zvakafanana vose vanofanirwa kuziva kuti chinonzi chiratidzo chii. Kana mutengesesi achitengesa mumusika anoratidza muenzaniso vezvinhu zvaanenge achitengesa. Anoratidza chiratidzo chakanaka kuti vatengi vanzwe kuda kutenga zvinhu zvake. Haamanikidze vatengi kuti vatenge, asi anovakwezvera kuti vatenge nezvaanenge akaratidzira kana mufananidzo. Zvimwechete chinova chokwadi chemuenzaniso vehupenyu hwemuKritisu. Unofanirwa uri muenzaniso unokwezvera vanhu kunaKritisu. Muenzaniso unokwanisa kuva vakanaka kana kuipa. Bhaibheri rinoti guta reSodoma neGomora rakaratidzwa somuenzaniso kwatiri (Judha 7). Unova muenzaniso vakashata. Muenzaniso vekutsamwa kwaMwari pamusoro pezvakaipa. Kusatendeka kwemaIsraeri murenje unova muenza-

niso kwatiri nhasi (I Vakorinte 10:6,11). Muenzaniso, unova, mifananidzo, zviratidzo, kana kuratidzira zvinodiwa naMwari tiite kana kusaita. MuKritsu vose muenzaniso vakanaka kana vakashata. Anokwanisa kuratidza kune vamwe muenzaniso wakanaka kana usina. Muenzaniso vakanaka vakakosha mukereke nekuti urinyore kunzwisisa nekutedzereka.

2. *Nokuti kwaidikanwa muenzaniso.* Mienzaniso yakanaka yakakosha zviku-ru mukereke nokuti inodikanwa zvakanyanya. Mwari akatumira Mwanakomana vake umwechete oga nokuti kwaidikanwa zvakanyanya muenzaniso vakarurama. Mwari akashanda nevanhu kwemakore mazhinji, asi mushure mekunge Kritisu auya vanhu vakaziva nekunzwisisa Mwari zvakanaka. Nyika yakaona vatungamiri nevadzidzisi vakuru vairemekedzwa, asi hapana aitarisira kuti Jesu aizoratidzira murairidzo dzake. Nyika yaigara ichiseka mu-kuona zvidzidzo zvakare nekunzwa mazviri. Kuita uku kuchirikudikanwa kunyangwe nanhasi. Vanhu vaishuva kunzwa dzidziso dzaJesu achiratidzira pamberi pevatevedzeri vake. Nyika yakazadzwa nevadzidzisi vane dzidziso zhinji dzakasiyana siyana. Asi mudzidzisi anorarama maringe nedzidziso dzake anoonekwa. Muparidzi Timotio anotsurirwa kuti azvichenjerere pachake uye nekudzidziso dzake kuitira kuti akwanise kuzviponesa nekuponesa avo vaizomunzwa (I Timoti 4:16). Kune varume vazhinji mukereke vanoda kuva vatariri. Asi vashomanana vanoda kuva mienzaniso. Chinhu ichi chinodikanwa mukereke kunyangwe kunze. I Timoti 4:12 inotaura kuti unofanirwa kuva mufananidzo “pamusoro” pevatendi. Ndima iyi irimo muBhaibheri inotaura kuti tinofanirwa kuvamienzaniso “pamusoro” pevatendi. Panodikanwa zvakanyanya kuti vatungamiri vave muenzaniso “pamusoro” pekereke uye nekunze. Nyika irikuda mienzaniso yakanaka, uye kereke irikuda mienzaniso yakanaka yekutevera. Mienzaniso yakakosha nokuti kudiikanwa kwayo kwakakosha.

3. *Nokuda kwesimba remuenzaniso.* Mienzaniso yakafanira inodikanwa kutorwa zvakasimba nokuda kwesimba rayo. Pauro anotaura kuti kutaura kwake nekuparidza kwake ainge asiri manzwi evanhu anotaura uchennjeri vekunyengera, asi kuti zvainge zviri “zviratidzo zveMweya uye zvesimba” (I Vakorinte 2:4). Simba raPauro rakange riine hukuru nokuti ainge ari muenzaniso mukuru. Munhu anokwanisa kuparidza mharidzo yakasimba pasina kutaura inzwi rimwechete. Bhaibheri harina charinotiudza zvakataurwa naAbhero. Asi kungonzwa kufa kwake, asi akataurwa semuenzaniso (Va-Heberu 11:4). Enoki, Abrahamu, uye Joshua vainge vasiri vatauri vakuru vaivanemukurumbira kuvanhu. Asi kuti vaive varume vaiita basa sebasa. Cherechedza simba ravo remienzaniso. Kereke yaIshe nhasi izere nevatauri

vakawanda vanotaura asi vasingaite zvavanotaura. Mhando yehutungamiri vakadai hauna simba. Asi mutungamiri mukuru anemasimba munhu anopihwa ruremekedzo. Anotedzera nokuda kwehunhu vake vakanaka. Anokurudzira nekusimbisa zvakanaka. Hupenyu hwake vakasimba mukereke kunyangwe nekunze. Cherechedza kuti hupenyu hwaJesu hwakashandura nyika zvakadii! Kwemakore anodarika mamiriyoni gumi nemapfumbamwe emazana evatendi vainge vakazvipira vakazama kuda kuita saIshe. Akachinja chimiro chenyika kudarika mamwe masimba ose akabatanidzwa. Vakuru vakuru vaive nemasimba, mauto nemaguta akaputsika akakanganikwa, asi simba raKritsu rakaramba richikura. Hakuna kumwe kana mumwe anesimba sesimba rakafanana nesimba rehupenyu hwaJesu vakashandira nyika yaive nekutadza. Mienzaniso yakakosha zvakanyanya mukereke nokuda kwesimba rayo.

MIBVUNZO

1. I Petro 2:21 inoti Jesu akatsiira mu_____.
2. Ndeipi mienzaniso miviri iripo?_____.
3. I Timoti 4:16 inoti zvichenjererei_____ uye nedzidziso yako.
4. Muenzaniso unesimba rakanyanya kudarika mari?_____
5. I Vakorinte 2:4 inoti kuparidza kwaPauro kwaive_____ asi muMweya nesimba.
6. VaHeberu 11:4 inoti Abhero kunyangwe akafa hake asi_____.
7. Ndiani muenzaniso mukuru panyika?_____
8. Ipa mamwe manzwi maviri anoreva zvakafanana nekuti muenzaniso_____.
9. VaHeberu 4:11 inotaura pamusoro pemuenzaniso_____.
10. MaIsraeri ari murenje ungava muenzaniso kwatiri here?_____

CHIDZIDZO 15

NDIANANI MUKEREKE VANGAVA MIENZANISO

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kritsu. 2. Vatariri nevatati. 3. Mushumiri.
4. Vabereki. 5. Masangano. 6. Nhengo dzose.

HURUKURO

1. *Kritsu*. Bhaibheri rinoratidza kukosha kwekuita mienzaniso kubudikidza nekutaridza kuti mutungamiri nenhengo imwe neimwe inofanirwa

kuva muenzaniso. Makritsu haakurudzire nyika kana munhu kubudikidza nechisimba kana huori. Simba ravo rinovanikwa mumienzaniso. Jesu akatanga aita zvose zvinotarisirwa kuti Makritsu aite. Akatanga zvose kuita nekudzidzisa (Mabasa 1:1). Akatisiira muenzaniso kuti tinofanirwa kutevera nzira dzake (I Petro 2:21). Ndiye mukuru vedu muPrisita Mukuru akabatikana nokuda kwehuteru hwedu. Akasangana nekuedzwa marutivi ose sezvatinoitwa asi haana kupinda mukuita chivi (VaHeberu 4:15). Jesu mufudzi mukuru anofudza makwai ake pane kumachaira (I Petro 5:4). Vafudzi venguva yakararama Jesu panyika vaigara pedyo nemakwai avo. Vaizi gwai rimwe nerimwe. Mufudzi aida makwai ake, uye makwai aidavo mufudzi vavo nekuda kumutevera. Mufudzi nguva dzose aitungamira makwai ake. Aimaratidza nzira yekutevera. Aisamarova kana kumaitira nechisimba. Aimatungamira muunyororo zvekuti makwai aifarira kumutevera. Ndiyo mando yeMufudzi Kritsu aiva kwatiri. Inova zvakare mhando yevutungamiri Makritsu anofanirwa kuva.

2. *Vatariri neVabati*. Sevatariri nevashandi vesangano, vatariri nevabati vanofanirwa kuva muenzaniso kuboka. Vatariri vepaEfeso vakaudzwa kuti vazvichenjerere. Zvakare nekunjenjerera kuboka (Mabasa 20:28). I Petro 5:3 inoti: “kunyangwe tikava madzishe pamusoro penhaka yatakapihwa naMwari, asi tinofanirwa kuva muenzaniso kuboka.” Zvinodikanwa kuti munhu akwanise kuva mutariri inzira iyo yavanozviita muenzaniso kune dzimwe nhengo uye nekunyika. Vabati vekutanga vakasarudzwa nokuti vainge vari varume vaitaura zvakatendeka, vakazadzwa neMweya Mutsvene, nehuchenjeri (Mabasa 6:3). Vabati vanofanirwa kuratidzwa nekuwanikwa vasina mhosva kana vasina kuzvidzwa (I Timoti 3:10). Vatariri nevabati vanosarudzwa nokuda kwekuti vanenge vachikodzera kuva muenzaniso. Kereke inonzwa kuda kuvatevera nokuti upenyu hwavo unenge uri muenzaniso vakanaka. Havafanirwe kusarudzwa kana kuteerwa nokuda kwezvime zvinhu. Hutungamiri vekereke yaMwari unobva mumuenzaniso. Kana vatariri nevabati vakaraira imwe nhengo, hupenyu hwavo unofanirwa kuva mienzaniso yakanaka. Bhaibheri rinobva rati mutariri usingakwanise kubata imba haangakwanise kutarisira mhuri yaMwari kana achinge ambotadza kutonga imba yake (I Timoti 3:4,5). Anofanirwa zvakare ari munhu anekutaura kwakarurama kune vamwe vazive mukereke (I Timoti. 3:7). Vatariri nevabati vanofanirwa kuva mienzaniso yakanaka.

3. *Muevhangeri*. Mumwe muenzaniso vakakosha musangano muparidzi. Mushumiri anorayirwa: “Asi uitire vanotenda makwara” (I Timoti 4:12). Vanovanirwa kuva muenzaniso mukutaura, mumaitiro ehupenyu, murudo,

mumweya, mukutenda, nemukururama. Pauro anoudza Timoti kuti azvichenjerere pamwe mudzidziso dzake netsika (I Timoti 4:16). Kubudikidza nekupa muenzaniso vakanaka, zvimwechete nemukudzidzisa, zvose zvai-zomuraramisa iye neavo vaimunzwa. Asi pasina hupenyu hwakanaka kana kudzidzisa kwakanaka, haaikwanisa kuzvibatsira pachezvake nevanzwi vake pasina kurarama hupenyu hwakanaka. Pauro anotaura kuMakritsu aive pa-Tesaronika: “nokuti imi munoziva mumene, kuti munofanira kutitevera isu: nokuti hatina kufamba netsika dzisakafanira pakati penyu” (II VaTesaronika 3:7). Maitiro ose aPauro ainge ari ekuizviita muenzaniso kuvanhu ndima yemukati yechipfumbamwe. Mushumiri kana Muvhangeri anotedzera Kritsu kuti akwanise kuva muenzaniso pamberi pekereke.

4. *Vabereki*. Vabereki Makritsu vanababa nanamai vanofanirwa kuva mienzaniso yakasimba yakanaka kuvana vavo. Mukomana vechidiki Timoti aive naamai vainge vakatendeka pamberi pake (II Timoti 1:5). Hakuna muenzaniso vakasimba kumwana unodarika muenzaniso vevabereki vake. Mwana anoziva zvose zvinotwa nevabereki vake mumba. Haanganyengedzwe. Zvinova zvinobatsira madzimai anenge asingagone kuverenga kana kudzidzisa Bhaibheri, kuti adzidzise kubudikidza nomuenzaniso. Vabereki vanova muenzaniso mukereke.

5. *Masangano*. Kuratidzirwa kunoitwa nesangano rose kunoratidza vanhu kunaka kana kuipa. Kereke yepa Tesaronika yakarairwa kuti riwe muenzaniso mukuru kune vose waitenda munzvimbo yavo (I VaTesaronika 1:7). Mamwe masangano asina kusimba anokwanisa kusimbiswa nekuitwa kwemienzaniso yakanaka nemakereke akasimba. Masekete nevasingatendi vanenge vachitarisa mifambiro yesangano rimwe nerimwe. Jesu anotaura kuti vanhu vake vakaita seguta rakavakwa pamusoro pegomo risingavanzike. Mateo 5:14 anoti Mukritsu mumwe anova chiedza, kana vachinge vabatanidzwa vanoita seguta rakachena rinokwanisa kuonekwa nevanhu varikure. Masangano anofanirwa kuva muenzaniso vakanaka.

6. *Nhengo dzose*. Sangano rinokwanisa kusava chiedza kunze kwekunge nhengo imwe neimwe yaita chiedza chinovhenekera chinopenya. Jesu anoti kuvanhu: “Saizvozvo chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu” (Mateo 5:16). Hupenyu hweMukritsu vese ibhuku rinoziikanwa nekuverengwa navanhu (II Vakorinte 3:3). Nhengo dzose dzekereke yaIshe dzinofanirwa kuva muenzaniso wechokwadi vakaita sevaKritsu.

MIBVUNZO

1. VaHeberu 4:15 inotaura kuti Kritsu ndiye mukuru vedu_____.

2. I Petro 5:4 inodana Kritsu_____.
3. Mabasa 20:28 inoudza vatariri kuti vazvichenjerere ivo pakutanga_____.
4. I Petro 5:3 inoda kuti vatariri kuti vave_____ kuboka.
5. Ipa ndima imwechete inotaridza kuti vabati vanofanirwa kuva muenzaniso_____.
6. I Timoti 3:7 inotaura kuti vatariri vanofanirwa kuva nemupupuriro vakana-ka kubva kwavari_____.
7. I Timoti 4:12 anoudza vavhangeri, kuti: “Itai_____.”
8. I Timoti 4:16 ndezvipi zvinhu zviviri zvakataurwa na Timoti kuti vavhangeri vachenjerere?_____
9. I Timoti 1:5 inopa mazita amai va Timoti se_____ uye gogo vake sa_____.
10. Ratidza ndima mbiri dzinoratidza kuti masangano anofanirwa kuva mienzaniso_____.

CHIDZIDZO 16

NDEAPI MABASA NENZVIMBO DZAVO MUKEREKE?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Vatariri. 2. Vabati. 3. Vavhangeri.

HURUKURO

1. *Vatariri.* Zvino tagadzirira kudzidza nzvimbo dzebasa rinofanirwa kuitwa nevatungamiriri mukereke. Zvakanaka kuti utange vanzwisisa kutanga inzwi rekuti “hofisi.” I Timoti 3:1 inoti: “Kana munhu achitsvaka basa romutariri, unoda basa rakanaka.” Zvoreva izvo kuti zvinoreva basa rehofisi mukereke kushanda. Zvinoreva hofisi mukereke inzvimbo yebasa kana yekushanda. Vanhu vazhinji vanofunga kuti vatungamiri vemukereke yaIshe vakafanana nevatungamiri vari muhurumende. Vanofunga kuti kuva nemari kana midziyo zvinoita kuti vakwanise kupihwa hutungamiri nekuudza vawe zvekuita. Asi hofisi mukereke ibasa rinoitwa. Mahofisi mazhinji mubhisimusi nemuhurumende ane huori munyika. Vatungamiri vemumahofisi vanobhadharisa muripo kuti vakwanise kuvana mari dzechioke muhomwe. Chinzvimbo chavo kwavari kutiza basa. Vanofunga kuti mahofisi avo makuru uye ane zvinzvimbo zvikuru zvineruremekedzo asi riine basa shomamanana. Vatungamiri vemukereke yaIshe vanofananidzwa nevashandi vanoshanda mumunda yemumiti yemupaumu. Umwe anenge aine basa rekukwira mu-

muti kundodimbura nekutanha michero. Vanhukadzi vanenge vaine basa rekutora nekuunganidza michero. Uye vamwe vanhu vanenge vachidzura nekusvina mafuta. Vose vanenge vachishanda nekushingaira mumabasa avo. Mukuita uku vatariri vanenge vaine basa rekuita, vabati vaine basa rekuita, uye vavhangeri kana vashumiri vanenge vaine basa rekuita. Munhu mumwe neumwe anenge aine nzvimbo nebasa rekuita. Umwe neumwe ane basa rekuita. Ndizvo zvinoreva hofisi. Ibaso rake kana mando yekuitwa kwebasa. Vatariri mukereke vane basa rekutarira (I Petro 5:2). Vanova vatariri (Mabasa 20:28). Vanotarisa nokuda kwemweya yenhengo VaHeberu 13:17, Vanova vafudzi vemweya yevafudzi veboka (Mabasa 20:28).

2. *Vatariri*. Vatariri vashandi mukereke. Inzwi rekuti “mubati” rinoreva munhu anoshanda, kunyangwe hazvo Makritsu ose ari vashandi vanozvininipisa, asi vabati vashandi vakasarudzwa kunyanya kuti vashandire mabasa pakereke vaine zvikonzerwa zvekushanda mabasa apakereke. Mukereke yepaJerusarema vanhu vaidikanwa kubata mabasa mukupa zvokudya kunhengo dzaishayiwa. Baso iri rakapihwa kuvabati vekutanga (Mabasa 6:1-6). Zvaidikanwa kuti munhu akwanise kuva mubati zvinotaurwa kuti anofanirwa kuva murume ane hunhu netsika dzakanaka anoshingaira. Varume vanova nokukudzwa mukereke nokuda kwehupenyu hwavo nebasa ravo (I Timoti 3:8-13). Vane nzvimbo dzavo dzekushanda mukereke sezvakangoitavo vatariri vane nzvimbo dzavo. Ndizvo zvinoreva “hofisi yevabati” (I Timoti 3:13). Vatariri nevabati ndivo vega mubhaibheri vanotaurwa kuva nehofisi. Mamwe mahofisi mazhanji nevatungamiri vazhinji vanovanikwa munemamwe makereke evanhu hazvina kubvira zvambotaurwa muMagwaro. Muna vaFiripo 1:1, Pauro anonyorera kukereke yepaFiripo nemabhishopi kana kuti vatariri nevabati. Vatariri nevabati ndiwo hutungamiri hunovanikwa mukereke yaIshe.

3. *Vaevhangeri*. Kuva muvhangeri haisi hofisi yekuita mukereke asi kuti ibasa rekuita. Pauro anoudza Timoti kuti aite basa remuevhangeri (II Timoti 4:5). Muevhangeri zvinoreva muparidzi. Baso rake rakakosha nderekuparidza nekudzidzisa. Kunyangwe hazvo makereke epaFiripo aive nevatariri nevabati mundima yekutanga, Timoti ainge akatumwa kwavari naPauro kuti andoita basa rinotarisirwa kuti muevhangeri aite (VaFiripo 2:19). Vaevhangeri vanenge vari pasi pekutarirwa nevatariri, sezvinongoitwa mamwe masanganose. Muparidzi anoshanda pasi pevatariri anofanirwa kuva nerukudzo rwakanyanya kuvatariri (I Timoti 5:17). Asi simba remuparidzi haribve kumanzwi evatariri, asi ngarive inzwi remushoko raMwari. Bhaibheri rinosvika kunyangwe pakutaura kuti vatariri vasina tsika dzisakafanira anofanirwa

kurairwa mukutsuurwa kana zvichikonzera kuitira kuti vamwe vave nokutya (I Timoti 5:19, 20). Mwari anenzvimbo yevaevhangeri nenzvimbo yevatariri nevabati mukereke. Mumwe neumwe anofanirwa kunge anezvikodzerwa nekugadzirira mubasa iri. Mumwe neumwe anofanirwa kuziva nzvimbo yake nekugadzirira pabasa iri. Mumwe neumwe anofanorwa kuziva nzvimbo yebasa rake kuti akwanise kuita basa Mwari akamusarudzira kuti ariite. Nokudaro, sangano rinofanirwa kunzwisisa basa rinofanirwa kuitwa nevarume ava. Hakuna hutungamiri kana hofisi inofanirwa kugadzirwa kunze kweyevatariri nevabati. Ngapasave nevaparidzi vanotsvaka kuzvitorera basa revatariri mukutungamirira kereke. Asi mumwe nomumwe ngaazive nekunzwisisa chinzwimbo chebasa raMwari mukereke. Zvakare vanhu ngavaite basa iro ravanona uye ravakadanwa nekuva nezvikodzerwa mariri.

MIBVUNZO

1. I Timoti 3:1 inotaura kuti hofisi yabhishopi yakanaka_____.
2. Ndeapi mahofisi maviri ari mukereke? VaFiripo 1:1_____ and_____.
3. VaHeburu 13:17 inoti vatariri vanotarira nokuda kwa_____.
4. Inzwi rekuti “mubati” rinoreva_____.
5. II Timoti 4:5 inoti Timoti aifanira ku_____ re_____.
6. Ndiani Vatariri vekereke? I Petro 5:1,2_____.
7. Vatungamiri mukereke vakafanana nevashandi mumunda vemupaumu. Mumwe neumwe anebasa rake_____.
8. I Timoti 3:13 inotaura kuti pavose_____ vevabati.
9. Ndechipi chikamu chinotaura nezvekusarudzwa kwevabati?_____
10. Vaparidzi varipasi pevatariri here?_____

CHIDZIDZO 17

NDEAPI MAZITA ANOPIHWA VATARIRI?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Vatariri. 2. Perisibita. 3. Mabhishopu.
4. Ovhasiya. 5. Vafundisi. 6. Vafudzi.

HURUKURO

1. *Vatariri*. Mutariri mukereke yaIshe ane mazita matanhatu. Rimwe nerimwe rinechirevo chakakosha. Mukudzidza chirevo chezita rimwe nerimwe, zvizhinji zvinoziikanwa pamusoro pevatungamiri ava. Zita rinonyanyo ziikanwa nderekuti “mutariri.” Inzwi rekuti “mutariri” rinoreva munhu akwegura.” Zvichitsanangura munhu akwegura arimukutenda zvakare mukuru pamakore. Vatariri vanhu vanenge vakura pazera, muhunhu zvakare nemupfungwa nekuva neruzivo rweMakritsu anenge ari mukereke. Havafanirwe kuva vatendi vatsva I Timoti 3:6. Hazvirevi kuti kana murume ari munhu akwegura mudhunhu ravo anokwanisa kuitwa mutariri mukereke. Anogona zvakare kutova munhu akwegura kudarika vamwe mukereke asi haakwanise kuva mutariri kana asina mweya vaMwari. Kunyangwe akave nhengo yekutanga musangano asi asingazive Zvinyorwa haakwanise kuva mutariri. Bhaibheri rinotaura kuti Pauro anodana vakuru vekereke yepaEfeso Mabasa 20:17. Munenzvimbo zhinji vatariri vanosarudzwa mukereke imwe neimwe Mabasa 14:23. Tito anosiiwa paCrete kuti agadze vakuru mumaguta ose Tito 1:5. Zita rekuti “Mukuru” rinoratidza kuti munhu uyu anenge akura nekuva neruzivo munezvekutenda. Anenge aine rukudzo rwinounzwa nemakore ekurarama kwake akavimbika.

2. *Perisibita*. Rimwe remanzwi anoreva zvimwechete nekuti mutariri kana mukuru nderekuti “perisibita.” Iri nderimwe inzwi rinoreva kuti “mukuru.” Rinoonekwa mubhaibheri kamwechete I Timoti 4:14. Rine ukoshi vakafanana nenzwi rekuti “vakuru” rinonzwisika zvakanaka parinotsanangurwa pamusoro apa.

3. *Bhishopu*. Rimwe zita revatariri nderekuti “Bhishopu.” Rinovanikwa muna I Timoti 3:1,2; naTito 1:7; kuna VaFiripi 1:1. Rinotaurwa kumwe richitaura Kritsu kuva mutariri vemweya yedu I Petro 2:25, uye nenzvimbo yekucherechedza iyo yakaputsika Judhasi Isikarioti Mabasa 1:20. Zita iri revatariri rinoratidza basa rekucherechedza kana kutarisira rinofanirwa kuitwa nevatariri. I Petro 5:2 inotaura kuti vanofanirwa kufudza. Izvi zvinkohomedza kuti vatariri pachavo havakwanisi kuita mabasa ose ekudzidzisa

nekutungamira. Asi vanenge vachitarira basa rese iri. Vanenge vachitarira kucherechedza basa remukereke munharaunda. Sezvo masangano ose achi-fanirwa kuva nevatariri, kereke yaIshe ine mabhishopu kana kuti vatariri, kana vakuru

4. *Ovhasiya*. Sezvatsanangurwa pamusoro apo, inzwi iri rinoreva zvimwechete nekuti bhishopu. Rinogadzirwa nemanzwi maviri: “kuona” uye “pamusoro.” Mutariri mukuru anotarira pamusoro pekereke. Anova mutariri pamusoro pezvakanaka nebhisimusi resangano. Mabasa 20:28 inoti Mweya Mutsvene vakaita vagari vemuEfeso vatariri nevafudzi veboka. Basa ravo rainge riri rekunjenjerera vadzidzisi venhema vaizouya dima yemukati 29,30. Zita rekuti “ovhasiya” rinotaura kukosha kwebasa ravo rekutarisa zvinova zvakakosha mukereke yaIshe.

5. *Vafudzi*. Zita iri kuvatariri rinovanikwa kamwechete muTetsamente Itsva VaEfeso 4:11. Nderimwe inzwi rinoreva vafudzi. Vatungamiri vezvaMweya pamusoro pevanhu veIsraeri vaidanwa kuti “vafudzi”, Jeremiya 2:8. Matambudziko nezvituko zvinotaurwa pamusoro pevafudzi vanoparadza nekutsausa makwai aIshe Jeremiya 23:1-7. Inzwi rekuti “mufudzi” rakafanana nenzwi rekuti “mafuro.” Izvi zvinoderera mberi kutaura zvinoreva mufudzi negwai. Mufudzi vemasangano vakasiyana nemufudzi vemuZvinyorwa. Vafudzi vatariri muBhaibheri, zvakare vanodarika umwechete pakereke.

6. *Vafudzi*. Mukunyorera kuvatariri muapotsora Petro anovaraira kuti vachengete boka raive pakati pavo. Anoendereramberi achiti kana mufudzi mukuru achionekwa anova Kritisu, vachapihwa korona yokubwinya isingasvavi I Petro 5:1-4. Izvi zvinoratidza kuti vatariri vafudzi musangano varipasi paKritisu anova. Muenzaniso uyu vemutariri kumufudzi unobatsira. Vafudzi munzvimbo dzinowanikwa muBhaibheri vaiva vanhu vaifarira kuva pakati pemakwai avo. Vaimada uye vaimachengeta (tarisa Mapisarema 23). Nguva zhinji vaitungamira kumberi kwavo, vaisasarira vari kumashure. Vaiziva dambudziko remhuka imwe neimwe. Vaimachengeta, nekumapa zvokudya neku-mamwisa mvura yekunwa. Vafudzi vaitambura zvakanyanya kuti vakwanise kuona ngwayana rinenge rarasika kana kumachengetedza kubva kuzvikara. Ndizvo zvakaita mhando dzevatungamiri Mwari anoda tiite vatariri. Zita rekuti “Mufudzi” nemamwe mazita evatariri mukereke anotibatsira kutipa kunzwisisa kwakanaka pamusoro pevarume ava. Vatariri ndivo maperisibita, mabhishopu, maovhasiya, vafundisi kana kuti vafudzi.

MIBVUNZO

1. Mazita mangani anopihwa vatariri? _____

2. Inzwi rekuti “mutariri” rinoreva_____.
3. Mabasa 20:17 inoti Pauro akadana_____ kubva kuEfeso.
4. Mabasa 14:23 inotaura_____ vakavasanangurira_____ imwe neimwe.
5. I Timoti 4:14 inodana vatariri kuti_____.
6. I Timoti 3:1 inoti kutsvaka_____ unoda_____.
7. Mazita ekuti “bhishopu na”ovhasiya” anoreva zvimwechete here?_____
8. Ndeapi manzwi maviri anoumba zita rekuti “ovhasiya?”_____
9. VaEfeso 4:11 inodana vatariri_____.
10. Vafundisi vangani vanofanirwa kuvepo pakereke?_____

CHIDZIDZO 18

SEI VATARIRI NEDZIMWE NGUVA VASINGANZSISISIKE?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Mazita matanhatu ose anoreva kumunhu mumwechete.
2. Panofanirwa kuva nevatariri vanodarika mumwechete pakereke imwe neimwe.
3. Vatariri vose mukereke vane masimba akafanana.

HURUKURO

1. Mazita matanhatu ose anoreva kumunhu mumwechete. Kusanzwisisa kwakanyanya kunokonzera kukangaidzika pamusoro pechidzidzo chevatariri. Kusanzwisisa kwemunhu kunogona kubatsirika kana achinge anzwisisa kuti mazita matanhatu evatariri ose anoreva vanhu vamwechete. Mumaker- eke emasekete mune vatariri vakasiyana nevavafundisi. Zvakare mabhishopu ndeumwe hutungamiri zvakare. Asi mazita matanhatu anoreva rimwechete. Muchidzidzo 17 mune mapoka matatu emazita maviri pane rimwe nerimwe. “Vakuru” ne “maperisibita” manzwi maviri anoreva “munhu akwegu- ra,” maovhasiya “nemabhishopu” manzwi maviri anoreva “vatariri.” “Mu- fudzi” ne “mafundisi” vose vanoreva vafudzi vemakwai. Zvino cherechedza kuti mubatanidzwa vemanzwi matatu aya vakabatanidzwa pamwechete kuti utaure zvemunhu mumwechete. Muna Mabasa 20:17, vatungamiri vepaEf- eso vaidanwa kuti “vatariri.” Asi ndima yemukati ya28 inodana varume ava kuti “maovhasiya” anobva atizve vafudze “boka,” zvinobva zvavaita vafudzi kana vafundisi. Nokudaro, vatariri maperisibita vanodanwa zvakare kuva maovhasiya (mabhishopu) nevafudzi (mafundisi). Ava haasi mabasa akasi-

yana asi kungoti manzwi anodanwa zvakasiyana asi achireva vanhu vamwechete sezvinoreva (I Petro 5). Ndima yemukati yekutanga inotaura kuti “vatariri.” Ndima yechipiri inotaura kuti vatariri vanofanirwa “kufudza” boka raMwari, zvinovaita vafudzi. Zvakare ndima yechipiri inovaudza kuti “vatarire” boka, zvinovaita maovhasiya. Vatariri, maperisibhita, mabhishopu, vafudzi nevafundisi hausi hutungamiri vakasiyana. Aya ndivo anongova mazita matanhatu ehutungamiri umwechete mukereke yaIshe.

2. Panofanirwa kuva nevatariri vanodarika mumwechete pakereke imwe neimwe. Zvimwe zvezvikanganiso zvinoitwa mumakereke emasekete ndechekuva nemufudzi (mutariri) kana Bhishopu umwechete pakereke yose. MuTestamente Itsva masangano aive nevafundisi (vatariri) kana mutariri vanodarika mumwechete mukereke imwe neimwe. Hatina patakamboverenga muBhaibheri “mufundisi” vekereke. Kunze kwekuti Bhaibheri rinotaura kuti “vatariri” vaitsanangurwa mukereke imwe neimwe (Mabasa 14:23). “Vatariri” (“kwete “mutariri”) vaitsanangurwa muguta rimwe nerimwe Tito 1:5. Pauro anodana “vatariri” kana kuti “maovhasiya” kubva kuEfeso (Mabasa 20:17, 28). Akanyorera “kumabhishopu epaFiripi (Firipi 1:1). Uyu ndivo hurongwa hwaKritsu kuhutungamiri vekereke. Pane huchenjeri muhurongwa. Kana munhu umwechete akatungamira sangano zvirinyore kuti azvifungire iye bedzi “semukuru” vekereke. Anokwanisa kuzvikwezvera kuti azvitsvakire mukurumbira. Anokwanisa kusatarisa vamwe mukutonga kwake. Hurongwa hwaMwari hautenderi mutungamiri kuti azviite “munhu mukuru.” Hurongwa hweBhaibheri ndevakuti kuve neboka revatariri vanotungamira sangano. Kunze kwekuti kunogona kushaikwa vanhu vaviri vanokwanisa kuita vatariri kereke iyoyo inofanirwa kumbomira kuva nevatariri. Zvinova zvinhu zvisingatenderwe kuva nemutariri mumwechete pasangano. Kana paine vatariri vaviri, kana umwechete akafa kana kubviswa, mutariri anenge asara anofanirwa kumbomira kiita mutariri kusvika pavanikwa mumwe anekodzero. Panofanirwa kugara paine vatariri vanodarika mumwechete pakereke. “Vatariri.”

3. *Vatariri vose mukereke vane masimba akafanana.* Chinhu chetatu chinova chinokanganiswa ndechekuti mutariri mumwechete anenge akuzvitarisa sekunge ari pamusoro pevamwe vose. Ndicho chimwe chezvinhu zvakakonzeresa kutsauka kubva pakutenda mumakore anezana ekutanga muhutungamiri vekereke. Zvinova zvakazosakisa mukutangwa kwepfungwa “yeubhishopu” pamusoro pemakereke mazhinji. 1 Petro 5:4 inotaura pamusoro paKritsu “semufudzi mukuru.” Bhaibheri haridane mutariri vepakereke kuti “mukuru vevatariri.” Sezvo Kritsu achidanwa kuti “Ndiye” Mukuru vevafudzi, tinoudzwa kuti titende kuti Ndiye ega Mufudzi mukuru. I Petro 2:25 anodana Kritsu

“Mufudzi neMutariri vemweya wako.” Hatina patakamboveenga munhu achidanwa kuti “Bhishopu mukuru” vekereke kana kumapoka emakereke. Sangano rimwe nerimwe riine “maovhasiya,” kwete ovhasiya” kana “Vafudzi.” Nokudaro, vatariri vanenge vashanda nesangano makore akawanda havana masimba makurukudarika mumwe anene anenge achangotanga. Vatariri vepasangano hombe havana simba kune vamwe vanenge vari pasanganoro ruduku. Muapotsora Petro anozvidana kuti mumwe vevakuru achitaura kune vamwe vakuru (I Petro 5:1). Vatariri vanorairwa kuti vasazvikudza nekuva vanovira mukutongwa kumwe nadhiabhorosi (I Timoti 3:6). Dhiabhorosi anofadzwa nekuzvikudza mukuzvida kwemutariri. Kuzvikudza kwemunhu kurunyore kun’ora kwemutungamiri. Vatariri vose mukereke vane masimba akafanana. Hakuna munhu ane masimba makuru kudarika umwe.

MIBVUNZO

1. Vatungamiri vangani vaitaurwa nemazia matanhatu? _____
2. Mazita matanhatu aya zvirokwazvo aive_____ nemapoka_____ zita rimwe.
3. Ipa ndima mbiri dzemuBhaibheri dzinobatanidza dzinobatanidza mazita pamwechete_____.
4. Mabasa 14:23 inoti_____ vakasanangurira_____ imwe neimwe.
5. Tito 1:5 inoti_____ vakasanangura_____.
6. VaFiripo 1:1 Pauro anonyora_____ paFiripi.
7. Munhu mumwechete anokwanisa kushanda oga here semutariri?_____
8. I Petro 2:25 inodana Kritsu kuti_____ uye_____ pamusoro pemweya yenyu.
9. Bhaibheri rinotaura pamusoro pe”mabhishopu ekereke?_____
10. I Timo 3:6 inorayira pamusoro pekuzvikudza_____

CHIDZIDZO 19

MASEKETE ANOKANGANISA SEI HORONGWA HWEKUTUNGAMIRA MUKEREKE?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kutevera masimba emunhu kunze kwemasimba eBhaibheri.
2. “Kudarikira” kereke yakazvimirira.
3. Kushandisa hutungamiri hunopikisana nemagwaro uye mabasa asimo

muMagwaro.

4. Kushandura mahofisi emumagwaro.

HURUKURO

1. *Kutevera masimba emunhu kunze kwemasimba eBhaibheri.* Muchidzidzo ichi nemunechidzidzo chichatevera munhu anoshuwirwa kudzidza kuti hutungamiri hwekereke kazhinji hwakakanganiswa sei. Muchidzidzo chino tichacherechedza kuti makereke emasekete akakanganisa sei hurongwa hwekereke. Muchidzidzo chinotevera tichadzidza kuti hurongwa hwekereke vakakanganiswa sei, zvakare nekereke yaIshe. Chikonzero chikuru chakasakisa kuti huori hupinde muhutungamiri hwemakereke emasekete kutevedzera kwavo masimba evanhu kunze kwemasimba eBhaibheri. Kukanganisa kwavakaita kukuru kuteedzera katikizimo. Katikizimo kemasekete. Kanotendera kushandurwa kuzhinji hurongwa hwemakereke unotaurwa neBhaibheri. Sezvo katikizimo kachitevedzerwa kuva kane masimba, kushandura nemafungiro ako akasvika pakuteedzerwa. Zvinova zvakaoma kudzosera vanhu kuhurongwa hwechokwadi vekutungamirwa kwekereke kana katikizimo ichiremekedzwa seinemasimba. Bhaibheri ndicho bedzi chinyorwa chinofanirwa kuremekedzwa sesimba roga muchitendero. Zvinoruramisira muKritsu mumabasa ose akanaka (II Timoti 3:17). Masimba ose ehutungamiri hwekereke, muzvitendero zvose, anofanirwa kuremekedzwa.

2. *“Kudarikira” kereke yakazvimirira.* Imwe nzira yemasekete inokanganisa hutungamiri vekereke vezvokwadi kutadza kuremekedza kuzvimirira kwemamwe masangano. Chimwe chezvinhu zvakakosha muhurongwa hwaMwari mukutungamira kereke Yake kuzvimirira kwekereke imwe neimwe munharaunda. Makereke mazhinji emasekete mando dzehurongwa hadzina hutungamiri vadzo pasangano remunharaunda. Mhando dzehurongwa hwadzo vakatosiyana. Asi vanotaurirwa kuti vasavedzera mudzidziso dzaKritsu (II Johane 9,10). Tinofanirwa kusimbira padzidziso dzaKritsu pamusoro pehurongwa hwekereke, zvimwechete nemuneumwe hurongwa hwese hwaIshe pakereke Yake. Kana tichinge tikarambira mizvidzidzo zvekudzidzisa hurongwa hwaIshe vekereke. Kana tichichinge tasimbira muzvidzodzo zveBhaibheri tinova nemakereke emunharaunda anozvimirira. Asi kana vanhu vakadarikira hurongwa uyu mukugadzira matunhu nekugadzira vatungamiri vemubatanidzwa vemapoka tinenge tanzvenga mudzidziso dzaKritsu. Makereke emasekete anokanganisa huronhwa hwaIshe pamusoro pekuzvimirira kwekereke.

3. *Kushandisa hutungamiri hunopikisana nemagwaro uye mabasa asimo muMagwa-*

ro. I Petro 4:11 inoti tinofanirwa kutaura sekutaura kwaMwari. Zvinoreva kuita zvinhu zvemuBhaibheri munzira dzemuBhaibheri nekudana zvinhu zvemuBhaibheri nemazita emuBhaibheri. Zvakazarurwa 22:18,19 inoraira pamusoro pekuvedzera muShoko raMwari kana kutapudza zvimwe pariri. Nokuda kwechikonzero ichi, chidimbu chose chekereke yaIshe chinofanirwa kuteedzera Bhaibheri sezvariri. Vatungamiri mukereke vanofanirwa kuva nehurongwa humwechete seunotaurwa neBhaibheri. Asi makereke mazhinji emasekete ane nogadzira mabasa nehutungamiri usingavanikwe muZvinyorwa. Aya mabasa anogona akagadzirwa nevanhu asingavanikwe muBhaibheri. Zvakaita sebasa re”yemukatekizimo”, “mutumwa”, “mukuru vemabhishopu,” “popu” nevamwe vakadaro. Uku handiko kutaura, sekutaura kunoita Bhaibheri. Kuvedzera mushoko raMwari. Kereke yaIshe haingadzoreredzwe muchokwadi nhasi kunze kwekuti mabasa ose nehutungamiri hwavo husingavanikwe muTestamente Itsva uchinge varegedzwa.

4. *Kushandura mabasa emumagwaro.* Nzira yechina inoshandiswa nemasekete kukanganisa hutungamiri hwekereke yezvokwadi kushandura mabasa anovanikwa mubhaibheri. Rinova zita reBhaibheri rinoshandiswa muhofisi, asi chirevo chisingatevedzerwe. Ichi chinova chokwadi kumabhishopu emasekete. Kunyangwe mabhishopu achivanikwa muBhaibheri, mabhishopu emumasekete haana kufanana naBishopu vemuTestamente Itsva. Zvimwechete nemufundisi vemasekete. MuBhaibheri vafundisi vaiva vatariri vaitarira sangano. Asi mumasangano anhasi mufundisi, muparidzi anotungamira kereke imwechete kana kuti dzinopfuura imwechete. Zita nderimwechete asi asi basa ndiro rasiyana. Mumwe muenzaniso ndevemupirisita vemasekete. MuBhaibheri Mukritsu vese mupirisita I Petro 2:5, 9. Asi mukereke emasekete mupirisita vanhu vanobata mumabasa akakosha musangano. Mukuita uku, tinoona kuti zita remuzvinyorwa rakashandiswa asi chirevo chisiri chemuchinyorwa chinopihwa pariri. Makereke emasekete, anosvika pakuodza hutungamiri hwehurongwa hwekereke mukuteedzera masimba evanhu, mukuramba kuti makereke emunharaunda azvimirire, kubudikidza nekushandisa mabasa asingavanikwe muBhaibheri, pamwe nekushandura zvirevo zvemabasa zvisingavanikwe muBhaibheri, nekushandura zvirevo zvemabasa vachiisa zvavo zvisingavanikwe muBhaibheri.

MIBVUNZO

1. Nderipi inzwi rinopa zita kubhuku remunhu remasimba emasekete?_____
2. II Timoti 3:17 inoti zvinyorwa_____ kunesu mumabasa ose akana-

ka.

3. I Johane 9 inoti uyo_____ muku_____ kwaKritsu.
4. Ndedzipi mhando dzemasangano asingavanikwe muBhaiberi?_____
5. I Petro 4:11 inoti taura se_____ nga_____.
6. Zvakazarurwa 22:18,19 inoraira kuti tisa_____ kana_____ kubva mubhuku raMwari.
7. Ipa mazita emabasa mana asingavaanikwe muBhaibheri_____.
8. Ipa mazita matatu anovanikwa muBhaibheri anokanganiswa nemasekete_____.
9. I Petro 2:9 inoti tiri_____.
10. Kereke yezvokwadi ingadzoserwa here pakutanga kana mabasa ayo asina kudzoreredzwa? _____

CHIDZIDZO 20

MAKEREKE AKRITSU ANOKWANISA KUKANGANISA SEI HUTUNGAMIRI HWEKEREKE?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kusanangura vatungamiri vasina zvikodzerwa.
2. Kuva “nevamiririra vatariri.”
3. Kuchinja basa kuriita chinzvimbo.
4. Komiti yekereke.

HURUKURO

1. *Kusanangura vatungamiri vasina zvikodzerwa.* Huori hwehutungamiri vekereke hunokwanisika kuitika kunyangwe mukereke yaIshe sezvinongoitika mumasekete. Mamwe makereke aKritsu haatedzere hurongwa veBhaibheri nemazvo. Sokuti, Bhaibheri rinopa pachena zvinodiikanwa kut munhu akwanise kuva mutariri kana mubati. Rinotaura kuti munhu “anofanirwa” kuva nezvikwanisiro izvi kuti akwanise kuva mutungamiri (I Timoti 3:2). Inzwi rekuti “anofanira” rinoreva kuti “anosungirwa.” Inzwi rakasimba rinoratidza kuti zvikodzerwa chaizvoizvo zvakakosha. Mambo Jesu vanoti: “unofanirwa kuzvarwa patsva” (Johane 3:7). Kutu ukwanise kupinda muushe hwaMwari zvakakosha kuti uzvarwe patsva. Hapafanirwe kusiiwa apa. Zvimwechete zvinova chokwadi kune zvikodzerwa zvevatariri. Maitiro “anofanirwa” emunhu anofanira kuratidza munhu kuti haana zvikodzerwa. Inzwi rekuti “anofanira” rinoshandiswa pamunhu vese anenge anezvikodzerwa zvakapihwa. Kana zvikodzerwa zveemunhu zvimwe zvichiita zvimwe zvisingaite, zvoreva

kuti haakodzere. Hazvitenderwe muBhaibheri kusanangura mutungamiri kana asina kukwanisa kusadzisa zvikodzerwa zvose zvinodikanwa. Izvi zvinokanganisa hurongwa wekutungamira mukereke yaIshe.

2. *Kuva “nevamiririri vevatariri.”* Kumwe kukanganiswa kunoitwa nemaker-eke aKritsu kuisa “anofanomiririra mutariri.” Kune varume vasina zvikodzerwa zvekuva vatariri, asi vanoda kudandwa kuti vatariri. Havasi vatariri vakasanangurwa nokuda kwezvikonzerwa, asi vanoda kuita sevatariri. Uku kukanganisa shoko raMwari. Hurongwa hwaKritsu mumakereke ese unobva pakurarama hupenyu hwemuenzaniso. Kana munhu akasava muenzaniso muzvikonzerwa zvose zvakapihwa, haafanirwe kuita sokunge ari. Pakava nemunhu anenge asiri Mukritsu, asi achida kuva “anosanomiririra maKritsu.” Kereke inomutendera here kuita sokudaro kunyangwe asiri Mukritsu chaiye? Hapana munhu anofanirwa kunge akapfeka zita rekuti “Mukritsu” iye asiri Mukritsu chaiye. Naizvozvo hapana anotarirwa kupfeka zita rekuti “mutariri” iye asiri mutariri. Kuitwa kwekudaro kukanganisa Zvinyorwa. Kunon’oresa hurokwa hwaKritsu mukutungamira kereke Yake.

3. *Kuchinja basa kuriita chinzvimbo.* Nzira yechitatu inoitwa nesangano mukukanganisa hurokwa hwaKritsu kuita mabasa akanaka kuti ukwanise kuvana chinzvimbo mukereke. Chinonzi basa kuita basa. Muenzaniso ibasa kana kuita basa rekuchengetedza mari yaIshe musangano. Tinodana munhu uyu kumuti “mubati vehomwe.” Asi mubati vehomwe hasi mutungamiri. Anenge achiita basa. Kuchengetedza mari yaIshe ibasa rakanaka. Hachisi chinzvimbo mukereke. Hakuna hutungamiri vemukereke anodandwa kuti “mubati vehomwe” muBhaibheri. Asi panedzimwe nguva tinoona vabati vehomwe vachida kushandura basa ravo kuriita chinzvimbo. Izvi zvinopikisana neshoko raMwari. Munhu anoshandisa rutanda rurefu kumutsa vanhu vanenge vachirara mukereke haasi mutungamiriri. Anenge achiita basa kana kuita basa rinodikanwa. Asi zvimwe munhu iyeye anotanga kuzviona seane chinzvimbo mukereke. Nedzimwe dzenguva anotanga kuzvipa zita rinemutupo nekuzvipa masimba. Anenge achichinja basa kuriita chinzvimbo. Zvimwechete zvakan-gofanana nemuimbisi. Munhu anenge achiita zvakanaka mukutungamirira zvakanaka mukuimba. Asi anosvika pakusvibisa basa rakanaka paanotanga kuzviona semutungamiri mukereke. Muna 1 Vakorinte chitsauko 14, tinoverenga nezvenhengo yekereke yaiita zvinhu zvakanawanda mukubatsira mubasa rekunamata. Nokuti munhu akatungamira mukunamata hazvireve kuti ave Mutungamiri. Asi kuti anenge achingoita basa. Chidimbu chake chinova basa, kwete chinzvimbo. Mukritsu vese ane chidimbu chebasa raMwari mukunamata mukereke. Asi izvi hazvitiite kuti tese tive vatungamiri. Dam-

budziko rinouya kana munhu akafunga zvakanyanya pamusoro pemasimba aangavana pane zvaangaite pamusoro pebasa raanoita. Varume vazhinji vanofarira kuita mabasa anorumbidzwa avanozvivanira rumbidzo pachezvavo pane zvinhu zvaanenge achiita. Vanhu vakadaro vanozvitsvakira zvinzvimbo (II Johane 9). Variko vanhu vakadaro mukereke vanozvitsvakira zvinzvimbo mukereke. Varume vanotsvaka kukudzwa. Vanosvibisa kereke yaIshe nekuda kuitwa “vanhu vakuru.” Vanotanga nekuchinja basa kuriita chinzvimbo mukereke. Vanotanga vachiita basa rakanaka asi vanozopedzisira kuchinja basa iri vave kuzama kuriita chinzvimbo chemasimba. Kuitwa kweuipi uyu mukereke kwakashata sekushata kwakangoita kuitwa kunongoitwa huori mumasekete. Hatifanirwe kupfurikidza mudzidziso dzeshoko raMwari.

4. *Komiti yekereke.* Kumwe kuitika kunoitika kuti nhengo dzinoshandura basa kuriita zvinzvimbo mumakomiti. Inzwi rekuti “komiti” rinoreva boka revanhu “vakazvipira kuita hurongwa” kana basa. Varume vanokumbirwa nekereke kuti vaite mamwe mabasa, vanosvika pakuzvishandura kuzviona vave pachinzvimbo chemasimba. Ichi chinova chokwadi kunyanya kuna sachigaro vekomiti. Vanhu vazhinji vakadaro vanoda kuva nemukurumbira. Anenge akutozvidana pachake kuti sachikaro mukuru vekomiti. Anenge achizama kuzvipa chinzvimbo musangano. Panosarudzwa varume vakati vande kuti vagadzirise denga repakereke, chinhu chakanaka kana vanhu ava vakasazvitora kuzviita vatungamiri kana kuva nesimba pamusoro pevamwe. Kerereke inokwanisa kukumbira vanhu vashoma kuti vabatsire kutsvaka mufundisi pakereke. Nokuda kwekuti vanenge vachida mukurumbira vanotanga kuzvidana kuti “komiti yemuparidzi,” nekutarisira chinzwimbo chesimba mukereke. Njodzi iyi inokwanisa yakaipisa kunyanya kana munhu akuzvidana kuti “mukuru vekomiti.” Munhu uyu akada kutonga boka anozviita mutungamiri mukuru. Komiti inova njodzi kana ikatendera munhu kuti ave nemasimba nekuzvikudza (III Johane 9). Vanozvita vatungamiri vakuru. Vanofarira kuratidza simba ravo pane kuzvinipisa kuita basa rekubatsira vanoshaiwa. Vaigadzira basa rakanaka rinenge richiitwa kuita chinzvimbo chesimba. Komiti yekereke kazhinji inosvibisa basa remuzvinyorwa rehutongi vekereke yaIshe.

MIBVUNZO

1. Inzwi rekuti “kufanira” rinorevei muna II Timoti 3:2? _____.
2. Izwi rekuti “kufanira” rinokwana kune zvikodzerwa zvose here? _____
3. Takamboveenga pamusoro pe”vanhu vanofanomirira vatauri” muBhaibheri here? _____.

4. Munhu angazvidana here kuzvidana kuti “mumiririri veMakritsu” kana asiri muKritsu?_____.
5. Chii chinonzi basa?_____.
6. Kuva mubati vehomwe pasangano chigaro here?_____.
7. Nhengo dzepana I Vakorinte 14 dziri pachinzvimbo chemasimba here?_____.
8. Sachigaro vekomiti mutungamiri here?_____.
9. _____ iboka re_____.

CHIDZIDZO 21

NDEDZIPI MHANDO DZEMASANGANO DZATINGATARISA ZVINOBATIKA PAKURONGEKA?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kuita zvinopesana naMwari.
2. Kusakosheswa hurongwa hwaMwari.
3. Usanangura kwevatungamiri vasina zvikwanisiro.
4. Kuitwa nemazvo kwehurongwa hwaMwari.

HURUKURO

1. *Kuita zvinopesana naMwari.* Kusarongeka semumagwaro. Masangano ose anofanirwa kushanda kuti ave akakwana mukurongeka aine vatariri nevabati vakarongeka. Asi izvi zvinotora makore mazhinji. Muchidzodzo ichi tinoshuwira kudzidza mhando dzemasangano maringe nebudiriro adzinoita mukuronga. Muchidzidzo ichi tichashandisa manzwi mana: “Magwaro” uye “zvisiri muMagwaro” “kurongeka” uye “kusarongeka.” Zvinoreva “Mwagwaro” kuti chimiro chehutungamiri chakanaka maererano neBhaibheri. “Zvisiri Magwaro” zvoreva kuti chimiro chakaipa handicho zvachinofanirwa chiri. Inzwi “kurongeka” rinoreva kuti kereke ine vatariri nevabati vanezviko-dzerwa. “Kusarongeka” ikereke isina vatariri nevabati. Kereke inokwanisa kuva isina kurongeka semumagwaro. Iyi ikereke isina vatungamiri vanezviko-dzerwa, uye pakamboitwa hurongwa vekusanangura asi pasina akavanikwa. Kereke inenge yakarongeka semumagwaro nokuti inekodzero yekusava nevaturungamiri kana pasina vanezviko-dzerwa. Hurongwa hwaKritsu kuti kereke imwe neimwe yaisava nevaturungamiri mukutanga kwayo munhorondo. Izvi zvaipa nguva kuvarume Makritsu kuti vakure vakasimba munaIshe. Munguva iyi kereke yaidzidza nekuona huromhwa hwaidikanwa neBhaibheri muhutungamiri vekereke. Kereke yakadai inotaurwa kuti “haina kuronge-

ka” nokuti haina varume vanokodzera kutungamira. Inenge isina kurongeka zvakakwana sezvainozova kana yavane varume vanezvikorwerwa zvekukwanisa kuva vatungamiri. Hachisi chimiro chakashata kukereke kusava nevatungamiri kana ichinge isina vanokodzera. MuBhaibheri tinoverenga pamusoro pemamwe makereke aiva nevatungamiri nemamwe ainge asina. Zvakanaka hazvo kusawa nevatungamiri pane kuva nevasina zvikodzerwa. Kereke isina kurongeka semuMagwaro, ikereke iyo inenge isina varume vasati vanezvikwanisiro zvekuva nehutungamiri asi vakasarudzwa kuitwa vatungamiri.

2. *Kusakosheswa hurongwa hwaMwari*. Isangano risina kurongeka kubudikidza nekusawa nevatungamiri, asi richiita zvisiri mumagwaro kana zvisizvo mukuita uku. Chikonzero chekutadza kwaro ndechekuti rine varume vanezvikorwerwa vaifanirwa kunge vakasanangurwa asi vasina. Kereke inenge yakadai inemakore mazhinji iine varume vanokwanisa zvekuti yaikwanisa kuita varume ava kuti vakwanise kutungamira. Vanenge varipo vazhinji asi kereke inenge isina kuvasanangura. Ndozvi zvinonzi kupikisa magwaro. Pose panenge paine varume vanezvikorwerwa, vanofanirwa kusanangurwa. Kereke haifambi zvakanaka kana isina hutungamiri kana iine vanhu vanokwanisa kuita vatariri nevabati. Hurongwa hwaKritsu kuti kereke imwe neimwe ishanda ine hutungamiri hurongwa hunotsigiswa nekukwana kana paine vatariri nevabati. Kereke isinga koshese hurongwa hwaMwari ikereke ine varume vanezvikwanisiro asi vasati vasanangurwa kuva vatungamiri.

3. *Kusanangura kwevatungamiri vasina zvikwanisiro*. Mhando yemasangano aya ine vatungamiri vakasanangurwa zvakare vakakwana, asi varume vacho vanenge vasina zvikodzerwa. Mukuita uku vanenge vachipikisana naMwari. (Mukuita uku vanenge vachiratidza kusakoshesa hurongwa hwemumagwaro) Mamwe makereke anomanyira kuita hurongwa. Vanosarudza vatungamiri vasati vane zvikonzerwa. Mukuita izvi vanozviunzira huori nemhosva. Zvirimaringe nemushoko raMwari kusava nevatungamiri kana pasina vanezvikorwerwa. Asi hazvimo muzvinyorwa kusarudza vatariri kunze kwekunge varume vanezvikorwerwa. Kuitwa kwechinhu ichi chivi pane kusatova nevatungamiri zvachose. Zvinounza mhosva nehuori pasangano. Kereke isina huMwari isangano rine varume vasina zvikwanisiro vakasarudzwa kuva vatungamiri.

4. *Kuitwa nemazvo kwehurongwa hwaMwari*. Kereke inoita hurongwa hwaMwari ikereke ine varume vanezvikorwerwa vakasarudzwa kuva vatariri nevabati. Kereke inofanirwa kuramba kusarudza varume kusvikira vave kukodzera. Kereke yakadaro inenge yakarongeka nekuti inenge ine vatariri nevabati. Inenge inehumwari nekuti vatungamiri ava vanenge vaine zvikwanisiro zvakakwana. Makereke ose anofanirwa kuva nenguva yekudzidza

uye nekushanda yakatarisana nenguva yekuumba hutungamiri unezviko-
dzerwa. Asi ngapasava nevanhu vanomhanya kusarudza varume vasati vave
nezvikwanisiro. Muna 1 Timoti chitsauko 4 uye Tito chitsauko 1 vanopa zvik-
wanisiro zvinodikanwa kumunhu kuti akwanise kuva mutariri kana mubati.
Zvitsauko izvi zvinoda kudzidzwa zvakanyanya. Muchidzidzo chinotevera ti-
chatanga kidzidza nezvemamiriro evatariri nevabati mupfungwa imwe neim-
we. Makereke anokwanisa kuita zvinopesana neZvinyorwa, kusakosheswa
hurongwa vemuZvinyorwa, kusanangura kwevatungamiri vasina zvikwan-
isiro kana Kuita nemazvo hurongwa uri muzvinyorwa. Izvi zvinoonekwa
maringe nekuita kwavanoita mukutungamira.

MIBVUNZO

1. Kuratidza kuti chimiro chekereke chakanaka tinoti_____.
2. Kuratidza kuti kereke ine hutungamiri tinoti_____.
3. Kuratidza kuti chimiro chekereke chakaipa tinoti_____.
4. Kuratidza kuti kereke haina hutungamiri tinoti_____.
5. MuBhaibheri tinoverenga here nezvekereke yakarongeka neisina kuronge-
ka?_____
6. Kereke isina varume vanezvikedzerwa nevasina kusarudzwa_____.
7. Kereke ine varume vakakodzera asi vasina kusarudzwa_____.
8. Kereke ine varume vasina zvikwanisiro zvehutunbamiri asi vakasanangur-
wa_____.
9. Kereke ine varume vanezvikedzerwa bakasarudzwa_____.
10. Ndezvipi zvitsauko zviviri zvinopa zvikodzera zvevatungamiri?

CHIDZIDZO 22

ZVINOTARISIRWA KUMUTARIRI (I)

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Asina chipomerwa. 2. Murume vemukadzi mumwechete.
3. Wakangwara. 4. Wakachengera.
5. Unemugarire wakafanira.

HURUKURO

Tisati tatanga chidzidzo chezvikonzera zvevatariri pfungwa imwe neim-
we, nyaya shoma dzezviziviso zviri muhurongwa. 1 Timoti 3:1 inoti: “Ishoko
razvokwadi, rokuti, kana munhu achitsvaka basa romutariri, unoda basa ra-

kanaka.” Munhu vose anoda kuva mutungamiri mukereke yaIshe anofanirwa kuva ane chido nekuti ibasa rakanaka. Haafanirwe kuda basa iri nokuti rine mukurumbira kana masimba, asi kuti inzira yekushandira Ishe. Anofanirwa kuda kuita mutariri kuti akwanise kupinda mubasa rakaoma kwete senzira yekutiza nayo kuita basa kana kuudza vamwe kuti vanoshanda mashandiro. Basa remutariri ibasa rinoda kushanda, kutorwa ngwenguva refu nekuisa simba pabasa. Harifanirwe kutsvakwa nokuda kwechido chekuva nemukurumbira kana simba. 1 Timoti 3:2 inoti: “Naizvozvo mutariri unofanira kuva munhu usina chaangapomerwa, murume womukadzi mumwe chete, wakangwara, wakachenjera, unomugarire wakafanira, unoitira vaeni rudo, unoziva kudzidzisa.” Inzwi rekuti “kufanira” rinoreva “zvinosungirwa,” “zvinotarisirwa,” zvakakodzera,” kana “zvakakosha.” Jesu anotaura kuti chinhu chinenge chasungwa kudenga nevaapotsora vanoifanirwa kuchisungavo pan-yika (Mateo 16:19). Zvikodzerwa zvevatariri zvakasungwa kudenga uye nepanyika. Pfungwa imwe neimwe “inofanira” kudikanwa hazviite kutu munhu akwanise kuita mutariri vezvemweya iye asina zvikodzerwa zvakakwana.

1. *Asina chipomerwa.* “Kusava nemhosva” zvinoreva “pasina kuzvidzwa.” Munhu anenge asina mhosva haapomerwe. Izvi hazvireve kuti munhu anenge akurarama mukusatadza, sezvo vanhu vose vachitadza, (I Johane 1:8). Kana kuti, zvoreva kuti munhu anenge achizama nekuzama kwake keose kukunda zvivi. Anikasika kutendeuka, kupupura, bekunamata kana achinge aziva kukanganisa kwake. Mukuita uku haakwanise pakusvika pakupihwa mhaka pamusoro pehunhu vake. Zakaria na Elizabeti vainge vari vanhu vasina zvipomerwa vaifamba nemutemo (Ruka 1:6). Shirikadzi dzinofanirwa kubatsirwa nekereke dzinofanirwa. kuva dzisine mhosva (I Timoti 5:7). Sauro ainge akarurama maringe nekururama kwairehwa nemutemo vaMosesi (VaFiripi 3:6). Makritsu ose anorayirwa kuti ave vakarurama mukugadzieira kudzoka kwaKritsu (I VaTesaronika 5:23; II Petro 3:14). Kubva mundima iyi tinoona kuti zvakakosha kuva vakarurama. Vatariri vanofanirwa kusava vanozvidzwa kana kupiwa mhosva mukuita kwavo.

2. *Murume vemukadzi umwechete.* Izvi zvinoita zvinhu zviviri; murume anofanirwa kuva akaroorwa, anofanirwa kuva nemudzimai mumwechete. Jaya kana munhu anebarika haakwanise kuva mutariri. Munyaya iyi semunedzimwe nyaya, anofanirwa kuva muenzaniso kusangano rose (I Petro 5:3). Murume mumwe neumwe anofanirwa kuva nemudzimai vake, nemudzimai vese anofanirwa kuva nemurume vake (I Vakorinte 7:2). Kana murume kana mukadzi akaroorwa mumwe munhu asi mubatsiri vekutanga achiri kurarama, unova hupobwe (VaRoma 7:1-3). Jesu anotaura kuti hwaive hurongwaMwari kubva

pakutanga, kunyangwe aitendera shanduko kubva pasi Mosesi nokuda kwekuoma kwemoyo vevanhu (Mateo 19:3-9).

3. *Wakangwara*. Kuva wakangwara kuva munhu anocherechedza. Mutariri vemanheru akangwarira. Anenge wakangwarira kunjodzi. Nharire dzerusingo reIsraeri vaifanirwa kupa chenjedzo rwekuuya kwenjodzi kana kuva nemhosva kuropa revanhu kana vachinge vasina kuvapa chenjedzi (Ezekeri 3:17-19). VaHeberu 13:17 inoti vatariri vanotarira nokuda kwemweya venhengo sezvo vachazondopa zvikonzero. Makritsu ose anofanirwa kuva wakachenjera nekuve unocherechedza, sezvo dhiabhorosi arikufamba famba seshumba inodzvova ichitsvaka waingaparadza (I Petro 5:8). Vatariri vanofanirwa kunzwa nekuziva basa ravo rekucherechedza boka.

4. *Wakachengera*. Kuva wakachenjera kuva nepfungwa dzakachengera, vaninzwisisa, nekuvapachikwadi. Makritsu anofanirwa kurarama wakachengera munyika yekuipa (Tito 2:12). Evhangeri rine manzwi ezvokwadi nehuchenjeri (Mabasa 26:25). Hatifanirwe kuvata asi tinofanirwa kutarira nekuva vakachengera (I VaTesaronika 5:6). Pfungwa dzedu dzinofanirwa kuzadzwa nekuchengera (I Petro 1:13). Tinofanirwa kucherechedza kokosha kwehupenyu hwechiKritsu (I Petro 4:7; 5:8). Mutariri haafanirwe kushaiva hanya nekukosha kwepfungwa dzekugara wakachengera muhupenyu. Anofanirwa kuva nekukosha huchenjeri, mafungiro, nekokosha kwehunhu.

5. *Une mugarire wakafanira*. Kuti ukwanise kuva mutariri, hupenyu hwemunhu unofanirwa kuva une hunhu nekurongeka. Muapostora Paulo akaratidza muenzaniso vakanaka pamberi pemamwe maKritsu (I VaTesaronika 2:10; II VaTesaronika 3:7). Muraramiro vedu muhupenyu hunofanirwa kuva vakatendeka nekuva vakanaka pamberi pevatendi kuitira vakwanise kuvaunza kuna Kritsu (I Petro 2:12). Hupenyu kuvatariri unofanirwa vakarurama uye nechokwadi semuenzaniso kunevose vanomuziva.

MIBVUNZO

1. Nderipi inzwi rinoreva “kusungirwa”? _____
2. I Timoti 3:1 inoti munhu anofanirwa _____ rakanaka.
3. Mateo 16:19 inoti dzidziso dzevapotsora _____ kudenga nepanyika.
4. Kuva vakarurama zvinoteva _____.
5. Kuva vakarutama kunoreva kusava nechivi here? _____
6. “Murumevemudzimai mumwechete” inobvisa munhu anenge _____ kana _____.
7. Kuva wakangwara kuwa _____.
8. Ipa manzwi matatu anoreva “wakachengera _____.

9. Ipa manzwi maviri “emugariro wakafanira_____.

10. Munhu upi anotsanangurwa muna Ezekeeri 3:17-19?_____

CHIDZIDZO 23

ZVINOTARISIRWA KUVATARIRI (II)

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kuitira rudo kuwaeni.
2. Unoziva kudzidzisa.
3. Asinganwe waini.
4. Kusarova vanhu.
5. Vasingakariri pfuma yakaipa (vasina ruchiva).
6. Kumirira.

HURUKURO

1. *Kuitira rudo kuwaeni.* Chidzidzo chezvikedzerwa zvevatariri chinoda kudzidzwa. Pfungwa imwe neimwe inofanirwa kunzwiswa. Zvinhu izvi zvinofanirwa kuva zvinhu zvinotarisirwa kuva neMukritsu vose. Kunze kwezvishomanana zvinotarisirwa kumunhu akarooro zvinosiyana nezvinotarisirwa kuMukritsu asimba muChikritsu. Zvimwe zvezvikodzerwa zvinofanirwa kushingairirwa neMukritsu vose. Chimwe chezvizi kuitira rudo kuwaeni. Tito 1:8 inoti vatariri vanofanirwa kuva vanoda kuitira vaeni rudo. Zvichireva kuti kugashira mudzimba dzedu avo vanenge vari mukushaiwa. Kunova kuratidza mutsa mukugoverana zvokudya nepekugara. Rudo kuwaeni rinofanirwa kuratidzwa kuvanhu vose, asi kunyanya kuhama pakutenda (VaGaratia 6:10). VaRoma 12:13 inoti: “Govanai navatsvene pakushaiwa kwavo; itirai vaeni rudo.” VaHeberu 13:2 inoti: “Musakanganwa kuitira vaeni rudo; nokuti vachidaro vamwe vakagarisa vatumwa mumba, vasingazvizivi.” Ndima iyi inoratidza munguva iyo Abrahamu agashira vaenzi avo aitove ngirozi (Genesisi 18:1-8). I Johane 3:17 inodzidzisa “Asi kana munhu anefuma yenyika, akavona hama yake ichishaiwa, akamupfigira tsitsi dzake, rudo rwaMwari runogara seiko maari?” I Petro 4:9 inoti: “Itiranai rudo pakati penyuru kana muri vaeni, musinganyunyuti.” Mutariri anofanira kupa mukuitira rudo.

2. *Unoziva kudzidzisa.* Inzwi rekuti “unoziva” rinoreva kukodzera nekuda.” Mutariri anofanirwa kuva mudzidzisi veBhaibheri akakodzera. Zvinova zvinobva mukudzidza zvinekunjenjerera, zvinekushingaira mukugadzirira, zvakare kuva neruzivo mukudzidzisa. Muevhangeri anofanirwa zvakare anofanirwa kuva unoziva kudzidzisa (II Timoti 2:24). Chikritsu chitendero chekudzidzisa, Jesu anoti tidzidzise marudzi vose, kubhapatidza vanhu uye nekuzovadzidzisa zvakare (Mateo 28:19, 20). Jesu anotaura kuti Mwari anounza vanhu kunaKritsu kubudikidza nekunzwa nekudzidza (Johane 6:44,45). Pau-

ro anotaurira Timoti kuti adzidzise zvinhu zvaainge akadzidza kuvarume vakatendeka vamokwanisa kudzidzisa vamwe zvakare (II Timoti 2:2). Kereke yekutanga haina kumira kudzidzisa nekuparidza Jesu Kritsu (Mabasa 5:42). Makritsu epaHeberu aifanirwa kunge vawe vadzidzisi, asi vainge vachirikuda mumwe kutovadzidzisa hurongwa hwekutanga hweshoko raMwari (VaHeberu 5:12). Zvinyorwa izvi zvinoratidza kukosha kwekudzidzisa kwakanaka nekuva vadzidzisi vakanaka mukereke. Mutariri anofanirwa kuva muenzaniso vakanaka pameri pevamwe kubudikidza nekuva mudzidzisi akanaka anoziva zvaanoita veshoko raMwari. Anofanirwa kunge achikwanisa kufudza boka (Mabasa 20:28). Anotarisirwa kukunda dzidziso dzenhema nechivi mukereke kubudikidza nedzidziso dzakasimba. Anofanirwa kunge aneruzivo rwekudzidzisa.

3. *Asinganwe waini*. Izvi zvinoreva kuti mutariti anofanirwa kusaita hunhu vekudhakwa kana kana kutora chero chinokonzeresa kudhakwa. Paulo anobva ati haafanirwe kuti akundwe nezvinhu (I Vakorinte 6:12). Anoti vanodhakwa havana mugove muvusha hwaMwari (I Vakorinte 6:10). Vanodhakwa vane hurombo, kukakawara, kuchema, mavanga, kushushikana, akatsvuka meso (Zvirevo 23:21, 29-35). Ndiyo waini inokonzeresa kudhakwa. Waini inokwanisa kushandiswa zvakanaka mukuyanana (Mateo 26:29). Inokwanisaa kushandiswa zvakare mukurapa (I Timoti 5:23). Asi kutora waini unechinangwa mukudhakwa ichivi. Vatariri vanofanira kuratidza hunhu vakanaka nokusanwa waini.

4. *Kusarova vanhu*. Mutariri haazi munhu ano rwisana nevamwe. Anokwanisa kukurudzira vamwe pasina kurova. Haafanire kuva Mukritsu anorova vamwe. Jesu akadzinga mhuka kubudisa mutembere kubudikidza neshamhu (Johane 2:15). Vabereki vanofanirwa kurova vana vavo kana mukuvaranga (Zvirevo 13:24). Asi vatariri vanoshandisa simba remienzaniso yavo pachinzvimbo chekurova. Mutongo vepanyika unoitwa nehurumende (VaRoma 13:3).

5. *Asi Vushe hwaMwari hautongwe nebakatwa* (Mateo 26:51, 52). Inzwi raMwari rinesimba kudarika mabakatwa ose epanyika (VaHeberu 4:12). Kupa rimwe dama kune uyo anenge akurova kunokunda muvengi zvakanyanya kudarika bopoto (Mateo 5:39). Vatariri mienzaniso kune mamwe Makritsu kubudikidza nekuramba kurwa.

6. *Vasingakariri pfuma yakaipa*. Mutariri haafanirwe kuva neruchiva. Pfuma yakaipa imari kana kuti hupfumi hwenyika ino. Munhu aneruchiva munhu anofunga kuti hupenyu hwake unoubwa nezvinhu zvakawanda zvaanovana panyika (Ruka 12:15). Anozvigadzirira pachezvake haana hupfumi pamberi paMwari (Ruka 12:21). Jesu anoti hazvibviri kuti tishandire Mwari nemari

(Mateo 6:24). Varume vaneruchiva vanamati vezvifananidzo (Vakorose 3:5). Havapinde denga (I Vakorinte 6:9,10). Vanofanirwa kudzingwa mukereke (I Vakorinte 5:11). Makritsu haafanirwe kukarira pfuma. Muripo vavo mukuru unobva kuna Mwari. Vakavana chikafu nezvekupfeka zvinenge zvakar-ingana. Vanozvichengetedza kubva kumienzo nemiteyo yepfuma inovisira munhu mukuparadzwa. Vanoziva kuti kukarira mari ndivo mavambo echivi uye zvinotungamira vanhu mukutadza mukubva mukutenda nekusvikandidzira mukuchema kukuru (I Timoti 6:6-10). Muripo veMukritsu urikudenga mMateo 5:12. Anokwanisa kurwisa udyire nembayo izvo zvinounzwa neruchiva rekuda mari. Vatariri vanofanirwa kuva varume vanopa muenzaniso vakasimba unoratidza kusakarira mari nezvinhu zvepanyika. Havafaniri kuva vaneruchiva nepfuma yakaipa.

6. *Kumirira*. Mutariri anofanirwa kuva munyoro nekumirira. Anotakura mutoro pasina kutsamwa. Haakasiki kuramwa kane achinge adzikisirwa. Akadzikama nekusimba. Kuva nemoyo murefu kunofanirwa kuvepo pahupenyu hweMukritsu (II Petro 1:6). The kutsungirira kwekutetanda kunoshanda moyo murefu (Jakobho 1:3). Kutsungirira mukutambudzika munoumba hushingi munaMwari. Nokuda kwemoyo murefu vemutariri anokwanisa kusimbiswa nekusimbisa vamwe mumatambudziko avo. Nokuti anenge ari munyoro nekunzwisisa, nhengo dzinovimba naye here mukupangwa mazano mumiyedzo. Anokwanisa kubatsira hurukuru dzekereke kuti dzisave negakava. Anoita sangano riwerakadzikama nekuvirirana. Moyo murefu chinhu chakakosha uye chinodikanwa neMukritsu vese. Vatariri ndivo muenzaniso yekuva nemoyomurefu.

MIBVUNZO

1. Ipa zvinorevo kuitira rudo waeni_____.
2. Zvinoitirwa kune_____ kunyanya kune avo?
3. Ipa zvinoreva “ruzivo rwe wekudzidzisa”_____.
4. Nyora ndima dzinomwe pamusoro pe “kudzidzisa”_____.
5. Nyora mashandisirwo akakodzera ewaini maviri_____.
6. Chii chinonzi “kurova?”_____
7. Ipa mazita emienzaniso yekurova_____.
8. Chii chinonzi pfuma yakaipa?_____
9. Ipa Zvinyorwa zvinomwe pamusoro “peruchiva”_____.
10. Chii chinonzii “moyo murefu”_____.

CHIDZIDZO 24

ZVINOTARISIRWA KUVATARIRI (III)

PFUPISO YEZVOMUKATI

1. Haasi muiti vemhirizhonga (asingakasike kutsamwa).
2. Anotungamira imba yake zvakanaka.
3. Kuva nevana vakatendeka.
4. Asiri mutendi mutsva.
5. Kuva nemupipuriro vakanaka kubva kunze.
6. Mutariri vezvinhu zvaMwari.

HURUKURI

1. *Haasi muiti vemhirizhonga (asingakasike kutsamwa)*. I Timoti 3:3 inotaura kuti mutariri haafanirwe kuva munhu vemhirizhonga. Tito 1:7 inoti haafanirwe kuva munhu anonorwa. Anozvidzora mukutsamwa. Asingataire kana kuita mukutsamwa. Munhu akanyarara anoyananisa. Jesu anoropafadza vayanani (Mateo 5:9). Makritsu anogara murunyararo nevanhu vose (VaRoma 12:18). Vane huchenjeri hunobva kuna Mwari anekupfava netsitsi. Unodyara murunyararo zvibereko zvakarurama. Vanogadzira runyararo (Jakobho 3:17,18). Takarairwa: “Shungu dzose, nokutsamwa, nehasha, nokupopota, nokutuka, nezvakaipa zvose, ngazvibviswe kwamuri; muitirane moyo munyoro, munzwirane tsitsi, mukanganwirane, se zvamakakanganwirwa naMwari” (VaEfeso 4:31,32). Takaudzwa kuti: “munhu mumwe nomumwe ngaakurumidze kunzwa, anonoke kutaura, anonoke kutsamwa” (Jakobho 1:19). Munhu anokakavara ndouyo anoda kukakavara. Anoziiikanwa nekunyonganisa nebopoto. Mutariri anosarudzwa somuenzaniso verugare murunyararo nekupfava. Haasi muiti vemhirizhonga kana munhu anokasika kutsamwa.

2. *Anotungamira imba yake zvakanaka*. Mutariri murume nababa vakatendeka kumhuri yavo. Hunhu hwake hwakanaka hunokurudzira mhuri yake mukuita zvinehumwari. Munhu anoyemurwa zvakananyanya nemhuri yake kudarika vamwe vese. Nokudaro, anofanirwa kunge aine rutsigiro rwakanaka kwete rakaipa kuhunhu hwake. I Timoti 3:5 inobva yati kana munhu asingazivi kubata imba yake, ungachengeta seiko kereke yaMwari? Kumba nekukereke yaKritsu ndiko kunehunhu hunoratidza mafambiro emunhu. Mamiriro emunhu nebasa rake anokwanisa kuziiikanwa nemhuri yake. Kana munhu akatadza kutsigira mhuri yake zvakanaka, anenge aratidza kutadza kukodzera kwake kuita mutariri. Kornerio aitya Mwari nemhuri yake yese (Mabasa 10:2). Mhuri yake yaimuremekedza nekuteedzera muenzaniso vake mukuda kuita

zvakanaka. Mutariri anofanirwa kurayira zvakanaka mhuri yake kuti azokwanise kuraira vamwe vanenge vachida rubatsiro mumhuri dzavo. Mupirisi-ta Eri akapihwa mutongo nokuti ainge asina kuraira vana vake zvakanaka (I Sameri 3:1). Varume vanofanirwa kutanga vazviratidza kudzimbadzavo kuti vakwanise kuita vatariri vemumhuri yaMwari, inova kereke yake.

3. *Kuva nevana vakatendeka.* Izvi ndezvimwe zvezvinhu zvinodikanwa pane zvataurwa pamusoro apo. Vana vevatariri vanofanirwa kuva: “vanozviisa pasi nomugarire wose unokudzwa” (I Timoti 3:4). Vanofanirwa kuva: “unevana vakatendeka, vasingapiwi mhosva yokuti havazvidzori, kana kuti havatereri” (Tito 1:6). Vana vevatariri vanobatsira mukuita kuti baba vavo vakodzere kana kusakodzera. Madzibaba, vanofanirwa kusatsamwisa vana vavo; asi kuvare-ra pakuranga nokuraira kwaShe (VaEfeso 6:4). Madzibaba anoratidza kuti vanokwanisa sei kudzidzisa nekiraira vamwe maringe nemarairiro avanoi-ta vana vavo. Havafanire kutarira munenzira dzinounza inounza kutsamwa asi kuti murunyararo nekuranga murudo rukuru mukutarisira. Hutungamiri sababa unounopa mhinduro kuti murume anokwanisa here kuita mutariri muimba yaMwari. Kana vana vemunhu vasina mufambiro vakanaka vasina kutendeka nekusateerera, baba vavo havakwanise kuva mutariri nokuti ha-vakwanise kuisa vanhu pasi pake. Nokudaro havakwanise kutarira sangano. Mutariri anofanirwa kuva nevana vanotenda vanokwanisa kuzviisa pasi pake nekuteerera.

4. *Asiri mutendi mutsva.* Mutariri haafanirwe kuva mutendi mutsva. Mutendi mutsva ndeuyo asina ruzivo kana anotadza nokuti anenge asati akura paruzi-vo. Inzwi rekuti “mutariri” pacharo rinoreva munhu akura aneruzivo. Nhen-go ichangotendeuka haikwanise kuva mutariri. Munhu mutsva musangano injodzi nokuti anokwanisa kuzadzwa nekuzvikudza akavira mumambure asa-tani I Timoti 3:6 Anenge asati akwima kuita mutungamiri. Bhaibheri harina haro kutaura makore angadiikanwa kuti munhu anzi akwima, asi rinotaura zvinoratidza kuti munhu akwima. Munhu anofanirwa kuratidza izvi kwema-kore mashomanana asi kune vamwe zvinogona kutora nguva refu. Murume vechidiki anoda kuti akure pamakore neruzivo. Mutariri haafanirwe kuwa nhengo itsva mukereke.

5. *Kuva nemupipuriro vakanaka kubva kunze.* Mutariri anofanirwa kuva nezita rakanaka kubva kuvanhu vasiri nhengo dzemukereke (I Timoti 3:7). Kukudz-wa kwake kunofanirwa kuonekwa kunyangwe nekunze. Vanhu vaanoshanda navo neshamwari dzake vanofanira kukudza hunhu vake vakanaka. Ano-fanirwa kuva chiedza kune varimurima (Mateo 5:14). Anofanirwa kuratidza mwenje vechiedza kuitira kuti vazhinji vakwanise kuona mabasa ake akanaka

nekukudza Mwari (Mateo 5:16). Kunyangwe kune avo vasingatendi vanokwanisa kuyemura hupenyu hwake. Vanhu vasingatendi muChikritsu vanenge vakatarisa mukuda kutitsvakira mhosva. Asi kana vakatanga kupa rukudzo kuhupenyu hweMaktitsu vechokwadi pachinzvimbo chekupikisa, zvinova kutaura kwakanaka kuMakritsu. Munhu akadaro anokwanisa kuva mutariri akakodzera. Anoziiikanwa nokuda kwehupenyu hwakanaka munharaunda yaanogara. Ichi ndicho chirevo chekuva nechipupuriro chakanaka kubva kune avo vasingatendi.

6. *Mutariri vezvinhu zvaMwari.* Tito 1:7 inoti mutariri anofanirwa kuva munhu asina chaanopomerwa muchengeti veimba yaMwari. Muchengeti munhu anosiiwa akachengeteswa zvikoshwa. Mutariri vezvinhu zvakakosha. Anebasa rekuchengetedza pfuma yemukuru vake. Zvinotarisirwa kuti mutariri anofanirwa kuva akatendeka nguva dzose (I Vakorinte 4:2). Pfuma yakasiiwa muruchengeto rwevatariri mweya yenhengo dzesangano (VaHeberu 13:17). Anofanirwa kuchengetedza somunhu achazopa chikonzero. Akachengetedza zvikoshwa zvakakosha panyika (Mateo 16:26). Basa ravo rwakakosha. Nokudaro, mutariri munhu anofanira kuziva kuti angaite sei kuti ave akatendeka pasi pebasa rakakura kwazvo. Anosvika pakuchengeteswa kuzvinhu zvakakosha zvevamwe vanhu. Anofanirwa kunzwa kusimba pabasa rake. Mutariri anofanirwa kuva neruzivo muchengeta uye akatendeka kunaMwari.

MIBVUNZO

1. Chii chinonzi kukakavara?_____
2. Munhu aneruchiva anofarira_____.
3. Ndiani anokwanisa kuziva hunhu vemunhu kudarika vamwe vese?_____
4. _____ kutya Mwari nezvose_____.
5. Nyora Zvinyorwa zvitatu zvinotaura pamusoro pevana vakatendeka:_____
6. Munhu achangotendeuka munhu_____.
7. Chivi chinopidza sei munjodzi kumunhu achangotendeuka?_____
8. Ndevapi “avo vasina?”_____
9. Chii chinonzi muchengeti?_____
10. Chii chinhu chakanyanya kukosha?_____

CHIDZIDZO 25

ZVINOTARISIRWA KUVATARIRI (IV)

PFUPISO YEZVIRIMUKATI

1. Munhu asina nharo mukuzvikudza.
2. Munhu anoda kushamwaridzana nevanhu vakanaka.
3. Vakarurama.
4. Miutsvene.
5. Kuzvidzora.
6. Kubatisisa shoko.

HURUKURO

1. *Usingaite nharo mukuda kwake.* Mutariri haafanirwe kuva munhu anoita nharo muzvinhu zvake (Tito 1:7). Haafanirwe kuzviona iye bedzi kana kuva nehumbimbindoga. Anozvipira kupa zvinhu zvinoshuviwa nemoyo vake pane kuti azvitsvakire. Munhu asingachi Mwari neanokarira zvenyika anoita zvido zvake. II Petro 2:10, asi mutarira haana kudaro. Haaite mukukakavara kana kuita zvisina maturo, asi mukuzvininipisa kwepfungwa anoremekedza vamwe kudarika iye. Anofarira zvinhu zvevamwe kwete mune zvake bedzi (Firipo 2:3, 4). Haazi muno anofarira kuzviitira mukurumbira (II Johane 9). Munhu unoita nharo munezvinhu zvake bedzi anouraya kereke. Anopokana mukubatana nevamwe kunze kwekunge iye achinge achifadzwa. Anemifungo yekuti kereke yese inofanirwa kubatwa naiye. Asi mutariri anotungamira kereke haakodzere kuva munhu ane hunhu vakadaro. Kutonga kwavo kunofanirwa kuva kwemienzaniso nekuzvidzikisira kwete kuva nenhoro mukuzvikudza. Mutungamiri anozvikudza anokonzera kuti vanhu vasade kuteera. Chikonzero Jesu akava mutungamiri mukuru anokudzwa kuda kwekusazvikudza kwaaita nekuzvininipisa. Haazvitsvakiri nzira dzake. Sevafudzi vari pasi paMambo Mufudzi mukuru, vatariri vanofanirwa kuteedzera muenzaniso Vake. Kuzvininipisa chinova chinhu chakakosha chinodikanwa mukereke. Vatariri vanofanirwa kuratidza nzira dzekusazvikudza nehunyoro. Havasi vaiti venhoro mukuzvikudza.

2. *Munhu anoda kushamwaridzana nevanhu vakanaka.* Mutariri anoda vose vakanaka nekuva vakarurama (Tito 1:8). Anovenga zvose zvakaipa (VaRoma 12:9). Anoda vanhu vakanaka seshamwari. Shamwari dzakashata dzinoodza tsika dzakanaka (I Vakorinte 15:33). Anoda nzvimbo dzakanaka nezvinhu zvakanaka. Anonzvenga kuitwa kwose kwezvinhu zvakashata I VaTesaronika 5:21, 22, uye anobatisisa kune zvinhu zvakanaka. Mufaro vake unoratid-

za uMwari. Zvizhinji zvemunhu zvinodzidza kubudikidza nekucherechedza zvaanofarira. Tinokwanisa kuziva zvizhinji muhunhu vemunhu kubudikidza nekuziva mhando yeshamwari nemabasa anofanirwa nemunhu. Munhu anekodzero yekuva mutariri anofanirwa kunge ari munhu anoda kushamwaridzana nevanhu vakanaka nekuita zvinhu zvakarurama.

3. *Vakarurama*. Mutariri unoitira vaeni rudo, unoda zvakanaka, wakachenjera, wakarurama, mutsvene, unozvidzora (Tito 1:8). Kuita kwake nguva dzose kwakarurama. Haaratidze rusaruro mukufarira imwe nhengo kudarika imwe. Haatenderi huori kuti humupezvere kuita zvakaipa. Kutungamira nekururamisira kwake kunofanirwa kuva kusina rusaruro kwakatendeka. Anoshandisa pfungwa dzake munyaya dzazvokwadi, dzinokudzwa, dzakarurama, dzakachena, dzinodikanwa, dzinorumbidzwa, kana kunaka kupi nokupi, kana chingarumbidzwa chipi nechipi (VaFiripo 4:8). Mubasa rake semutariri anosangana nemiedzo mizhinji inoodza basa. Hama dzisina humwari dzinoita rusaruro nekuzvipembedza mupfungwa dzake. Nguva zhinji anotsvaka kufadza shamwari dzake muzvinhu zvemukereke. Zvinova zvakamumera kuziva chinhu chingava chakanaka uye kutoomerwa nekuita chinhu chakanaka. Asi anofanirwa kuva munhu uyo nhengo dzinova nekuvimba maari. Vanofanirwa kuziva kuti maari vanobatwa zvakafanana. Ndizvo zvinoreva kuda vakarurama.

4. *Mutsvene*. Mutariri unofanirwa kuva mutsvene Tito 1:8. Hupenyu hwake vakarurama. Unozvipira. Nguva yake nekushingaira kwake zviripo mukushandiswa nemazvo. Muviri vake unozvipira kunaMwari sechibairo chipenyu chitsvene (VaRoma 12:1). Haazvisimbisi pachake nehunhu vakaoora, nokute Mweya Mutsvene unogara mutembere yemuviri vake (I Vakorinte 3:16, 17). Semutariri anotsvaka kuratidza kereke kunaKritsu sekereke inembiri, isina zvitema, kana kukanganisika: asi kuti iwe tsvene isina zvipomedzerwa (VaEfeso 5:27). Anosimudza maoko matsvene mukunamata (I Timoti 2:8). Anoziva kuti akadanwa nokudanwa kutsvene II Timoti 1:9. Anotungamira vamwe kuhutsvene nomuti mutsvene.

5. *Kuzvidzora*. Mutariri anova vakachenjera kana kuva anozvidzora (Tito 1:8). Anofanirwa kuva nekuszvitutumadza. Asingazvitenderi kukurirwa nekuszvidzora. Evhangeri ishoko rinotaura zvinhu zvokururama, nokuzvidzora, nokutonga kunouya (Mabasa 24:25). Semumhanyi vakarurama anofanirwa kuva anozvidzora mukugadzirira makundano, ndizvo zvinofanirwa kuitwa neMukritsu asi munzira dzakanaka dzisina huori (I Vakorinte 9:25). Tinofanirwa kuzviisa pasi pemucherechedzo nekuzvininipisa mumiviri yedu kuitira kuti tisazorasika tichinge tabva mukuparidzira vamwe (I Vako-

rinte 9:27). Mweya Mutsvene unobudisa kuzvidzora sechimwe chechibereko cheMweya Mutsvene (VaGaratia 5:23). Mutariri anogoneswa nerubatsiro RwaMwari rwekuzvidzora mukutsamwa nemuruchiva. Hupenyu hwake hupenyu hwekuzvirambidza. Haafanirwe kuzvitendera kushaiva kuzvidzora. Kereke inotsvaka vanhu vanokwanisa kuzvidzora kuvatariri!

6. *Kubatisisa shoko*. Tito 1:9 inodzidzisa kuti mutariri anofanirwa kubatisisa Shoko rakatendeka kuti akwanise kuraira nekukwanisa kuita vamwe vatende mukutaura kwake kubudikidza nedzidziso dzakarurama. Uyu unova umwe murairo vekuve “unoratidza ruzivo mukudzidzisa.” Anofanirwa kukwanisa kudzidzisa vanotenda pamwe nevasingatendi. Anofanirwa kuziva dzidziso dzenema nekuve anokwanisa kuva anodzidzivisa. Anofanirwa kuve anezviko-dzerwa zvekumisidzana nevapikisi veShoko raMwari uye nekuve nemweya vekurudziro. Izvi zvinova kuti mutariri ange ari munhu akazadzwa nekuva neruzivo rwedzidziso dzakarurama (II Timoti 1:13). Anofanirwa kunge akanyatso kunzwa nekusimbiswa mudzidziso dzaMwari kuti vapikisi vasakwanise kumuurira. Anofanirwa kuve nesimba zvakare mudzidzisi anekuridziro nekusimbisa. Ndiku kumira munhu akasimba mushoko raMwari.

Izvi zvinopedzisa kudzidzwa kwezvinhu zvakamyorwa zvinotaririrwa kubva kuvatariri. Tichidzidza kubva kuna I Timoti 3:10 inoratidza kuti vatariri nevabati vanofanirwa kutanga “vacherechedzwa.” Zvimoreva kuti hunhu vatadzidza pamusoro hunofanirwa kuonekwa mune munhu vose anotsvaka basa rehtariri. Kereke yese inofanirwa kuva nezvapupu zvinopupurira hunhu vevanhu ava nezvikodzerwa zvinenge zvaratidzwa mukurarama nevatariri vanenge vakafanira.

Izvi zvinotaura zvakare kuti kuti munhu akwanise kunzi mutariri chinhu chinoubwa chinotora nguva. Nguva yakafanira inodikamwa kuitira kuti kereke inyatsoona mukana vekugudzikana nezvinotaririrwa. Munhu haangazviratidze chimiro chake kwenguva duku. Uku kungave kunyepedzera. Anofanirwa kumataridzira mumienzaniso nekumaratidza kuitira kuti acherechedzwe kana chiita. Anofanirwa nokumwekutura kuva pachokwadi uye nechokwadi mukati mehunhu vake. Kuva mutariri chinhu chinogoneka, asi hachisi nyore. Zvikodzerwa zvinoonekwa kubva mukati kuzvikira kunze. Hakuna rimwe basa kana hutungamiri hunokwanisa kuenderana nevakadai. Zvinodaro nokuti hakuchina rimwe basa rakakosha.

MIBVUNZO

1. Ipa manzwi maviri anotsanangura “kuzvikudza.” _____
2. Ipa zviratidzwa zvina pamusoto “pekusazbikudza.” _____

3. Chii chinonzi rudo rwemutariri?_____ . Anovenga chii?_____
4. Shamwari dzemunhu dzinoratidza zvizhinji pamusoro pe_____.
5. Ipa manzwi matatu anoreva “kururama”_____.
6. Ipa manzwi maviri anoreva “Mutsvene”_____.
7. Ipa zvinhu zvitahatu zvinoratidza utsvene:_____.
8. Ipa manzwi maviri pamusoro pekuva “vakasvinura”_____.
9. Mutariri anofanirwa kuva anokwanisa kudzidzisa_____ pamwe chete nekuvatendi.
10. Zvinorevei kutanga “maenzanirwa”_____.

CHIDZIDZO 26

ZVINOTARISIRWA NEMABASA EVABATI

PFUPIKISO YEZVEMUKATI

1. Zvimbo yavo.
2. Basa ravo.
3. Zvikodzerwa zvavo.

HURUKURO

1. *Zvimbo yavo.* Rimwe basa mukereke yeTestamente Itsva raiva revabati. Mushure mekutaaurwa kwezvikorwerwa zvevatariri, Bhaibheri rinotaura zvakare zvinodiikanwa kuvabati I Timoti 3:8-13. Ndimba 10 inoti: “Ngavashandise mabasa evabati.” Vabati, vatungamiri muketeke yaIshe. Muna VaFiripo 1:1 muapotsora Pauro anotumira tsamba kuvatsvene (hama mukutenda) paFiripo “nevatariri navaranda vekereke.” Zvinoratidza kuti varanda kana vabati vanoshanda zvakare sevatumamiri pamwechete nevatariri vaive mabhishopu muhutungamiri hwesangano. Kubva mundima iyi tinodzidza kuti basa remubati nderimwe basa rinovanikwa musangano uye kuti ibasa rakasiyana nebasa revatariri. Muna Mabasa 6:1-6 tinozonzwa nezvechikamu chevanhu mukereke yepaJerusarema vachibata basa rekufudza nekubatsira vaishaya munenhengo dzaiva pakatipavo. Basa ravo rainge riri “rekushumira zuva nezuva” kushirikadzi nedzimwe hama dzaishaiwa (Mabasa 6:1). Vaapotsora vaidza vamwe kuti “vashumire pamatafura” Mabasa 6:2 munzvimbo dzavo. Inzwi rekuti “kushumira” uye “kushanda” manzwi echiGiriki uko kunobva inzwi rekuti “mubati.” Izvi zvinotiudza kuti varume vanomwe avo vakasarudzwa vaive vabati musangano rekutanga. Basa revabati, rakakosha uye rinodiikanwa musangano, rinova kereke yaIshe.

2. *Basa ravo.* Vabati havana kubvira vambodanwa kuti “vafudze” kereke. Vatariri ndivo vafudzi (I Petro 5:1,2). Havana kuudzwa kuti “vatonge,”

kunyangwe vatariri vachifanira “kutungamira zvakanaka” (I Timoti 5:17). Basa remubati ibasa rakasiyana nebasa revatariri. Sezvo inzwi “mubati” rinoreva “kushanda,” tinoona kuti vabati “varanda” vekereke. Basa ravo harisi rekutarira asi kupa ruyamuro. Sevabati vekutanga vakasarudzwa kuyamura vaapotsora, munguva yanhasi vabati vanoyamura vatariri, vanova vafudzi vemweya nhasi uno. Basa ravo kuita kuti sangano rishande nekunamata mumufambiro vakanaka uye zvakanaka. Pose pazvaibvira vairerutsira vatariri kuita basa rakanyanyokosha iro rinokwanisa kuitwa nevatariri bedzi. Vaviri vevabati vekuJerusarema vakaparidza vachiita sevaevhangeri (Stefano na-Firipi). Asi izvi handizvo zvinofanirwa kuitwa nevabati. Basa remubati nder-ekuyamura vatariri vemusangano kuti vagare vasina kuremerwa nedzimwe nyaya dzinokwaniswa kuyamaniswa nevamwe. Zvimwechete ichokwadi nevatariri, panofanirwa kuramba paine “vabati” kwete “mubati” mukereke imwe neimwe. Hapana mubati akakosha kudarika vamwe vabati. Vose vanofanirwa kuva varanda vanozvininipisa vesangano nekuyamura vatariri.

3. *Zvikodzerwa zvavo.* Vatungamiri vemukereke yaIshe vanofanirwa kuva mienzaniso, saJesu, mukuru, anova muenzaniso mukuru. Naizvozvo murume anofanirwa kubudisa zvikwanisiro kuti akwanise kusanangurwa semubati. Vabati vemuJerusarema vakasanangurwa nokuti vaive varume vaive nekupupura kwakarurama kwakazadzwa neMweya Mutsvene nehuchenjeri (Mabasa 6:3). Zvakare vaive “vazere nokutenda nesimba” (Mabasa 6:5,8). Kutaura “kupupura kwakarurama” raive zita rakanaka nekuve nemukurumbira mukati nekudze kwekereke. “Akazadzwa neMweya Mutsvene” wakaonekwa nechibereko cheMweya muhupenyu Mutsvene. “Huchenjeri” hwavo wakave kushanda kwemufungo vakanaka nemutongo vakachenjerera mubasa rake. Kubudikidza “nekuzadzwa kwekutenda nesimba” vaive varume vaive nekuvimba kwakasimba nekuvimba kunaMwari, uye nokudaro varume vesimba nekurudziro iyo inounzwa nokutenda. I Timoti 3:8-13 inopa zvizhinji mukuzadzisa zvikodzerwa izvo zvatinodzidza kuti mubati anofanira “kuva nesimba” kana kuita nemoyo vose nekunzwisisa. Haafanirwe kunge ari munhu asina “manzwi maviri” kana kushanduka pachiso, kutaura zvinhu zvakasiyana siyana pane kuti ataure chokwadi bedzi. “Vasingadi waini zhinji” uye “vasingakariri pfuma yakaipa” zvoreva kuti vasinganwe zvinodhaka kana kuva neruchiva sezvakakurukurwa pasi pechidzidzo chevatariri. “Vanochengeta zvakavanzika zvokutenda muhana yakanaka” kupinda muhupenyu hwakanaka hwakachena pamwe chete nekudzidzisa evhangeri rinoita kuti munhu ave nehana yakanaka. Vabati vanofanirwa zvakare kutanga vaonekwa “varatidzwa” uye kuva “vasine mhaka.” Zvimwechete nevatariri vanofanirwa kuva

murume “vemukadzi mumwechete” nekukwanisa “kutungamira vana vavo” “nedzimba dzavo zvakanaka.” Madzimai avo vanofanirwa: “kuvanesimba, vasingaite guhwa, vanozvidzora, vakatendeka muzvinhu zvose.” Izvi zvinoratidza kukosha kweMakritsu madzimai evatariri nevabati nekunaka kwekereke yakatendeka. Havafanire kuva vanhu vanoita makuhwa asi vanofanirwa kuita basa ravo zvakarurama vakatendeka mukusimbisa nekubatsira varume vavo. Mukuita kudaro murume anosvika pakuratidza muenzaniso vakanaka pakunamata musangano, anokodzera kuva mubati mukereke.

Mubvunzo unokwanisa kubvunzwa, kuti vabati vanosanangurwa musangano risina vatariri here? Mhindiro ndeyekuti “kwete” nokuda kwezvikonzero izvi:

1. Hapana muenzaniso unobva muBhaibheri pazviri. Kunze, kwekuti vatariri ndivo vanotanga kusanangurwa Mabasa 14:23 uye vabati vanotaurwa pamwechete nevatariri nguavadzose, VaFiripi 1:1; I Timoti 3:1-13, kunze kwemuJerusarema uku vaapotsora vaishanda sevatariri.

2. Sezvo vabati vari vabatsiri vevatariri, hazviiti kuti peve nevabatsiri ipo pasina vatariri vekubatsira.

3. Kana vabati vakasanangurwa pasina vatariri, vanokwanisa kusotungami kereke uye nekutora zvinzvimbo zvevatariri. Nokuda kwechikonzero ichi vabati vanosanangurwa bedzi kana pane vatariri vanenge vakasanangurwa. Asi vatariri vanokwanisa kushanda panenge pasati pane varume vanokwanisa kuva vabati, sezvo vachishanda kunyangwe pasina vabati vanenge vakukodzera, sezvo basa ravo risiri pasi pemavabati (Mabasa 14:23).

MIBVUNZO

1. Vabati vane basa here? _____
2. Varume vakasanangurwa muna Mabasa 6 vabati here? _____
3. Basa revabati harisi reku _____ asi ku _____.
4. Pane patakamboveenga “nezvevabati” vekereke here? _____
5. Ipa mazita evabati vaviri vanotaurwa muBhaibheri _____.
6. Sevatariri uye saKritsu, vabati vanotungamira nokuti _____.
7. Vabati vekutanga vainge vakazadzwa nezvinhu zvina zvinotii? _____
8. Ipa zvikodzerwa zvina zvevabati: _____.
9. Kereke inokwanisa kuva nevabati pasina vatariri here? _____
10. Nyora zvinyorwa zviviri zvinokurukura pamusoro pevabati: _____

CHIDZIDZO 27

VATUNGAMIRI VANGAREGA KUSARUDZWA ZVADINI?

PFUPISO YEMUKATI

1. Nhengo yekutanga.
2. Nhengo zhinji dzakapfuma.
3. “Mumiriri” vemutariri.
4. Kuita zvevatongerwo enyika.
5. Shamwari yemuevhangeri.
6. Kuitwa kweimwenzira isiri yemuenzaniso.

HURUKURO

1. *Nhengo yekutanga.* Kuti tikwanise kuona kuti vatungamiri vanosarudzwa sei? Zvakakosha kuti titange taona munedzimwe dzira dzavasingafanirwe kusarudzwa nadzo.

Uku kuita kwavanhu kwete kwaMwari. Pane shanduro nehuori hurikuitwa muhurongwa hwaMwari. Nzira imwe yekutanga ndeyekusanangura nhengo yekutanga, dzimwe nguva zvinodanwa kuti “nhengo inopa masimba” kana nhengo, dzekereke. Munhu anenge akaunza mufundisi mumusha kazhinji anofunga kuti akakosha zvekukodzera kuitwa mutariri. Asi hatina nepatakambonzwa kana kuverenga nezve “nenhengo inopa masimba” muBhaibheri. Kuva nhengo yekutanga mukereke hazviite munhu kuti ave akakosha. Kuva vakaropafadzwa nechipo chekuti utange sangano hazviite munhu mutariri kana mubati.

2. *Nhengo zhinji dzakapfuma.* Kazhinji nhengo inemari kana hupfumi inovanzosarudzwa kuitwa mutariri. Sangano rinofunga kuti takamuremekedza zvinobatsira kuti abvise zvakati wandei. Zvakare vanokwanisa kumutya nokuda kwesimba rehupfuma yepanyika. Asi Bhaibheri rinopa chenjedzo pamusoro pepfuma (I Timoti 6:17). Mutariri haafanirwe kuva munhu aneruchiva kana kukarira mari yakaipa (I Timoti 3:3). Munhu haafanirwe kutsvaka basa rehutariri nokuda kwekukarira mari (I Petro 5:2). Kuva mutungamiri venyika kana vezvenyika hazvireve kuti zvinokwanisa munhu kuti ave mutungamiri muzvinhu zveuweya, uye kazhinji zvinoitika. Kuva nepfuma yepanyika hazvireve kuti munhu akapfuma pamberi paMwari (Ruka 12:21). Vazhinji vakapfuma muzvinhu zvenyama, asi akasauka, kuromboka, kupofomara nekuva asina kusimira pazvinhu zveMweya (Zvakazarurwa 3:17). Hupfumi hwepanyika hazvisi zvikwanisiro zvinoita kuti munhu akwanise kuva mutariri kana mubati.

3. *“Mumiriri” vemutariri.* Varume vazhinji vanozvidana kuzviita: “vabati vezvigaro zvevatariri kana kuti vamiriri vevatariri.” Zvoveva kuti vanenge vachifanobata sevatariri asi vasiri. Munhu anokwanisa kuzvidana kuti mu-

tariri kwenguva refu nekunzwa kufunga kuti achazosarudzwa kana vatariri vavekuzosarudzwa. Asi vanozviti “vimiriri vevatariri” vanokanganisa nekuodza hurongwa hwaMwari. Hurongwa hwaMwari unoti vatariri vanosarudzwa nokuda kwezvikorodzerwa, asi avo vanozviti: “vabati vechigaro chevatariri kana mumiriri” vanozama kuva nemaropafadzo ehutariri nerukudzo ivo vasina zvikodzerwazveutariri.

Zvakafanana nekunyepera kuva Mukritsu usingateedzera mirayiro inodikanwa kuti munhu akwanise kuva Mukritsu. Kana munhu akatanga kuzvidana kuti “mubati vechigaro cheMakritu” kunyangwe asiri, chii chinoitwanekereke? Inofanira kimuramba semunyengeri. Zvimwecheyezvo zvinofanirwa kune avo vanozviti “vimiriri vevatariri” vanofanirwa kurambwa somunyengeri. Kusarudza “mumiriri vevatariri” kuvedzera mushoko raMwari (Zvakazarurwa 22:18). Kukanganisa shoko raKritsu (VaGaratia 1:7,8). Anova manyepo, kana munhu akatsiva hurongwa hwaMwari kubudikidza nekufanobata chigaro chevatariri nevabati.

4. *Kuita zveematongerwo enyika.* Munedzimwe nguvazvematingerwo enyika zvinopinza mukusarudzwa kwevatungamiri vekereke. Nhengo dzinozama kuda kusanganisa zveematongerwo enyika nezvemuMagwaro. Vanoita misangano vanoita makambeyini mukutsvaka vatsigiri sekunge varikutsvaka vanovavhotera. Vamwe makereke anotosvika pakovhotera vatungamiri vavo. Chioko muhomwe chinopihwa kana kushishidzorana kunoitwa. Asi kereke haisi nzvimbo yekuitira mabasa ematongerwo enyika. Nzira dzinoshandiswa mukusarudza vatungamiri vemabasa ehurumende dzakatosiyana nemasarudzirwo atinofanirwa kuita vatungamiri vezvinhu zvepaMweya. Murume anezvikodzerwa zvekuva mutariri haatarisirwe kufamba achiudza vanhu zvikwanisiro zvake. Haafanirwe kutaura kuruzhinji achizvisimbisa. Kereke ndiyo inofanirwa kunge ichiziva hupenyu hwake uye kuti anokodzera here. Zvakare, anenge asiri mukukwikwidzana nevamwe varume. Vose varume vanezvikorodzerwa vanofanirwa kusarudzwa, uye hapana anofanirwa kukundwa nokuti umwe asarudzwa. Vatariri havasarudzwe nekuvhota asi kubudikidza, nekusanangurwa. Zveematongerwo enyika hausi hurongwa hwakanaka vekusanangura vatariri nevabati.

5. *Shamwari yemuevhangeri.* Muparidzi anoshanda nekereke pakusarudzwa kwevatariri nevabati anenge achitarisira kusanangura murume anomutsigira. Munhu vacho anokwanisa kuva uyo anopa muevhangeri rutsigiro. Muparidza anokwanisa kudza kuda kupa rukudzo kune munhu anomupa rutsigiro. Kana kuti muparidzi anonzwa kuda kusarudza mumwe munhu “vaane ushamwari” naye kuti atungamire kereke sezvaanoda iye kuti ifambe mufam-

biro vaanoda iye kuti iite. Anobvuma kuzosanangura vatariri kana vatariri vachinge vaita sezvinodikanwa nemuparidzi munguva inotevera. Mukuita uku mekunekumwe kuita muevhangeri anozama kuva anotsigira. Asi mukuita uku anenge achibuda muhurongwa hunodikanwa naMwari vekusanangura (Mabasa 10:34). Muparidzi anofanirwa kuva munhu anokudzwa navanhu. Anofanirwa kusava nemhosva yekuita rusaruro. Kuva shamwari yemuevhangeri hazviite munhu kuti akwanise kuita mutungamiri mukereke.

6. *Kuitwa kweimwenzira isiri yemuenzaniso.* Chidzidzo chino, nedzimwe nguva chinogona kutadza kubudisa kusavimbika nekukanganiswa kwenzira dzose dzekusarudza nadzo vatariri. Asi chinokwanisa kutaura kuti dzimwe nzira dzirikunze kwemuenzaniso hwehurongwa hwaMwari. Kuitwa kwose kwekusarudzwa kwemurume kuva mutariri kusingaenderani nezvikodzerwa hazvisi hurongwa hwaMwari uye zvakashata. Kucherechedzwa kwose kunoitwa hakuitwe nekuda kwehunhu heChikritsu uye kuitwa kwacho kusarudzana kwemanyepo. Mwari anoumba hutungamiri kubudikidza nemienzaniso: ngapasava nevanhu vanozvika pakuzama kushandura chinhu ichi.

MIBVUNZO

1. Bhaibheri rinotaura here nezve “nekupa masimba kunenhengo yekutangaga?_____
2. Bhaibheri rinotaura here nezve “nezvevanofanobata kana kumiririra vezvegaro zvevatariri?_____
3. Pfuma yepanyika pano haiite munhu kuti ave akapfuma pamberi_____.
4. Ko “vamiririri nevanofanobata zvimbo zvevatariri” vakafanana here nevamiririri nevanofana kubata zvinzvimbo zveMakritsu vasati vave Makritsu”_____.
5. Ipa zvinhu zvina zvinoshandiswa mukukuita zvevatongerwo enyika mukereke_____.
6. Munoitwamakundano here mukusarura vatungamiri vekereke?_____
7. Ndechipi chinyorwa chinotaura kuti Mwari haasi munamati vevanhu?_____
8. Ipa inzwi rimwechete rinotsanangura hurongwa hwaMwari hwekusarudza_____.
9. Ipa Zvinyorwa zviviri zvinotsuura kushandira hurongwa hwaMwari_____.
10. Nhengo dzinovhotera vutungamiri vekereke here?_____

CHIDZIDZO 28

MWEYA MUTSVENE UNOSANANGURA SEI VATARIRI?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kudzidzisa kwakakwana.
2. Mufungo wakanaka.
3. Kuratidza kwakanaka.
4. Kutariswa kwevarume.
5. Kusanangura kana kugadzwa.
6. Kuziikanwa nekereke.

HURUKURO

1. *Kudzidzisa kwakakwana.* Chikritsu chitendero chekudzidzisa, Johane 6:45. Vatendi vanodzidziswa rubhabatidzo nekudzidziswa mushure merubhabatidzo (Mateo 28:19,20). Zvikodzerwa nekusarudzwa kwevatariri kunoda kudzidziswa kwakanaka kwenguva refu. Mweya Mutsvene ndivo unosananguta varume kuva vafudzi (Mabasa 20:28). Nzira inoshandiswa neMweya Mutsvene kugadza vatariri kubudikidza neBhaibheri rinova banga reMweya (VaEfeso 6:17). Mweya Mutsvene vakafuridzira Zvinyorwa zvinopa zvidzidzo zvinosanangura varume kuva vatariri mukereke. Asi muitiro uyu unokwanisa kuva unoshanda bedzi kana Bhaibheri richinge radzidziswa zvikanaka. Nokudaro, zvakanakosha, kuti mirayiro yaMwari inosanangura varume kuti vave vatariri inofanirwa kudzidzwa mumasangano mazhinji. Kudzidzisa kweBhaibheri pamusoro pehurongwa hwekereke kunofanirwa kunzwiswa zvakanaka. Nhengo imwe neimwe inofanirwa kuziva chinzvimbo nebasa revatungamiri. Zvidzidzo zvizhinji, mudzimba, nemharidzo zvinofanirwa kudzidziswa mukugadzirira kereke kuhutungamiri hwakanaka. Pasina kudzidziswa kwakakwana hakuna hutungamiri vakanaka. Kudzidziswa kweZvinyorwa ndiko kufamba tichigadzirira hutungamiri hwemuZvinyorwa. Kunzwiswa kwakanaka ndiro hwaro rehutungamiri vakanaka. Mweya Mutsvene iripo mukugadzira varume vatariri kubudikidza nedzidziso dzakanaka dzakakwana.

2. *Mufungo wakanaka.* Chidano chechipiri kuitwa kwezvinhu neavo vanenge vakadzidziswa. NdiMwari unoshanda muMakritsu mukuita kuda kwavo nekuda kwaMwari (VaFiripo 2:13). Kana nhengo dzichingwe dzadzidziswa kuda kwaMwari dzinotaridza kutenda nekuita kuda Kwake. Mukutanga mekunyorwa kwezvikwanisiro zvinodikanwa kuti vatariri vave nazvo: “Ishoko razvokwadi, rokuti, kana munhu achitsvaka basa romutariri, unoda basa rakanaka” (I Timoti 3:1). Semurume paanodzidza mamirire emurume akura muChikritsu anoshingaira kuti awane. Anokura chidokwa dokwa chekuda kuva Mukritsu akasimba, anokwanisa kubatsira kutevera Kritsu.

Mukuita uku Mweya Mutsvene unounza zvizbereko zvehunhu veMukritsu, VaGaratia 5:22,23. Asi Mweya Mutsvene hausirivo vega unoisira mufungo vekunzwa kuda kuita mutariri mumunhu. Satani zvakare anopa munhu mufungo vakadaro, asi muchinangwa chakasiyana nechaneMweya Mutsvene, Satani anogadzira mufungo vakevo vekuzviitira mbiri uye mufaro vekunyengera kunyange nokuda kwemari sezvinofunga vamwe vatariri. Nokudaro hachisi chido chose chekuda kuva mutariri chingava chido chakanaka. Asi kana munhu achida utariri nokuda kwemufungo vekuva anofanana naKritsu mukuita kwake, nokuti anenge achida zvizbereko zveMweya Mutsvene, zvino Mweya Mutsvene unovatumamira mukuda kuita kwavo vatariri. Mufungo uyu unofanirwa kuva danho rakanaka rekuda kuva mutariri.

3. *Kuratidza kwakanaka.* Vatungamiri vekereke vanofanirwa vanofanirwa kutanga vakazviratidza (I Timoti 3:10). Ndicho chinhanho chechitatu chinotizivisa kuti Mweya Mutsvene unoumba vatariri. Munhu kunzwisira kwake kwakanaka kunomutungamira mukukura kuita Mukritsu anokudzwa. Kukura kwake nekushanda kunosvika pakuoneka nedzimwe nhengo. Kana munhu akachenjerera mukudzidzisa kwake, kubudirira kwake kunoonekwa kune vose (I Timoti 4:15). Sezvakatangira kare kuitwa uku kunotoro nguva. Kukura kwepamweya hakuuye nekuchimbidza. Makore ekudzidza, minyengetero, uye kukura kwakakosha. Ruzivo rwakazama runodiikanwa kuti munhu akwanise kuva mutungamiri veMakritsu kana mudzidzisi. Mumakore aya munhu anenge achizviratidza kuti, Mukritsu arikukura ane hunhu vekuti munhu vose anoona. Mukudaro, dzimwe nhengo dzinosvika pakuziva hunhu vake semienzaniso kuMakritsu nemutungamiri. Zvikonzwerwa zvevatariri zvinovanikwa zvizvishoma nezvizvishoma. Ndiko kunova kuzviratidza kwakanaka kunoitwa nemunhu kodzero dzake dzekukwanisa kuva mutariri.

4. *Kutariswa kwevarume.* Vaapotsora muJerusarema vanorayira kuti sanganho “ritarise” nhengo dzakati wandei mushere mekunge sarudzo isati yaitwa yevabati vekutanga (Mabasa 6:3). Ndicho chidano chachina tinotaura nezveMweya Mutsvene uchiumba vatariri. Varume vakakodzera. Varume vakakodzera vanofanira kusarudzwa mumasangano kuti pakwanese kusarudzwa. Rangarira kuti kuitwa uku kunofanoitwa nesanganho. Kereke yese, mushere mekudzidziswa kwakakwana, vano zvizvishoma kubva munhengo dzavo varume vanenge vakura vanenge vaine zvikonzwerwa zvekuva vatungamiri. Mukuita uku nhengo pachezvadzo, pasina umwe ari pamusoro pavo, vano zvisarudzira vatungamiri vavo (Mabas 6:5). Vanosarudza varume vavanenge vaona vachikodzera pakati pavo. Vano zvisarudzira uyo vanoda kutevera. Vanonongedzera avo vavanenge vachida kuteedzera mumiendzaniso kuti

vavedzere kuva saKritsu. Chinova chidanho chakakosha. Mweya Mutsvene unotungamira kuitwa kwehuronhwa uyu kunyangwe Zvinyorwa zvichinongadzera kunhengo dzesangano. Sarudzo dzavo dzinobva kushoko rakafuridzirwa neMweya vaMwari. Vanotevera huchenjeri hwaMwari vakafuridzirwa neMweya vaMwari. Vanotevera hunjenjeri vaMwari unovanikwa mushoko raMwari (I Vakorinte 1:9). Vainamata kuti Mwari avanise huchenjeri (Jakobho 1:5). Kubudikidza nemunamato vanokumbira kuti Mwari vatungamirire musaridzo dzavo (Mabasa 1:24). Hapana zvishamiso zvaiitwa kuratidza sarudzo, asi kubudikidza neMweya Mutsvene unochengetedza kubudikidza neshoko raMwari. Mazita evarume vanenge vasarudzwa anoverenga nekunyorwa pasi pamberi peungano. Kereke yese yoona nokuziva avo vachazovamiririra. Ndizvo zvinoreva kuti “nekucherechedzwa ” vanhu.

5. *Kusanangura kana kugadzwa.* Bhaibheri rinotaura kuti vatungamiri vanofanirwa “kugadzwa,” (Tito 1:5; Mabasa 14:23). Bhaibheri rinoti “vakasanangura.” Manzwi aya anorevava kutuma kana kutanga. Hurongwa hwekugadzwa vakakanganiswa nemasekete mazhinji. Kwavari zvinoreva kupa bvumo kumunhu chinzvimbo “cheupirisita.” Asi Bhaibheri harina kubvira rataura nezve “mupirisita” kana kupihwa bvumo yekuita.” Kugadzwa muTestamente Itsva kwaingove kunongedzerwa kwehutungamiri vanhu vanenge vazvisarudzira pachavo. Zvaiitwa newaevhangeri, (Tito 1:5), sezvo vaive vatairiri vemusangano mushure mekunge vatariri vasati vasarudzwa. Asi sarudzo haisi sarudzo yemuparidzi. Sarudzo haiitwe naye. Hazvisizvo zvinoreva kugadzwa. Muevhangeri chake kutaura sarudzo dzinenge dzaitwa nesangano mukutsvaka nekuona vatungamiri vanovaitira. Mushure mekucherechedza varume, sangano rinozvipa nguva yekubvumira kana kusabvumira kusatendera mumiriri. Hakuna imwe nzira yakanaka yekuita izvi kunze kwekuti nhengo imwe neimwe kuti itarise nekutarisisa mumiriri vayo mukuona kwezviko-dzerwa zveBhaibheri uye mukutenderwa kana kusatenderwa. Kubvumirana kwemumiriri kunokwanisa kuonekwa zvinokwanisa kutora mavhiki kuti kukwanise kubudiswa nekuzadziswa. Kanaa vatariri vachinge vasvika kuonekwa sarudo dzavo dzinoitwa paruzhinji rwemukereke nemuevhangeri kana vawe vatauriri. Izvi zvinoziikanwa nokuti kugadza kwevatungamiri.

6. *Kuziikanwa nekereke.* Mushure mekunge vatariri vavapo, vakavhenekwa, nekusanangurwa, nesangano, kunongosara bedzi kukereke. Vatariri vekutanga vakavapo mushure mekunge vaapostora vavaisa maoko pamusoro pavo. Vaapostora munguva yezvishamiso vaipa masimba ezvishamiso kubudikidza nekuisa maoko pamusoro (Mabasa 8:18). Asi sezvo tisisina vaapostora nezvishamiso nhasi, kubatwa musoro hakuchashanda chinangwa ichi. Asi ker-

eke yepaAntioki yakabata musoro Banabhasi naSauro kuratidza kubvumirwa kwavo nekuvimbisa kubatana kwavo nevamwe (Mabasa 13:13). Kubatwa musoro kunoshanda chinangwa ichi nhasi. Zviri muhurongwa (kunyangwe zvisina kukosha) kucherechedza vatingamiri mumutovo uyu zvinova zvinoratidza kubvuma nekuzvipi kwekereke. Mumakereke munzira dzeruzhinji vanochochedza vatariri vavo vatsva, nekuvanamatira, nekuvapa chivimbo uye nekuzvininipisa. Basa iri ririnyore nekuva nechirevo. Harifanirwe kushandurwa kuitwa remafaro kana mafaro asina maturo. Hapana chingasakisa kuti pave nechinangwa chekupanana zvipo kana kuita mabhiko. Inofanirwa kungova nguva kereke inenge ichisarudza vatungamiri vavo.

MIBVUNZO

1. Mweya Mutsvene unodzidzisa kereke kubudikidza ne_____.
2. Nyora vanhu vaviri vanopa mukumbiro_____.
3. Sevanhu vanotarira kereke, kukura kuno_____.
4. Chidanho chechina ndecheku_____ varume vakakodzera.
5. Ndiani “anochochedza” varume ava?_____
7. Ndiani chaiye anosarudza vatariri kubudikidza nemuparidza?_____
8. Pasati pagadzwa, kereke inokwanisa ku_____ kana_____ mumiriri vayo.
9. Maoko anobatwa pamusoro here nhasi mukupa zvishamiso?_____
10. Nzimwe nzira dzinokwanisa kushandiswa paruzhinji kuratidza kereke_____ uye_____

CHIDZIDZO 29

MUTONGA KWAMWARI KUVATARIRI

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Vanofanirwa kuva mienzaniso kuboka.
2. Kupa zvekudya kuboka.
3. Kufudza boka.
4. Kumachengeta.
5. Kutungamira kwakanaka.
6. Vanotaririra pamusoro pemweya.

HURUKURO

Mukucherechedza zvikodzerwa zvevatariri, zvino takudzidza basa ravo. Izvi zvinoonekwa mumirayiro iyo Mwari anopa kwavari inoraridza basa ravo. Kubudikidza nokuziva zvinofanirwa kuitwa nevatariri, zvakanaka kuti tione zvinofanirwa kuva vatariri.

1. *Vanofanirwa kuva mienzaniso kuboka.* Kunyangwe zvavo chidzidzo chino charatidza kare kuti vatariri vanofanirwa kuva muenzaniso, chokwadi ichi chinofanirwa kukomekedzwa zvakare. Hakuna chakanyanyo kosha pabasa remutaeiri kukunda mienzaniso. Zvikodzerwa zvavo zvose zvirimaringe nehwaro iyi. Ndosaka vatariri vakapihwa mutongo muna I Petro 5:3: “Musingaiti nesimba nezvamakagoverwa asi muve vatungamiriri veboka.” Mutungamire anozviita ishe kuvateveri vake haate izvo Ishe anoda kuti zviitwe. Vatungamiri vanokwanisa kumanikidza zvido zvavo pamusoro pevanhu vanenge varipasi pavo, asi mhando iyi yekutonga haizadzise chinangwa chaMwari kuMakritsu. Hurongwa vaMwari vekutungamira nekumutevera urongwa vakakura uye vakakosha. Hausimbiswe nekumbunyikidza asi nerudo. Haukure nekuda kwesimba renyika ino asi pamusoro pemienzaniso. Chimiromo chaMwari chekutungamira ndechekuti vateveri vade kutevedzera vatungamiri vavo. Ndosaka vatariri vachifanirwa kutanga vazvichenjerera ivo pakutanga uye nekuboka, Mabasa 20:28. Vanofanirwa kuratidza kukereke muenzaniso vakanaka unoita kuti nhengo dzide kutevera. Vatariri havafanire kuva madzishe pamusoro pekereke asi kuva mienzaniso kuboka.

2. *Kufudza boka.* Mumwe mutongo kuvatariri “fudzai boka raMwari riri pakati peny” I Petro 5:2. Basa hombe revatariri kufudza kana kudzidzisa kereke. Shoko raMwari chikafu kuMakritsu. Rinovavaka mumweya (Mabasa 20:32). Nhengo dzichiri diki pamweya dzichangotendeuka dzinoda mukaka kuti dzikwanise kukura (I Petro 2:2). Vamwe vanoda nyama yakasimba kubva muShoko rekururama (VaHeberu 5:12-14). Vatariri vanofanirwa kupa chikafu kuMakritsu makuru nemadiki. Vanofanirwa kudzidzisa Zvinyorwa pachezvavo sezvo vanenge vaine “ruzivo rwekudzidzisa,” (I Timoti 3:2). Vanofanirwa zvakare kutarisa kudzidzisa kwevamwe vadzidzisi mukuvakurudzira nekuvabatsira nerubatsiro rwekudzidzisa. Rinova basa rakanyanyo kosha mukuva nebasa rekupa chikafu chemweya kukereke, hakuna chinhu chakanyanyokosha pane kupa chikafu kumhuri. Izvi zvakaitwa zvakanaka kereke inokura pamweya, asi kana vatariri vakakundikana, kereke inosvika pakufa. Kunamata kwakafanira kweMukritsu kuva nechikafu chemweya veMukritsu. Pose panotadzwa kupihwa chikafu chinogutsa chakakwana mukunamata, nhengo dzinodzidzira mukutenda nekuvata pamweya (I Vako-

rinte 11:30). Naizvozvo, Mwari anopa vatariri basa rekufudza boka raMwari kubudikidza nekupa kudya kwemweya yavo.

3. *Kufudza boka*. Mukuvedzera pamusoro pekupa zvekudya kuboka, vatariri vanotarisirwa zvakare kurifudza. Vanofanirwa “kuchenjerera” kuboka sevatariri pamusoro paro (Mabasa 20:28). Inzwi rechiGiriki rinoreva “kufudza boko” rinoreva “kuita sevafudzi pamusoro peboka.” Kufudza boka zvinoreva kuririritira neunyororo. MuBhaibheri vafudzi vaigara nemakwai avo. Vaiziva kutadza kwavo uye vaida mhuka imwe neimwe. Munguva dzemanheru vafudzi vaichengeta boka, masikati vaimatungamira munzira dzakana. Kana rimwe rikarasika vairitsvaka. Kana rimwe rikarwara kana kukuvara vairirapa nekurizodza mafuta pachironda charo, mukuridzorera muutano. Mufudzi nguva dzose aifudza makwai ake aisavanyudza. Aigara ari kumberi kwavo achivadana nekumaratidza nzira. Aiziva inzwi remufudzi nekumutevera nokuti aiziva kuti anodikanwa uye aipa zvose zvakanaka. Munzira idzi ndidzo dzakafanirwa kushandiswa nevatariri mukufudza boka raMwari mumweya. Vanofanirwa kuziva nekuda nhengo imwe neimwe. Vanofanirwa kuchengetedza, kutungamira, nekupa zvinodikanwa neboka. Vanofanirwa kundotsvaka kune ose anorasika nekuva nerudo kune asine simba. Vatariri vanofanirwa kunge vari kumberi pazvose mukuratidza nzira, kwete kuva kumashure kwesangano vachiritinha asi kutungamira mberi. Vanofanirwa kutungamira munzira dzinoita kuti sangano rinofarira kutevera, richiziva kuti kunaka kwaro mukuita sokudaro. Kubudikidza nekuverenga Mapisarema 23 tinodzidza mafudziro anoita Mwari makwai ake uye kuti rudo rwakadii nehunyororo hwakadii, Vaanoda kuti vatariri vaite mukufudza nemukuchengeta kubudikidza nekusimbisa boka Rake. Vatariri vanotarisirwa kufudza kereke yaMwari.

4. *Kumachengeta*. I Petro 5:2 inoti kuvatariri: “Fudzai boka raMwari riri pakati penyuru, musingazviiti nokurovererwa, asi nomoyo unoda nokuda kwaMwari, musingazviiti nokuda kwokukarira fuma yakaipa.” Vatariri apa vanorairwa kuti vatarise pamusoro pechinangwa chezvokwadi nemweya unoda. Mazita ekuti “bhishopu” uye “mufudzi” anoratidza kuti vatariri vanofanirwa kufudza kereke. Vanofanirwa kuona mafambisirwo ehurongwa vekereke. Vatariri vemabasa. Kufudza “kuona nepamusoro” kana kucherechedza pamusoro pezvinodikanwa zvemweya mukereke. Mweya Mutsvene unoumba vatariri “vanofudza pamusoro” pekereke (Mabasa 20:28). Mukufudza uku hakufanirwe kunge kuchiitwa mukumanikidza, asi nomoyo unoda. Ndokuti vatariri vanofanirwa kusarudza kuda vafudzi, pane kuti vamanikidzwe kuita kuda kwavo. Uye kufudza kwavo kunova mhando inova isinga manikid-

zi kana kumbunyikidzwa, zvinotevera asi kuvatungamira mukutevera zvisina kumbunyikidzwa. Kuita kwevatariri hakufanirwe kuri kuita kwekuda mari kana kwekuda mbiri, asi kuzvigadzirira kwepfungwa kuti mukuteerera Mwari. Mufudzi veboka rimwe nerimwe ane basa rinorema kuita. Asi mufudzi vesangano ane basa rinoremesa kuriita. Mukuru anobata zvose basa rwemafambisiro akanaka ebasa reboka. Vanofanirwa kuita basa ravo nounyoro nemweya vakanaka mumufungo mitsvene. Uku ndiku kutarisa mafambiro ekereke.

5. *Kutungamira kwakanaka*. Rinova basa revatariri kutungamira sangano zvakanaka (I Timoti 5:17). Ndimu iyi inoenderera mberi mukutsanangura avo vanotungamira: “Vakuru vanobata kereke zvakanaka ngavanzi vanofanirwa nokukudzwa kaviri, zvikuru avo vanobata pashoko napakudzidzisa.” Mukutaura zvikodzerwa zvevatariri Bhaibheri rinoti, “Kana munhu asingazivi kubata imba yake, ungachengeta seiko kereke yaMwari,” (I Timoti 3:5). Zvinotaridzika kuti, mukutungamira sangano zvinoreva kushandira nekudzidzisa nekutarira mhuri yake. Kutungamiri hazvireve kuti kuzvita ishe pakereke (I Petro 5:3). Zvinoreva kuva unotungamira mubasa rezvingatarisirwa pakereke nekutungamira mabasa emweya enhengo. Vamwe varume vanokanganisa pfungwa yekutongwa. Vanofunga kuti mutungamiri anoita samambo anoisa varanda pasi pavo. Izvi handizvo zvinofanirwa kuvapo kuvatariri vanotungamira kereke. Bhaibheri rinotaura kuti vanofanirwa kutonga zvichireva kuti havafanirwe kusaita hanya pamusoro pebhisimusi rekereke. Vanofanirwa kuva nekutarisa kwete kusiya hukoshwa vebasa ravanotungamira. Vane zvizhinji zvakakosha mubasaravo zvinoda kuitwa. Avo vanenge vakwanisa kuzadzisa kuita uku vanopihwa “ruremekedzo rwakapetwa” nekuti ibasa rinorema (I Timoti 5:17). Vatariri vanorairwa kutonga zvakanaka mumuitiro uyu mukereke yaMwari.

6. *Vanotaririra pamusoro pemweya*. Vatariri vanofanirwa kuvamberi nekuzvipira “tererai vatungamiriri venyu, muzviise pasi pavo; nokuti vanorinda mweya venyu, savanhu vanozobvunzwa pamusoro penyu, kuti vaite izvozvo nomufaro, vasingazviiti neshungu; nokuti izvozvo hazvikubatsiriyi chinhu,” (VaHeberu 13:17). Murairo mukurusa vakanyanya kusimbiswa pane yese ndevekusi vatariri vanofanirwa kutarisa nekuzopupurira pamusoro pemweya yavanhu. Vakafanana nevatariri vari murusvingo rweIsraeri, avo vanozotakura ropa revanhu mumaoka avo kana vachinge vasina kutarisa muvengi (Ezekeri 3:17-21). Zvinova zvinhu zvinovhundusa zvikuru sei kuva chapupu chemutongo vemweya vemunhu vavakaitwa mutariri pamusoro pavo? Kwete vatariri bedzi vaitarira, asi kuti vanopa zvakare zvikodzereswa zvekurasi-

ka kwemweya vevanhu vavakaitwa vatariri. Mhando iyi yekutarira inotoda hushingi usina shanduko (I Petro 5:8). Inotoda kucherechedzwa nguva nenguva kunyangwe mukuchema (Mabasa 20:31). Mutariri anotarisirwa kutarisira pamusoro pemweya nekupa chipupuro kuna Mwari.

MIBVUNZO

1. Ipa ndima mbiri pamusoro pemiedzaniso yevatariri_____ .
2. Mutariri anopa zvokodya kuboka kubudikidza neboka_____.
- 3 . Ipa mhando mbiri dzechikafu dzinodikanwa nenhengo_____.
4. Kufudza nekupa chikafu kuboka zvimwechete nekufudza boka here?_____
5. Vatariri vanotungamira here semaitiro ekutungamira kwenyika?

6. Ndeapi mazwi maviri anoumba inzwi rekuti “mufudzi”?_____
7. Mutariri anofanira kitungamira kereke seanotonga_____.
8. Ipa zvinyorwa zvina pamusoro peku”tarira”_____.
9. Inzvimbo ipi inenge ine mufudzi paanenge achifudza boka? _____.
10. Ipa imwe inzwi rinoreva “mufudzi”_____.

CHIDZIDZO 30 **ZVIRATIDZO ZVENJODZI MUHUROGWA** **HWEKEREKE**

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Kuva nechero hutungamiri pamusoro pemakereke.
2. Kuva nechero hurongwa pakati pemakereke.
3. Vatumamiri vekunze mukereke.
4. Chero shanduko kubva mumakereke akasvimirira.

HURUKURO

1. *Kuva nechero hutungamiri pamusoro pemakereke.* Pane chiratidzo kana zviratidzo zvinotaurwa kana hutungamiri vechechi vapindwa nouipi. Izvi tinokwanisa kuzvidana kuti zviratidzo zvenjodzi, uye zvinoratidza kuti hurongwa hwaMwari unenge vashandurwa. Chimwe chiratidzo chenjodzi kungoitwa kwehumwe hurongwa pamusoro pemakereke. Mhando dzeurongwa uyu dzinokwanisa kuonekwa mumasekete mazhinji. Kunenge kune hutungamiri unobatanidza masangano vakakura pamasimba kudarika utungamiri vemasangano remunharaunda. Ndivo masimba makuru ane vatungamiri vemak-

ereke mazhinji. Boka iri rinoronga zvekuita kumasangano. Rinovatsvakira muparidzi vavo, nekuvaudza mabasa ekuita, nekuda mitero kwavari. Kereke dzaKritsu dzinonzwisisa kuti Bhaibheri harina kubvira ratendera masangano zvinhu zvakadaro. Asi shanduko dzakadai musangano kazhinji dzinopin-da pakati pevanhu vaMwari. Sokuti, nhengo zhinji dzinoda kuti chikoro chinodzidzidzisa Bhaibheri chive nebasa rekuvaitira hurongwa pakatipavo. Vanoda kuti hama dzechichena dzisarudze nekubhadhara vaparidzii vavo kana kereke yakasangana nedambudziko, vanoda kuti hama dzekuAmerika dzivaudze zvekuita. Asi zvikoro zvinodzidzisa Bhaibheri hazvina masimba pamusoro pemasangano. Mamishinari echichena haape masangano zvekuita. Vanofanirwa kunge vasingapindire mukutungamira masangano. Hakuna masimba ekunze kana hurongwa pamusoro pemakereke. Kana rimwe sangano rinopa masimba pamusoro perimwe sangano ndoimwe chenjedzo yechiratidzo chenjodzi kana neuyipi.

2. *Kuva nechero hurongwa pakati pemakereke.* Kuva nechero hutungamiri pakati pemakereke. Nokuda kwekuti nhengo zhinji dzakabuda mumasekete, vanokwanisa kuda kuita hurongwa vavainge vadyaira kwavaipinda. Mukuita kudaro vanoshandisa muitiro vekunze vanenge vachiita “makungano evhangeri” mukubatanidza makereke pamwechete. Vanotumira vamiriri kana komiti kubva kusangano roga roga vosangana voita musangano veruzhinji. Vano-sarudza vatungamiri, vakaita sasachigaro, munyori, kana mubati vehomwe. Vanotanga kutsvaka mari kumasangano ose vobva vaita mubati vehomwe. Vanozvidana sokuti “Musangano veNgwa” vachiratidza mapoka akaiswa mumatunhu semasangano emasekete nematunhu. Hazvinakunyanyosiya-na pakati pemasangano aya nemasekete anoita nokutungamira matunhu. Kunyangwe hazvo misangano yemubatanidzwa ichiita mabasa akanaka, zvi-mwechete nemapoka emasekete. Izvi hazvingavaite vatevedzeri vezvinyorwa. Hakuna chinhu chinonzi musangano vemubatanidzwa vakarongeka muBhaibheri. Vanenge vachitopinda mutsika dzemasekete zvishoma nezvishoma. Vatendi vazhinji vakabuda mumasekete asi masekete haana kubuda mavari. Kunyangwe shanduko inokwanisa kuvapo diki pakutanga asi, imhando dzinokwanisa kutungamira mukurasika. Misangano yemubatanidzwa inokwanisa kutsiviwa nezvidzidzo zvinoitwa mumakereke akazvimirira. Nokudaro, pfungwa dzose dzakanaka dzemisangano yavaimboita dzinokwanisa kumbo-chengetwa, apo kuitwa kunenjodzi nekutadzira Mwari kwakafanirwa kurambwa. Hama dzinokwanisa kuramba dzinokwanisa kuramba dzichifambidzana nekudzidzisa nekuramba tichisimbisa kereke munoitwa misangano. Asi vachisiyana nezvinechekuita nehutungamiri, vabati vehomwe nekuisa ma-

sangano mumapoka mumatunhu. Havafanirwe kuita misangano yekugadzira zvingaitwa mumakereke. Havana bvumo yekupa yekupima mitero. Zvose zvakanaka zvinofanira kusara zvose zvakashata torasa. Bhaibheri rinotirayira kuti tiedze zvinhu zvose, nekubatira kune izvo zvakanaka, nekusiya zvose zvakaipa (I VaTesaronika 5:21,22). Kana misangano yemubatanidzwa yakaratidzwa kana kunyatsoongororwa, inofanirwa kurambwa kuitira kuti kupa kusapinda pakati pedu. Asi chakanaka chinofanirwa kuitwa muzvidzidzo zvinoitwa pasangano uye inofanirwa kuitwa zvakanaka neavo vanenge vachiiita. Chero hurongwa hungaitwa pakati pemakereke, zvakaita sekuronga misangano vevhangeri ichenjedzo uye chimwe chiratidzo chekuva vatadzi kubudikidza nekubuda mushoko raMwari.

3. *Vatungamiri vekunze mukereke.* Imwe njodzi muhurongwa hwemakereke kuva nevatungamiri vekunze mukati memakereke. Vatungamiri ava vanokwanisa kuva mhando yevanhu vanenge vachironga hurongwa pamasanganano emamwe makereke sezvataona (pamusoro). Kana kuti vanokwanisa kuva vatungamiri kana dzimwe hama kubva kune rimwe sangano. Kana kereke hombe yakasimba iri pedyo nekereke duku, ihombe inozama kuda kutonga iduku. Sangano hombe rinogona kufunga kuti vatungamiri varo vatungamiri vemasanganano maduku akaripoteredza. Ichi hachingave chokwadi. I Petro 5:2 inoraira vatariri kuti: “fudzai boka iro riri pakati penyuu.” Vatariri vepakereke vanofanirwa kuona nezvemabasa kwete emamwe masanganano kunze kwerimwechete “rinenge riri pakati pavo.” Mabasa 20:28 inodzidzisa kuti vatariri vazvichenjerere nokuda kweboka ravakaitwa vafudzi neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene vakavaita vafudzi pamsoro pesanganano repaEfeso (Mabasa 20:17). Izvi hazvirevi kuti vatariri havafanirwe kuva nemuono kunemamwe makereke kana kutadza kuvabatsira nekubatana navo. Vanokwanisa kuita sehama vari mumuviri mumwechete vaKritsu pamwe chete navo, (VaEfeso 4:16). Asi vatariri ava vanobatsira bedzi kana kusimbisana sehama, kwete sevatumgamiri pamsoro pemamwe makereke. Hutungamiri hwavo uripo bedzi mumasanganano avo, uye sangano roga roga nekereke yoga yoga inozviitira mabasa ayo. Kuva nehutungamiri kunyangwe vemhando yakadii kunouya kubva kunze chiratidzo chechenjedzo nekuitwa kweuori muhurogwa vaMwari vehutungamiri pakereke.

4. *Chero shanduko kubva mumakereke akasvimirira.* Hurongwa vaMwari ndehwekuzvimirira kwesanganano kana “kuzvitungamirira” kwemakereke. Kereke imwe neimwe yakazvimirira pasi paKritsu. Ine hurongwa husina mamwe makereke pamsoro payo. Haisi pasi pehutungamiri vemamwe makereke. Kereke imwe neimwe inozvigadzirira hurongwa hwayo, inozviitira mabasa

ayo, inoronga mabatiro ayo, inozvisarudzira hutungamiri hwayo, inozviunganidzira mari dzayo, inozviitira mukunamata kwayo, nekuzvirangira pakatipavo hama dzinenge dzichitsauka. Uyu ndivo hurongwa vaMwari. Iyi ndiyo nzira inorehwa neBhaibheri. Kumwe kuitwa kwose kungaitwa kana masimba anenge achipikisa masimba aMwari nekuodza chinangwa chaMwari. Ngatiitei zvinhu zvaMwari nenzira yaMwari kubudikidza nekuita zvinhu zvemubhaibheri munzira dzemuBhaibheri. Nziya yaMwari nehurongwa vaMwari zvakakosha.

MIBVUNZO

1. Chiratidzo chehuori chinokwanisa kudanwa kuti_____.
2. Ndeupihurongwa unodikanwanemakerekemazhinjipakatipavo_____.
3. Hamadzechichenadzinemasimbapamusoropemasanganohere?_____
4. Kubuda_____ nhengo zhinji kuda hurongwa husiwo.
5. Ipa zvakaipa zvitatu zvemisangano yemubatanidzwa yeevhangeri_____.
6. Kudzidziswa Kwezvinyorwa kunotsiva sei misangano yemibatanidzwa?_____
7. Mutungamiri veimwe kereke anokwanisa here kutungamira imwe kereke?

8. Vatariri vanofudza boka iro_____.
9. Masangano mangani Mweya Mutsvene vakaita vatariri kuti vafudze pamusoro pavo?_____
10. Ipa mazwi maviri anotsanangura kereke dzirimaringe neZvinyorwa_____.

CHIDZIDZO 31
KO HUORI VAKATANGA KUPINDA SEI
MUHUTUNGAMIRI HWEKEREKE?

SANGANNO

1. Sangano roga roga rinemasimba ekuzviitira hurongwa hwaro pamusoro pemakereke:

BASA	REMASIMBA	MAKURU
I	I	I
kereke	kereke	kereke

2. kuronga kwose pakati pemasangano (kunyangwe mukuita zvakanaka) zvekuti kunyangwe vatungamiri, vabati vehomwe nemaboka anoumbwa mumpoka:

kereke	kereke	kereke
I	I	I

nhumwe__vatungamiri__vabati vehomwe__matunhu__zvkwata

3. Kereke kana humwe hwehutungamiri vayo kana nhengo dzikatanga kuva nesimba pamusoro peimwe kereke:

VATUNGAMIRI

Kereke Yakasimba	
I	I
Kereke Isinesimba	Kereke Inesimba

4. Shanduko kubva pahurongwa vaMwari kureke imwe neimwe mukuita sarudzo dzayo, kuitisa mabasa ayo, nekuita hurongwa hwayo:

kereke	kereke	kereke
I	I	I
Sarudzo	Hurongwa	Basa

CHIDZIDZO 31

HUTUNGAMIRI HWEKEREKE HWAKATANGA SEI KUITA HUORI?

PFUPISO YEZVEMUKATI

1. Bhaibheri rakafanotaura pamusoro pekutsauka.
2. Zvidzidzo kubva munhorondo yekereke.
3. Zvituko pamusoro pevafudzi vasina kutendeka.

HURUKURU

1. Bhaibheri rakafanotaura pamusoro pekutsauka. Chidzidzo chedu chekutanga chaitaura kuti chikonzero chimwe chakakoshera kudzidza pamusoro pehurongwa hwekereke kuda kwekutsauka kwekutanga kwakatangira muhutungamiri. Chidzidzo chatiinacho zvino chicharatidza kuti huori uyu vakauya sei. Chekutanga, tinoona Bhaibheri richifanotaura kuti kutsauka pakutenda kuchauya. Muapotsora Pauro anopa yambiro kuvatariri vepaE-feso kuti kuchauya mapere anoda kuparadza boka. Ava vaireva vadzidzisi venhema, vaizitora vatendi kuenda navo (Mabasa 20:29,30). Ichi chinova chiporofita chekuti kereke yaizopinza huori nevadzidzisi venhema. Zvakakosha kuti Pauro akati “Vuye, napakati penyuru pamene” vadzidzisi venhema vachamuka. Zvinoreva izvo kuti kutsauka kwachazotangira mumakereke uye pakati pevatariri nevabati. I Timoti 4:1-4, ndeimwe chenjedzo inopihwa kuti vanhu vachatsauka pakutenda. Zvakare vadzidzisi venhema vanotaurwa senzira ichaunza kutsauka. Muna I Vakorinte 1:10-13, tinoona kuti kupesana kwainge kwatotanga kare paKorinte. Kupesana uku kwakatanga nevatariri vange vachitevera vatungamiri vavo pachinzvimbo chekutevera Kritsu. Imwe chenjedzo iri muna II VaTesaronika 2:3,4, inotaura kuti kutsauka kwaizovepo uye “munhu vechivi” acharatidzwa. Ndeuyo achagara mutembere achiiita saMwari, achizviratidza kuti ndiMwari. Kupesana uku kuchakonzerwa nevutungamiri. Vasina huMwari, vamwe vanenge varimo mukereke vamwe vanenge vasimo. Asi hutungamiri hwekereke ukaramba vakasimba, kereke haitsauke pakutenda. Asi kana vatariri nevabati nevadzidzisi vakatsauka paShoko raMwari masangano azere nehuori anosvika pakuvepo. Bhaibheri rakafanotaura kuti kutsauka uku kunosanganisira hutungamiri. Tinoona zvinotyisa zvinozobuda mukupesana nedzidziso dzenhema dzanhasi.

2. *Chidzidzo kubva munhorondo yekereke.* Bhaibheri rinovharisa nemufananidzo vemakereke manomwe emuAsia, Zvakazarurwa 1, 2, 3. Makereke mazhinji akasvika pakutsauka sekutsauka sezvainge zvakataurwa nemaporofita eku-

tanga akafanotaura. Asi patinoenderera mberi mukudzidza pamusoro pemakereke kunyangwe mushure mekupedzwa kunyorwa kweBhaibheri, tinoo-na kuenderera mberi kwechenjedzo yekutsauka pakutenda. Bhaibheri rinoti Dhiabhorosi anon’oresa kereke kubudikidza nekubvisa Makritsu “kuchema kwemoyo kuri muna Kritsu”, (I VaKorinte 11:3). Izvi zvinoitika pachokwadi muhurongwa hwekereke yaIshe. Vanhu havagutsikane nehurongwa hwaMwari hurinyore. Nokuda kwavo mari nemukurumbira, vanosvika pakuedzera nekushandura Bhaibheri mamiriro aro. Zvinotevera hurongwa hwezvidzidzo zvatinodzidza munhorondo yekereke apo tinenge tichicherechedza huori muhurongwa hwekereke: (1) Pakati pevatsauki vekuysmha pane vatsauki vakatsauka muhurongwa hwekereke. Sezvo vatungamiri vakasiya nzira dzaMwari, kukanganiswa kuzhinji kwakaunzwa mukereke. (2) Chinangwa chevazhinji vakabuda chaive chakanaka. Vaisada kutsauka pakutenda. Vaitofunga kuti kushanduka kwavo muhurongwa hweutungamiri vaive nani. Asi vakazochinjanisa muitiro vaMwari kuita muitiro vomunhu. (3) Kutanga kwekutsauka kwainge kuri kushoma kwazvo. Ichi chinova chokwadi. Vanhu vakatanga “kukukurwa” zvishoma kubva pahuronhwa hwaMwari asi nanhasi vachiri kungo kungotsauka. (4) Pakangotanga kutsauka, vamwe vakatanga kutevera. Zvaiita sekunge paive nekagedhe kaduku kainge kazaru-rwa, kakakonzeresa kuti vanhu vazhinji vamhanyire kwakari. (5) Mukuzama kururamisa kutsauka kwekare, makakatanwa akaitwa kubva kuvatsauki veku-tanga. Vanhu vaitaura kuti nokuda kwekuti vamwe vainge vaita chinhu ichi, kana ivo vaikwanisa kuita kunyakwe kudarika. (6) hakuna shanduro yakakura kana inotyisa yakaitwa nokuchimbidza, asi shanduko duku dzakaitika kakat-edzana. Vanhu vanokwanisa kuona huori wakakura uchiitika kamwechete. Asi kushanduka udu hakucherechedzwe, hakuonekwe kwechinguva chaka-toti rebei. Varume havagutsikane kuti vave nemasimba akafanana sevatariri. Vanochimbidza kusarudza “vatariri vemumaguta,” mukufamba kwenguva vosarudza “vakuru kuru vevatariri.” (8) Varume havagutsikane nekuva vane-hutongi mukereke imwechete bedzi. Vanomhanyira kubatanidza masanga-no pamwechete ari pasi pehutungamiri vemutariri. (9) Makereke akasimba anoda kuva vatariri vemakereke asinasimba neachangotanga. (10). Vanhu vakadzidza vanoda kupa sarudzo kuvanhu vanenge vasina kunyatso dzidza mumakereke. (11) Vatungamiri vanoda mukurumbira kubva kunhengo dze-sangano, saka vanotanga kuzvita “mapirisita” uye “nevakuru vemapirisita.” (12) Magwaro anoonekwa seakaoma, ndokunyorwa katikizimo kuti kadzid-zise Magwaro. Katikizimo aka munguva diki kakabva kanzi kanemasimba akafanana neBhaibheri. (13) Musangano vatariri vaishandiswa kukuruku-

ra zvinoyendwa nenhengo dzesangano. Hurukuro dzavo nepfungwa dzavo ndizvo zvaindoitwa zvisungo pamusoro pemakereke. (14) Hutungamiri vekereke vakasvika pakubatanidzwa neutungamiri venyika. Kereke yakasvika pakusiya nzvimbo yayo yomweya ikatanga kuita simba rezvematongerwo enyika. Mushure maizvozvo, huori huzhinji vemunyika vakatanga kuvedzerwa mukereke. Idzi ndidzo dzimwe dzenzira dzakashandiswa nasatani mukuipisa urongwa vekereke. Tinoona mauri Bhaibheri richifanotaura maringe nekutsauka pakutenda kwaizouya sekuzadziswa kwazvakaitwa. Tinokwanisa kuramba tichiona kuipiswa kurikuramba kuchitwa mukutsauka uku kana tikacherechedza mukuita kwemasekete nhasi uno.

3. *Kutukwa pamusoro pevafudzi vasina kutendeka.* Kana chidzidzo chatirikuen-derera nacho mberi chichikosheswa kwatiri, vatungamiri vanhasi vanofanirwa kutora chenjedzo. Havaifanirwa kuita chikanganiso chimwechete chakaitwa nevatungamiri ava vekutanga. Terera unzwe kuTestamente Yekare zvituko zvakapiwa pamusoro pevafudzi vainge vasina kutendeka kuvanhu panguva yavo. Matambudziko akakura sei achavanikwa nevafudzi vasina kutendeka nhasi, “Vane nhamo vafudzi vanoparadza nokuparadzira makwai amafuro angu! Ndizvo zvinotaura Jehovha. Naizvozvo zvanzi naJhovha, Mwari waIsiraeri, pamusoro pavafudzi vanofudza vanhu vangu, Makaparadzira makwai angu, mukaadzinga, mukasaatarira; tarirai, ndichakurovai nokuda kwezvakaipa zvamabasa enyu ndizvo zvinotaura Jehovha” (Jeremia 23:1,2). Vatungamiri vakasimba vanokwanisa kusimbisa kereke kubva munekumwe kurasika. Vatungamiri vakaneta kana kupora havakwanise. Mwari aisa basa rakaomarara pamusoro peavo vanotungamira vanhu vake. Asi akapa kubwinya kwemaropafadzo kunevatariri vakavimbika. I Petro 5:4 anovimbisa kune avo vanofudza boka zvakarurama: “Kana Mufudzi mukuru achizovonekwa, muchawana korona yokubwinya isingasvavi.” Kubwinya kwemubairo uyo uchavaniswa vatariri neVafudzi vemweya yedu, (I Petro 2:25). Uchava mubairo vekukudzwa usingaperi.

MIBVUNZO

1. Nyora zvinyorwa zvinofanotsanangura kana kutaura pamusoro pekutsauka pakutenda_____.
2. Kana ku_____ kutsauka, kereke ichatsauka.
3. Satani anobvisa munhu kubva ku_____ muna Kritsu.
4. Hutungamiri vekereke mukutsauka kwavo uripo pakati pekutsauka, k-
wa_____
5. Kutanga kwekutsauka kwaive_____.

6. _____ vevanhu vakarurama.
7. Manzwi ekuti “mupirisita” ne”mukuru vemapirisita” aovanikwa muBhaibheri here? _____
8. Vatungamiri ve _____ vakasviko pakusanganisa hutungamiri ve _____.
9. Ndeipi ndima yemuBhaibheri yakatuka vafundisi vainge vasina kutende-ka? _____
10. Ndeipi ndima yakavimbisa kubwinya kuvatariri vakatende-ka? _____

CHIDZIDZO 32

TINOITA SEI MISANGANO YEBHISIMUSI

HURUKURO

Chidzidzo chatiinacho ichi chinopedzisa chidzidzo chedu chekutungamirwa kweMasangano aKritsu maererano neZviyorwa. Asi tisati tavhara, mamwe mafungiro angaitwa misangano yebhisimusi anobatika anopiwa. Misangano yakadai inokwaniswa kuitwa munzira zhinji dzakanaka. Pfungwa iyi musimboti unofanirwa kurangarirwa munekuitwa kwose kungazoitwa. (1) Zvinhu zvose ngazviitwe zvakanaka zvirimugwara, (I Vakorinte 14:40). Izvi zvinoda kuronga kwakanaka. Kugadzirirwa kunofanirwa kuitwa zuva remusangano risati rasvika Ndimu iyi zvakare inoda kurongeka nemabatiro akanaka. Munhu mumwechete ndiye anofanirwa kutaura panguva imwechete. Kupfava nerukudzo zvinofanirwa kuitwa. (2) Mumwe nomumwe anofanira kuremekedza umwe vake, mumwe nemumwe achiona umwe arinani kudarika iye (VaFiripo 2:3). Izvi zvinodzivirira bopoto, humbimbindoga, nekukakavara. Munhu mumwe nemumwe anenge achida kupa pfungwa yake kana kusarudza kuva anoudza mushandirapamwe. (3) Ngapasave nemunhu anoda kuzvitsvakira mukurumbira (III Johane 9). Hapana munhu anofanirwa kuzvitsvakira kuonekwa kana kunzi akakosha kudarika vamwe. Bvisai kuzvikudza kwese, udyire, uye regai kufarira zvisina maturo. Vose vanofanira kuzvipfekedza kuzvininipisa, sezvo Mwari haadyidzana nevanozvikudza asi anopa nyasha kune vanozvininipisa (I Petro 5:5). (4) Munhu mumwe neumwe ngaade kushandira vamwe nekushandira kereke. Jesu akataura kuti mukuru panevose mumeso ake muranda vevose (Mateo 20:27). Anotiratidza izvi kwatiri kubudikidza nekugeza tsoka dzevatevateveri vake (Johane 3:12-15). Munhu vose anofanirwa kupinda mumusangano vebhisimusi aine pfungwa yekuda mushandi. Mumwe nemumwe anofanira kutarisira kuita chero basa rinova rinobatsira

kereke. (5) Vhurai nekuvhara musangano vose neminyengetero. Munguva yakakosha kudai yesarudzo, kupindira kwaMwari nehuvepo hwake hunodikanwa. Akavimbisa huchenjeri kune avo vanoukumbira kwaari, (Jakobho 1:5). Minamoto haifanirwe kuva isina chirevo kana kuva inodzokororwa. Inofanirwa kuva inopisa, inesimba uye ichishanda kufadza Mwari mukukumbira (Jakobho 5:16). (6) Vatariri vose kana varume vose (kana pasina vatariri) utori mukana vake vekumboitavo sasachigaro. Izvi zvinoita kuti munhu umwechete asafunge kuti ndiye oga anokwanisa kuva sachigaro. Zvakare zvinopa munhu ruzivo runodikanwa mukutungamira hurukuro. Uye inodzokororwa kuka-kavara neshanje. Uye ruzivo rwakanaka ndokudzidza kwevarume kushandisa hushingi nemoyo murefu mukutungamira musangano. Basa iri harizi nyore, zviokwazvo, sachigaro haana masimba akavanda mukupa sarudzo dzake kudarika vamwe. Basa rake nderekupa hurongwa hunegwara kumusangano. (7) panofanirwa kuva paine munhu anenge achinyora pasi zvinenge zvichikurururwa mumusangano. Basa iri rinofanirwa kupota richiitwa mukuchinjana zvakare. Munhu uyu anenge asina masimba akavanda kana kukosha kudarika vamwe. Anongova munyori anonyora izvo musangano unenge vamuudza kuti anyore. Haasi mutungamiri zvakare haana hofisi. Mukupera kwemusangano zvaanenge achinyora pasi zvinofanirwa kuverengwa nekubvumiranwa nevanhu vose. Zvakare mukutanga kweumwe musangano unozoitwa zvinofanirwa kuverengwa zvakare. Zvinyorwa zvose zvinofanirwa kuchengetedzwa zvakanaka mukuitira mangwana paine angabvunza pfungwa kana hurongwa. Pfungwa dzemusangano umwe neumwe ngadzisanyorwa dzakarebesa kana dzichibhohwa kuverenga kana kunzwa. Ngapave nehurongwa vakanaka vemusangano, uye musatendera kutaura “zvinhu zvisinabasa.” Kuita nguva refu mumusangano pasina chinemusoro chinenge chichitaurwa zvinouraya kuitwa kwemisangano mukufamba kwenguva. (9) Inzwi remunhu vose ngarinzwikwe muhurukuro. Musatendere munhu mumwechete kana vashoma kuti avanikwe varivo vanongotaura nguva dzose. Mumwe nemumwe ngaavaniswe mukana vekupa pfungwa dzake. (10) Musangano unofanirwa kuunza hurongwa hwemangwana panekuti ungorambe uchikurururwa matambudziko kana nyaya dzekare. Kureva kuti dzinofanirwa kukurudzira kwete kudzikisira. Misangano yebhisimusi inofanira kugadzira kushingaira nehushingi. Unoita sokudaro kana uchinge vaitwa nemazvo. Chinangwa chavo unofanirwa uri vekusimbisa kuti nhengo imwe neimwe “kuti irambe yakasimbira mubasa raIshe nguva dzose” (I Vakorinte 15:58). (11) Hapana kuvhoterwa kunofanirwa kuitwa. Asi kuti, hurukuro yakazara inofanirwa kuramba ichiitwa kusvikira vose vabuda “nekufunga kumwe uye nemu-

tongo umwe”, (I Vakorinte 1:10). Kana hurukuru yakalwana isina kubuda, zvakanaka kusiya dzimwe nyaya dzozoitwa mumusangano unozotevera kuri kuitira kupa mukana kuhama kuti dzibude nechingu chimwe (Mabas 4:32). Kuvirirana kunogona kuitwa kana hama dzikava “nepfungwa imwechete”, vaine rudo rumwe, vaine kutaura kumwe, nekufunga kumwe, (VaFiripo 2:2). Kukakavara pakati pehama kunoita kuti vavengi vaseke, (Mapisarema 80:6). Nokuti Makritsu ihama vanokwanisa kukunda vapikisi nekusava nekunetsana, (Genesisi 13:8). Vanofanira kufamba pamwechete mukuvirirana, (Amosi 3:3). Imba inozvipesanisa haingamiri (Mateo 12:25). Mwari anovenga munhu anosima kupesana pakati pehama (Zvirevo 6:16,19). Pakati pevanhu vose maKritsu ihama, dzinorangarirana semuviri mumwechete vaKritsu, tinogona uye tinofanirwa kushanda pamwe (I Vakorinte 12:12,25). (12) Zamai kupa nhengo imwe neimwe chaingaita mubasa raIshe. Kunyangwe basa racho takava rudoku, rakakosha mukushandira Mweya vako muKritsu. (13) Chinangwa chikuru musangano usati varongwa kana kutangwa chinofanirwa chiri chekuvaka imba yeMweya vaMwari, inova kereke. Makritsu haafanirwe kunge achifadzwa kana kugutsikana neimba yenyama (chivakwa kana mudhuri vekereke) kana zvinhu zvenyama. Sarudzo yose uye chinhu chese chingaitwa chinofanirwa chichinongedzera mukuvakwa kwekereke yepaMweya. Hurongwa hwemasekete hunovaka imba hombe yenyama, asi hurongwa hwaMwari unovaka imba yemweya. Asi zvino imba yenyama inovakwa panzvimbo yavo. (14) Chinangwa chemusangano yose noitwa chinofanirwa chiri chekuronga basa uye kushanda hurongwa hwebasa. Kereke inotadza kuronga inoronga mukutadza.

MHEDZISO

Izvi zvinozvika pakupedzisa hurukuro ino pamufaroro pehurongwa vekereke. Zvizhinji, zvinokwanisa kudzidziswa. Bhaibheri rakazara uye rakakwana mune hurongwa hwose hwaMwari pamusoro pekereke yake. Chivimbo changu kuti chidzidzo ichi chasimbisa muverengi vose kuti anzwe kuda kuramba achienderera mberi nekudzidza zvidzidzo zvose zvemuBhaibheri pamusoro pechidzidzo ichi. Zvakare, ndovimba kuti nekuda kwechidzidzo ichi zvatora mumwe neumwe kunzwa nechidokwa dokwa chekuda kudzoreredza kunamata kweTestamente Itsva. Izvi zvinoitika bedzi kana hurongwa vese vaKritsu vateedzerwa uye kana tikatora Kritsu saIshe munezviitiko zvose. Kereke yaIshe haingadzoreredzwe kana hurongwa hwayo vemuzvinyorwa usina kutanga vadzoserwa. Asi kana hitungamiri veTestamente Itsva vakabudiswa nhasi unokwanisa kutiendesha mberi mukubudisira kereke yezvokwadi muzu-

va ranhasi. Kereke iyi yakaita sechivakwa chakavakwa zvakanaka, maringe nehurongwa hwakanaka, kana muhurongwa hwakanyorwa pasi zvakanaka. Jesu akavaka kereke yake sekuvambisa kwainge akaita (Mateo 16:18). Asi vadzidzisi vanhema vakaputsa kereke iyi munzvimbo zhinji (Mabasa 20:28-30). Zvino nhasi isu tirikufanirwa kutora hurongawa uyu (veTestamente Itsva) uye nekutevera chidimbu chimwe nechimwe nekudzoreredza chivakwa chimwectete chemweye. Kudzoreredza hurongwa hwaMwari hwekereke inehurongwa vakarurama chinhu chakakoshamukudzoreredza chivakwa chemweya. Kana hurongwa veBhaibheri ukateedzerwa, Mwari ndiye munyori nemuvaki. Asi kana nzira dzavanhu dzikavedzerwa, makereke evanhu anovapo. Bhaibheri rakachenjedza mukuraira: “Kana Jehovha asingavaki imba, Vavaki vayo vanobata pasina” (Mapisarema. 127:1). Asi isu seMakritsu, sematombo mapenyu, ngativake imba yomweya, kuti tikwanise kupa zvibairo zvomweya, zvinotenderwa naMwari kubudikidza naJesu Kritsu (I Petro 2:5).